

**BASA KIAS ING CAKEPAN TEMBANG CAMPURSARI
ANGGITANIPUN MANTHOUS**

SKRIPSI

Kaaturaken dhumateng Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah
Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Jejangkeping Pandadaran Anggayuh
Gelar Sarjana Pendidikan



Dening :

Heny Kusuma Indarwati

NIM. 10205241002

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
APRIL 2014**

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan “*Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous*” punika sampun dipunsarujuki dening dosen pembimbing kangge dipunuji.



Yogyakarta, 02 April 2014

Pembimbing




Drs. Hardiyanto, M.Hum

NIP 19561130 198411 1 001

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Basa Kias ing Cakepan Tembang Anggitanipun Manthous* menika sampun dipunandharaken wonten ing pendadaran ing sangajengipun Dewan Penguji ing surya kaping 11 April 2014 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI


Nama	Jabatan	Tapak asma	Tanggal
Dr. Suwardi, M.Hum.	Ketua Penguji		17 April 2014
Avi Meilawati, M.A.	Sekretaris Penguji		14 April 2014
Drs. Afendy Widayat, M.Phil.	Penguji I		14 April 2014
Drs. Hardiyanto, M.Hum	Penguji II		14 April 2014

Yogyakarta, April 2014

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.

NIP. 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap punika, kula:


Nama : **Heny Kusuma Indarwati**
NIM : 10205241002
Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa
Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharaken bilih *karya ilmiah* punika asil panaliten kula piyambak. Samangertos kula, karya ilmiah punika boten ngandhut materi ingkang kaserat dening panaliti sanes, kejawi perangan tartamtu ingkang kula pendhet dados sarana kangge dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyeratan *karya ilmiah* ingkang limrah.

Seratan wonten ing wedharan punika kaserat kanthi saestu. Menawi kasunyatanipun kabukti bilih wedharan punika boten leres, bab punika dados tanggel jawab kula pribadi.

Yogyakarta, 21 April 2014

Panyerat,



Heny Kusuma Indarwati

SESANTI

*Uripira pinter samubarang kardi, saking ibu rama, ing batin saking Hyang Widhi,
mulane wajib sinembah
(Serat Wulangreh)*

*Mula wong urip iku, den padha akarep marang ngelmu, ala lan becik ngelmu iku
den kawruhi, karana atunggal wujud, mung kacek emel lan batos
(Serat Cipta Waskitha)*

*Ikhlas iku sumbere saka sabar lan syukur marang Gusthi
(Panyerat)*

PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur wonten ing ngarsanipun Gusti Allah ingkang Maha Welas saha Asih, panaliten punika panyerat damel minangka pisungsung dhumateng Bapak saha Ibu kula ingkang tansah paring pandonga, panjurung, panyengkuyung, pambiyantu sarta katresnan ingkang boten winates kangge damel panaliten punika wiwit purwa dumugi wasana.

PRAWACANA

Puji syukur konjuk dhumateng ngarsanipun Gusti Allah ingkang Maha Agung, ingkang sampun paring kasarasan, satemah panyerat saged mujudaken skripsi kanthi irah-irahan “Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous” kanthi lancar boten wonten pepalang satunggal menapa. Skripsi punika dipunserat supados saged nambah seserepan dhumateng para maos ngengingi basa kias, mliginipun ing cakepan tembang.

Seratan skripsi punika saged kawujud awit panyengkuyung saking sedaya pihak wiwit purwa dumugi paripurnaning skripsi punika. Kanthi raos bombonging manah, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng:

1. Prof. Dr. Zamzani minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan kangge damel skripsi punika.
2. Dr. Suwardi, M. Hum., minangka pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idi kangge nglampahaken panaliten.
3. Hardiyanto, M. Hum., minangka Pembimbing I ingkang sampun paring bimbingan, wewarah, ilmu, saha panjurung kanthi wicaksana.
4. Prof. Dr. Suharti, minangka Dosen Penasehat Akademik ingkang sampun paring nasehat saha wewarah ing sadangunipun kuliah.
5. Bapak saha Ibu dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah awit sedaya ngelmu ingkang mupangat.
6. Bapak Agus, minangka staf administrasi Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah awit saking pambiyantunipun.
7. tiyang sepuh kekalih ingkang boten nate kendhat paring panjurung, panyengkuyung saha donganipun.
8. Mas lan mbak kula (mas Heri, mas Wawan, mbak Nia, mbak Nita, lan mbak Tutik), rayi kula kekalih (Vena lan Sofia) ingkang tansah paring panjurung saha pambiyantunipun.

9. Aditya, Balmy, saha Phasa Aini Ratna awit saking panjurung, pangertosan, saha pambiyantunipun.
10. sedaya kanca Pendidikan Bahasa Jawa 2010 mliginipun kelas A awit saking panjurung saha pambiyantunipun.
11. sedaya pihak ingkang sampun paring pambiyantu saengga skripsi punika saged paripurna ingkang boten saged dipunsebutaken sedaya.

Panyerat rumaos bilih skripsi punika taksih tebih saking kasampurnan, pramila panyaruwe saha pamrayogi saking sedanipun tansah katampi kanthi suka renaning penggalih. Ing wasana, kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajab mugi-mugi skripsi punika saged murakabi tumrap sedayanipun.

Yogyakarta, 01 April 2014

Panyerat,

Heny Kusuma Indarwati

DAFTAR ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN.....	i
PASARUJUKAN.....	ii
PANGESAHAN.....	iii
WEDHARAN.....	iv
SESANTI.....	v
PISUNGSUNG.....	vi
PRAWACA.....	vii
DAFTAR ISI.....	ix
DAFTAR TABEL.....	xii
SARINING PANALITEN	xiii
BAB I PURWAKA.....	1
A. Dhasaring Panaliten.....	1
B. Underaning Prakawis	5
C. Watesaning Prakawis	6
D. Wosing Prakawis.....	6
E. Ancasing Panaliten.....	6
F. Paedahing Panaliten	7
G. Pangertosan	7
BAB II GEGARAN TEORI	8
A. Semantik	8
B. Basa Kias	12
C. Jinis Basa Kias	14
1) Metafora.....	15
2) Personifikasi.....	16
3) Simile	17
4) Sinekdoke.....	18
5) Metonimia	19
6) Hiperbola	20

7) Pleonasme	21
8) Sinestesia	21
D. Fungsi Basa Kias.....	22
E. Campursari.....	23
F. Cakupan.....	24
G. Panaliten ingkang Relavan.....	26
H. Panalaran Panaliten.....	27
BAB III CARA PANALITEN.....	29
A. Jinising Panaliten	29
B. Fokus Panaliten.....	29
C. Sumber Dhata Panaliten	30
D. Cara Ngempalaken Dhata	33
E. Cara Nganalisis Dhata.....	34
F. Cara Ngesahaken Dhata.....	35
BAB IV PIREMBAGAN	38
A. Asiling Panaliten	38
B. Pirembagan	45
1. Jinis Basa Kias	45
(a) Metafora.....	45
(b) Personifikasi.....	48
(c) Simile	51
(d) Sinekdoke.....	54
(e) Metonimia	56
(f) Hiperbola.....	59
(g) Pleonasme	62
(h) Sinestesia.....	64
2. Makna Basa Kias	66
(a) Makna Basa Kias Metafora.....	66
(b) Makna Basa Kias Personifikasi.....	70
(c) Makna Basa Kias Simile	72
(d) Makna Basa Kias Sinekdoke.....	73

(e) Makna Basa Kias Metonimia.....	75
(f) Makna Basa Kias Hiperbola.....	77
(g) Makna Basa Kias Pleonasme	80
(h) Makna Basa Kias Sinestesia.....	81
3. Fungsi Basa Kias.....	82
(a) Ndamel Endahing Swanten	82
(b) Kangge Nyindhira.....	87
(c) Kangge Njlentrehaken Perangan.....	88
(d) Kangge Nambah Swasana Gesang.....	91
(e) Ndamel Cekak Tuturan	93
(f) Nuwuhaken Kesan	96
(g) Kangge Nggambaraken Raosing Penganggit.....	98
(h) Kangge Ndamel Tandhesing Ukara	100
BAB V PANUTUP.....	103
A. Dudutan.....	103
B. Implikasi.....	105
C. Pamrayogi	105
KAPUSTAKAN.....	107
LAMPIRAN.....	110

DAFTAR TABEL

	Kaca
Tabel 1 : Tembang Campursari Anggitanipun Manthous.....	30
Tabel 2 : <i>Analisis</i> Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous.....	33
Tabel 3 : Jinis, Fungsi, saha Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous	39
Tabel 4 : Dhata Jinis, Fungsi, saha Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous.....	110

SARINING PANALITEN

Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

Dening: **Henry Kusuma Indarwati**

10205241002

Sarining Panaliten

Panaliten punika gadhah ancas saperlu damel deskripsi babagan jinis, fungsi, saha makna basa kias wonten ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous. Dhata panaliten punika awujud saking cakepan tembang campursari ingkang dipunanggit dening Manthous.

Panaliten punika ngrembag jinis, fungsi, saha makna basa kias ingkang dipunkaji kanthi *deskriptif*. Dhata dipunkempalaken kanthi *teknik* maos lan *teknik* catet, lajeng dipunlebetaken wonten ing kertu dhata saperlu dipunanalisis. Dhata dipunanalisis kanthi *teknik deskriptif*. Caranipun ngesahaken dhata lumantar *validitas* semantik lan lelimbangan ahli, saha *reliabilitas*.

Asil saking panaliten punika dipunpanggiaken jinis, fungsi, saha makna basa kias wonten ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous, inggih punika : (1) jinis basa kias, inggih punika; (a) metafora, (b) personifikasi, (c) simile, (d) sinekdoke, (e) metonimia, (f) hiperbola, (g) pleonasme, saha (h) sinestesia, (2) fungsi basa kias wonten ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous, inggih punika; (a) ndamel cekak tuturan, (b) ndamel endahing swara, (c) kangge nyindir, (d) kangge njlentrehaken, (e) kangge nambah swasana gesang, (f) nuwuhaken kesan, (g) kangge nggambaraken raosing penganggit, saha (h) kangge ndamel tekanan ing tuturan.

Tembung kunci: basa kias, cakepan tembang campursari, Manthous

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Basa inggih punika salah sawijining media kangge komunikasi manungsa wonten ing gesang padintenan. Ing salebeting bebrayan, komunikasi antawis manungsa satunggal kaliyan manungsa sanesipun dipunbetahaken kangge ngandharakaken wos utawi kekajengan. Manungsa nalika ngandharaken tuturan punika saged kanthi langsung ugi saged ngginakaken basa ingkang gadhah teges sanes. Basa ingkang gadhah teges sanes punika saged dipunwastani basa kias. Basa kias dipungginakaken kangge damel endahing tuturan, tuladhanipun basa ingkang dipungginakaken dening pranata adicara ing pawiwahan. Basa kias asring dipungginakaken kangge ngripta satunggaling karya sastra, umpaminipun wonten ing novel, cerkak, saha geguritan.

Geguritan inggih punika saking tembung gurit angsal panambang -an. Tegesipun gurit inggih punika seratan. Gurit ingkang dipunparingi gendhing diatonis utawi pentatonis sampun saged dipunwastani cakepan tembang. Wonten ing geguritan punika basa ingkang asring dipunginakaken inggih punika basa kias, wosing geguritan ugi asring ngwrat parikan, cangkriman saha wangsalan. Basa kias punika minangka mediator kangge ngaturaken wos utawi ancasing geguritan.

Basa kias utawi *gaya bahasa* inggih punika tembung-tembung kias saha bandhingan ingkang trep kangge nggambaraken teges utawi makna. Basa kias ugi saged dipunsebut caranipun penganggit nalika ngginakaken basa kangge ndamel kesan-kesan tartamtu supados basanipun langkung endah. Jinising basa kias antawisipun inggih punika, basa kias miturut pamilihan tembung, basa kias

miturut nada, basa kias miturut struktur utawi tata rakiting ukara, basa kias miturut *langsung tidaknya* makna. Basa kias ugi wonten ing salebeting parikan, wangsalan saha cangkriman.

Basa kias inggih punika basa ingkang ngwrat teges sanes, silihan, tegesipun mekar saking aslinipun. Jinising basa kias antawisipun metafora, personifikasi, perumpamaan (simile), hiperbola saha sinekdoke. Metafora gadhah teges majas bandhingan ingkang implisit utawi langsung. Personifikasi inggih punika basa kias ingkang paring sipating manungsa ing *benda mati*. Simile inggih punika basa kias ingkang nandhingaken kalih perkawis, ananging taksih wonten emper utawi gayutipun. Hiperbola gadhah teges basa kias ingkang dipunginakaken kangge nyangetaken utawi *dramatisir* satunggaling kawontenan. Sinekdoke inggih punika nyebutaken perangan ingkang wigati saking satunggaling piranti.

Tembang campursari kalebet gendhing utawi laras modern wonten ing kalangan budaya Jawa. Campursari kalebet gendhing garapan, kanthi nada diatonis saha pentatonis. Tembang campursari sampun dipunprangguli wiwit taun 1970-an, ananging misuwur ing taun 1990-an.

Tembang campursari boten namung misuwur wonten ing Indonesia kemawon, ananging dumugi mancanegari. Andharan punika saged katingal saking *pementasan* tembang campursari ing Amerika Serikat kaliyan Jepang (NN, 2004:1). Tembang campursari punika dipunremeni dening masarakat kalangan tengahan dumugi andhahan, amargi jinis tembang punika kalebet tembang ingkang enteng, *santai*, gampil dipunpahami, *easy learning*, saha cakepan

tembang campursari punika nggambaraken pagesangan wonten ing masarakat (NN, 2004: 1).

Miturut Wadiyo (2007: 3) tembang campursari ing jaman sapunika langkung sekedhik pandemenipun. Wadiyo ugi ngandharaken menawi dipunetang campursari saged misuwur namung 10 taun-an. Wonten kalih faktor ingkang damel tembang campursari kirang pandemenipun, inggih punika amargi *selera* masarakat punika sampun owah (*berubah*) saha ing jaman sapunika kakirangan *kreator* utawi penganggit tembang campursari ingkang saged ngrengkuh seleranipun masarakat. Ananging tembang campursari taksih dipungginakaken dening masarakat minangka sarana kesenian kangge ngisi acara pawiwahan utawi acara sanesipun.

Piranti gendhing ingkang gadhah urun wonten ing tembang campursari antawisipun keyboard, gitar, bass, saha drum, lajeng dipungathukaken kaliyan gamelan tuladhanipun kendhang, dhemung, saron, gong, kempul saha gender. Asilsaking *kolaborasi* gendhing kasebut saged nuwuhaken unen-unen ingkang khas utawi mirunggan nalika dipunmirengaken.

Tiyang ingkang remen campursari boten asing kaliyan Manthous. *Sang* maestro saking Gunungkidul punika saged dipunsebut panutan campursari, amargi sampun kathah tembang ingkang dipunripta dening Manthous. Tema ing tembang campursari punika maneka warna jinisipun. Tembang ingkang dipunripta dening Manthous kathah-kathahipun ngengingi bab tresna, ananging ugi wonten tembang ingkang ngrembag aspek sosial saha tembang dolanan.

Penganggit gadhah mapinten-pinten alasan nalika ngripta satunggaling karya (tembang campursari), antawisipun rasa tresna asih, sedhik nelangsa, utawi rasa remen. Bab punika trep kaliyan andharanipun Schindler ing Kasmawan (2007: 2), inggih punika :

“...orang membuat komposisi untuk suatu alasan tertentu, misalnya karena keinginan komersial, rasa jatuh cinta, dan sebaliknya patah hati. Bagaimanapun motivasi awal seorang komposer dalam mencipta, merupakan ekspresi pribadi yang cemerlang. Sehingga setiap memainkan musik, pemain musik harus mengerti dan memahami ide yang telah dituliskan pada suatu karya musik...”

Ancasipun tiyang ngripta tembang inggih punika supados kekajengan ing salebeting karya (tembang campursari) saged dipunwedharaken, ananging interpretasi tiyang tumrap tembang campursari saged maneka warna. Interpretasi inggih punika satunggaling proses kangge ndamel ringkes isu-isu utawi ide-ide, salajengipun dipunandharaken ing masarakat (Rachmawati, 2008: 1). Satunggaling cara kangge interpretasi tembang inggih punika saking ningali cakepaning tembang. Cakepaning tembang ngewrat susunan struktur ingkang sami gayut, saengga gadhah makna piyambak, semanten ugi ing cakepan tembang campursari.

Cakepan ing tembang campursari anggitanipun Manthous karipta kanthi sae saha endah, saged dipunwastani mekaten amargi tembang kasebut ngginakaken basa kias ingkang *sederhana* ananging gadhah teges ingkag sae saha nuwuhaken kesan wonten ing cakepan tembang kasebut, limrah bilih tembang campursari anggitan Manthous punika kathah ingkang remen saha saged narik kawigatosan.

Pirembagan babagan cakepan tembang campursari boten asring dipunadani, pramila panaliti nglampahi deskripsi ngengingi tembang campursari anggitanipun Manthous. Alesan sanesipun inggih punika amargi Manthous punika minangka *komposer* saha *arranger* tembang campursari ingkang misuwur. Andharan punika adhedhasar saking tembang ingkang dipunanggit dening Manthous saged mendhet pasar ing masarakat, tuladhanipun Kempling, Gethuk, saha Gunungkidul Handayani. Pahargyan ingkang sampun dipuntampi Manthous ngengingi seni budaya saha tembang campursari ugi boten saged dipunwilang malih.

B. Underaning Perkawis

Adhedhasar dhasaring panaliten, saged dipunperang dados pinten-pinten undheraning perkawis. Perkawis ingkang sampun wonten underanipun ing cakepan campursari anggitanipun Manthous inggih punika :

- a. Jinising basa kias wonten ing cakepan campursari anggitanipun Manthous
- b. Makna utawi teges basa kias ingkang dipunginakaken wonten ing cakepan campursari anggitanipun Manthous
- c. Ancas basa kias ingkang dipunginakaken wonten ing cakepan campursari anggitanipun Manthous
- d. Fungsi basa kias wonten ing cakepan campursari anggitanipun Manthous
- e. Peran basa kias wonten ing cakepan campursari anggitanipun Manthous
- f. Jinising basa kias ingkang asring dipunginakaken wonten ing cakepan campursari anggitanipun Manthous
- g. Diksi utawi pamilihanipun tembung ingkang wonten ing cakepan campursari anggitanipun Manthous

C. Watesaning Perkawis

Adhedhasar undheraning perkawis ing nginggil, ugi winatesanipun ingkang dipungadhai panaliti, perkawis ingkang dipunteliti punika kedah dipunwatesi. Watesan perkawis dipunginakaken supados panaliten langkung fokus. Panaliten punika dipunwatesi wonten :

- a. Jinising basa kias wonten ing cakepan campursari anggitanipun Manthous
- b. Makna utawi teges basa kias ingkang dipunginakaken wonten ing cakepan campursari anggitanipun Manthous
- c. Fungsi basa kias ingkang dipunginakaken wonten ing cakepan campursari anggitanipun Manthous.

D. Wosing Perkawis

Saking tigang watesan perkawis punika saged dipunserat wonten wosing perkawis. Wosing perkawis wonten ing panaliten inggih punika

- a. Menapa kemawon jinising basa kias wonten ing cakepan campursari anggitanipun Manthous ?
- b. Menapa makna utawi teges basa kias ingkang dipunginakaken wonten ing cakepan campursari anggitanipun Manthous ?
- c. Menapa fungsi basa kias ingkang dipunginakaken wonten ing cakepan campursari anggitanipun Manthous ?

E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar wosing panaliten ingkang sampun dipunandharaken, pramila ancasing panaliten inggih punika :

- a. Deskripsikaken jinising basa kias wonten ing cakepan campursari anggitanipun Manthous.
- b. Deskripsikaken makna utawi teges basa kias ingkang dipunginakaken wonten ing cakepan campursari anggitanipun Manthous.
- c. Deskripsikaken fungsi basa kias ingkang dipunginakaken wonten ing cakepan campursari anggitanipun Manthous.

F. Paedahing Panaliten

1. Paedah Teoritis

Asil saking panaliten punika saged dipungginakaken kangge nambah referensi wonten ing babagan basa, mliginipun ingkang gayut kaliyan basa kias dipuntingali saking babagan semantik. Asil saking panaliten punika ugi saged dados referensi kangge panalitan ingkang satunggal jinis.

2. Paedah Praktis

Asil saking panaliten punika saged maringi gambaran tiyang ingkang remen mirengaken tembang kangge negesi wosing tembang. Mliginipun tembang ingkang ngginakaken basa kias.

G. Pangertosan

1. Basa kias inggih punika tembung-tembung kias saha bandhingan ingkang trep kangge nggambaraken teges utawi makna. Basa kias ugi saged dipunsebut caranipun penganggit nalika ngginakaken basa kangge damel kesan-kesan tartamtu supados basanipun langkung endah.

Basa kias inggih punika basa ingkang ngewrat sanes teges ingkang baku, ananging silihan, tegesipun mekar saking bakunipun. Jinising basa kias

antawisipun metafora, personifikasi, perumpamaan (simile), hiperbola saha sinekdoke.

2. Cakepan inggih punika gurit ingkang dipunparingi gendhing diatonis saha pentatonis. Cakepan ugi saged dipuntegesi andharan rasaning panganggit ingkang awujud rantaman tembung-tembung saengga mujudaken satunggaling ukara ingkang dipuntrepaken kaliyan kabetahan.
3. Tembang campursari kalebet gendhing modern wonten budaya jawi. Campursari inggih punika kalebet tembang garapan, ingkang nggathukaken 2 jinis piranti musik kanthi nada diatonis saha pentatonis. Piranti musik ingkang gadhah urun wonten ing tembang campursari antawisipun keyboard, gitar, bass, saha drum, lajeng dipungathukaken kaliyan gamelan tuladhanipun kendhang, dhemung, saron, gong, kempul saha gender.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. Semantik

Makna ing karya sastra saged dipunmangertosi kanthi ngginakaken teori semantik. Semantik punika negesi tembung kanthi nggayutaken kaliyan konteks saha maksud. Miturut Kridalaksana (1993: 193) semantik inggih punika perangan saking struktur basa ingkang gegayutan kaliyan makna ungkapan ugi struktur makna. Saking menapa ingkang dipunandharaken dening Kridalaksana bilih semantik punika wonten sambung rapetipun kaliyan struktur makna, saengga menawi tiyang badhe negesi satunggaling ukara kedah nggatosaken konteks saha maksudipun. Struktur makna saking tembung *amplop* saged dipuntegesi wadah saking kertas kangge nyimpen arta utawi layang. Saged ugi dipuntegesi “*uang suap*”.

Miturut Chaer (1995: 2) semantik inggih punika bidang studi wonten ing linguistik ingkang ngrembag makna utawi teges ing basa. Dene, miturut Suwandi (2008: 9) semantik punika turunan tembung saking basa Yunani tegesipun *bermaksud* utawi *berarti*. Semantik dipunginakaken kangge bidang linguistik ingkang nyinau sesambetan tandha-tandha linguistik tumrap perangan ingkang dipuntengeri. Saengga, ilmu linguistik saged dipunsebat ilmu (ingkang ngrembag) makna, kadasta “*bocah kae pinter gawe ukara*” ukara kasebut menawi dipuntegesi kanthi kajian semantik tamtu kemawon kedah pados makna ing salebeting ukara kasebut. Makna punika saged dipuntegesi mawi kontekstual (harfiah) ugi saged mawi maksud. Tembung *pinter gawe ukara* saged dipuntegesi

bilih bocah kasebut satemenipun saged damel ukara ingkang sae. Ananging, ugi saged dipuntegesi bilih bocah kasebut pinter *bersilat lidah*.

Saking andharan punika saged dipunpundhut dudutan bilih semantik gadhah kajian makna tembung kanthi maksud utawi konteks. Tegesipun, saben tembung ing ukara, gadhah teges ingkang boten mutlak (saged dipuntegesi warna-warni gumantung kaliyan maksud saha konteksipun). Tuladhanipun :

*“bocah klambi abang kae **ayu tenan**”*

Tembung *ayu tenan* ing ukara punika gadhah kalih teges, saking segi konteks ukara kasebat nggambaraken wanodya ingkang ayu, kenes. Ancasing ukara kasebut kangge ngalem. Ukara kasebut menawi dipuntegesi kanthi maksud, tembung “ayu tenan” tegesipun clemoten, awul-awulan. Saking tuladha punika saged dipunmangertosi bilih nalika micara utawi ngandharaken perkawis, penutur saged ngginakaken basa-basa ingkang karakit endah utawi ngginakaken basa kias. Saengga, basa kias minangka salah satunggaling sarana kangge ngandharaken pesen tuturan.

Chaer (1995: 7-12) ngandharaken bilih semantik kaperang dados 4 inggih punika semantik leksikal, semantik sintaksial, semantik gramatikal, saha semantik maksud. Andharan ngengingi jinis makna ingkang dipunandharaken dening Chaer punika wonten titikanipun saha saged dipuntampi, amargi cetha anggenipun ngandharaken. Ing ngandhap punika badhe kaandharaken jinising semantik miturut Chaer :

a. Semantik Leksikal

Semantik leksikal nyinau makna ing leksem utawi tembung. Leksem inggih punika satuan basa ingkang gadhah makna (tembung utawi *kata*). Makna ingkang wonten ing leksem dipunsebat makna leksikal. Leksem ing semantik wujudipun saged satunggal tembung kadasta *kembang*, *kursi*, *meja*. Ugi saged kadadosan saking gabungan tembung kadasta *kembang desa*, *tamu sing ora diundang*. Tuladhanipun :

*Rama tumbas **kembang mawar** kanggo Ibune.* (1)

*Ani kuwi dadi **kembang desa**, mula akeh sing kepencut dheweke.* (2)

Ukara ing nginggil sami-sami ngginakaken tembung *kembang* ananging gadhah makna ingkang sanes. Tembung *kembang* ing ukara (1) punika tegesipun salah satunggal jinising *kembang*. Ananging bilih tembung *kembang* ing ukara (1) dipuntambahi tembung *desa* kadasta ing ukara (2) gadhah teges bilih Ani minangka wanita ingkang manjila ing desanipun wonten ing babagan rupi.

b. Semantik Gramatikal

Semantik gramatikal nyinau makna ing tembung, frase, klausa, saha ukara. Semantik gramatikal kadadosan amargi saking proses afiksasi, proses reduplikasi, utawi proses komposisi. Tuladhanipun :

*Ir. Soekarno iku **presiden** Indonesia sing sepisanan.* ... (3)

*Kantor **kepresidenan** ana ing Jakarta.* ... (4)

Ing ukara (3) wonten tembung *presiden* ingkang gadhah teges salah satunggaling profesi, salajengipun wonten ing ukara (4) tembung kasebut

angsal ater-ater *ke-* saha panambang *-an* dados *kepresidenan*, saengga tegesipun inggih punika minangka papan jumeneng kangge presiden.

c. Semantik Sintaktial

Semantik sintaktial nyinau sedaya bab ingkang wonten gayutipun kaliyan sintaksis. Tuladhanipun :

Ibu masak sayur asem ing pawon. ... (5)

Menawi dipunrembag kanthi semantik sintaktial, tembung *Ibu* minangka jejer saking ukara kasebat, tembung *masak* ingkang makna gramatikalipun nindhakaken kridha masak punika minangka wasesa ing ukara kasebut, salajengipun *sayur asem* minangka lesan ingkang makna gramatikalipun *objek* ingkang dipunmasak dening Ibu, dene tembung *ing pawon* inggih punika katrangan papan ingkang dipunginakaken Ibu kangge masak.

d. Semantik Maksud

Semantik maksud nyinau bab-bab ingkang wonten gayutipun kaliyan gaya basa, kadasta : metafora, simile, personifikasi, saha ironi. Semantik makna boten dipuntegesi saking tembung-tembungipun, ananging dipuntegesi kanthi maksud saking penganggit utawi penuturipun. Tuladhanipun ukara ingkang ngginakaken majas ironi inggih punika :

*Bijimu **apik banget**.* ... (6)

Ukara kasebut gadhah makna boten namung kangge ngalem mitra tutur, ananging menawi dipungayutaken kaliyan konteksipun saged gadhah makna sindhiran.

Panaliten punika, kalebet panaliten ingkang ngrembag kajian semantik makna amargi panaliten punika ngrembag basa kias ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous. Cakepan tembang anggitanipun Manthous punika ugi karakit kanthi nggatosaken purwakanthi saha migunakaken parikan.

B. Basa Kias

Basa kias (*Figure of Speech*) salah satunggaling perangan saking gaya basa. Basa kias minangka teknik kangge ngandharaken basa ingkang maknanipun boten langsung tumuju ing objek (maknanipun *tersirat*). Kangge negesi makna ing basa kias prelu dipuntafsir rumiyin supados makna ingkang dipuntegesi sami kaliyan makna ingkang dipunkajengaken dening penganggit. Basa kias dipunginakaken kangge nuwuhaken *efek* tartamtu, saengga langkung narik kawigatosan pamaos. Miturut Badrun (1989: 26) tembung kias hakikatipun kangge paring tambahan dimensi basa. Basa kias minangka sarana kangge nambah efek estetik ing karya sastra.

Basa kias dipuntegesi teknik ngandharaken basa, ingkang maknanipun boten tumuju ing makna harfiah, ananging rujukanipun *tersirat* (Nurgiyantoro, 2000: 297). Altenberd (ing Pardopo, 2007: 61) basa kias inggih punika basa ingkang *mengiaskan sesuatu hal dengan hal lain*. Ukara ingkang ngwrat basa kias kedah dipuntegesi kanthi madosi makna tersiratipun ing salebeting ukara kasebut, kadasta ing ngandhap punika :

*Agus lan Andi tepunge kalis kaya **banyu karo lenga**.*

Tembung *banyu karo lenga* nggambaraken perangan ingkang boten saged dados setunggal (*campur*), saengga tegesing ukara kasebut inggih punika pasedherekanipun Agus kaliyan Andi boten saged akur. Basa kias ing ukara nginggil bandhingaken paseduluranipun Agus kaliyan Andi ingkang boten saged rumaket kados dene banyu kaliyan lenga.

Basa kias punika tamtu kemawon ngewrat tembung-tembung kiasan ingkang tegesipun *tersirat* ing salebeting ukara utawi tuturan. Tembung kiasan dipunginakaken kangge nindhakaken endhahing basa. Dale (ing Tarigan, 1995: 179) ngandharaken basa kias inggih punika basa endah ingkang dipunginakaken kangge nambah efek tartamtu, kanthi nandhingaken babagan satunggal kaliyan babagan sanesipun. Basa kias ing sastra Jawa asring dipunsebat tembung entar. Miturut Padmosoekotjo (1958: 46) tembung entar tegesipun tembung sesulih, utawi tembung ingkang boten saged dipuntegesi sawetahipun kemawon, boten namung salugunipun kemawon (*arti kiasan*). Saengga, kangge negesi tembung entar dipungayutaken kaliyan konteks saha maksudipun supados boten klentu anggenipun negesi. Tuladhanipun ukara ingkang ngewrat tembung entar inggih punika :

*Dadi bocah aja **cilik atine**. ... (8)*

Ukara ing nginggil ngewrat tembung entar inggih punika *cilik atine* ingkang gadhah teges wedi utawi mindher. Tembung kasebut minangka tembung kiasan amargi menawi dipuntegesi kanthi langsung, tamtu kemawon boten gayut kaliyan ingkang dipunkajengaken.

Basa kias inggih punika tembung-tembung kias saha bandingan ingkang trep kangge nggambaraken teges utawi makna. Basa kias dipunginakaken kaliyan penganggit kangge ndamel kesan-kesan tartamtu supados basanipun langkung endah, amargi karya sastra punika wujud saking eksplorasi saha kreativitas para sastrawan nalika mujudaken ekspresinipun. Basa kias punika dipunbetahaken nalika nyerat karangan antawisipun carita cekak, carita sinambung, novel, naskah drama (saged dipunsebut wacana sastra), nun inggih geguritan mbetahaken basa kias supados geguritan punika saged langkung sae, endah saha wonten kualitasipun.

Adhedhasar pirembagan ing nginggil saged dipunpendhet dudutan inggih punika basa kias minangka basa ingkang makna rujukanipun boten langsung, ananging kanthi kiasan. Basa kias dipunginakaken ing karya sastra kangge paring efek-efek *estetis*, saengga saged narik kawigatosan pamaos sarta pamaos saged langkung *berdimensi* nalika mahami karya sastra. Tegesipun, basa kias ndadosaken kagigah pikiranipun pamaos nalika negesi makna ingkang wonten ing tembung kasebut.

C. Jinis Basa Kias

Basa kias njangkepi sedaya jinis tuturan ingkang gadhah makna sanes, wujudipun saged tembung, frase, utawi satuan sintaksis ingkang langkung wiyar. Miturut Sayuti (1985: 195) Basa kias dipunperang dados tigang peranganan, inggih punika klompok *perbandingan* (metafora-simile), klompok *penggantian* (metonomi-sinekdoke), saha klompok *pemanusiaan* (personifikasi).

Waluyo (1987: 84) ngandharaken jinis basa kias antawisipun metafora, simile, personifikasi, hiperbola, sinekdoke, ironi. Miturut Nurgiyantoro (2000: 298-300) wujuding basa kias ingkang asring dipunginakaken penganggit inggih punika simile, metafora, saha personifikasi. Miturut Fananie (2000: 37-40) jinis basa kias antawisipun persamaan, simile, metafora, personifikasi, hipalase, invende, antrifrasis, paranomasia, ironi, sinisme, sarta sarkasme. Jinis basa kasebut lajeng dipuntambahi dening Keraf (2004: 138-145) inggih punika antonomasia, parabel, fabel, saha santire.

Saking andharan para ahli ing nginggil saged dipunpundhut dudutan jinising basa kias ingkang dados pirembagan utawi acuan ing panaliten punika antawisipun :

1. Metafora

Metafora inggih punika majas ingkang nglarasaken satunggal bab kaliyan bab sanesipun ananging boten ngginakaken bandhingan (Pardopo, 2000: 66). Metafora saged dipunsebat kiasan langsung. Wonten ing metafora boten migunakaken tembung-tembung ingkang nedhahaken bandhingan eksplisit. Ananging, migunakaken bandhingan implisit. Bandhingan implisit inggih punika bandhingan ingkang langsung.

Keraf (2004: 84) ngandharaken bilih metafora minangka analogi ingkang nandhingaken kalih perkawis kanthi langsung saha bentukipun singkat. Saengga ing metafora boten dipunginakaken tembung-tembung bandhingan.

Adhedhasar andharan ing nginggil saged dipunpundhut dudutan bilih metafora inggih punika majas bandhingan ingkang implisit utawi langsung sarta boten ngginakaken tembung-tembung bandhingan. Tuladhanipun majas metafora inggih punika :

*Martini iku **kembang desa**, mula ora gumun yen akeh sing seneng karo dheweke. ... (9)*

Kembang desa ing ukara (9) ateges pawestri ingkang gadhah rupi ayu wonten ing satunggaling desa. Ukara kasebut gadhah teges bilih Martini minangka estri ingkang ayu ing desanipun, saengga kathah tiyang ingkang seneng utawi tresna dhateng piyambakipun.

2. Personifikasi

Personifikasi saged dipuntegesi minangka *pemanusiaan*. Miturut Keraf (2004: 140) personifikasi inggih punika gaya basa kiasan kangge nggambaraken *benda-benda mati* utawi perangan ingkang mati, kadosta tiyang (dipungambaraken gadhah sipat kadosta tiyang). Personifikasi minangka gaya basa bandhingan ingkang damel sipat *benda mati* kados sipating tiyang saha tindak tandukipun kados tiyang (Nurgiyantoro, 2000: 299). Personifikasi minangka majas ingkang paring sipat utawi tindak tandukipun tiyang gesang tumrap *benda mati* utawi perangan sanes, kadosta wit, kewan, saha makluk-makluk sanesipun manungsa.

Saking andharanipun para ahli ing nginggil saged dipunpundhut dudutan personifikasi inggih punika gaya basa ingkang damel benda mati gadhah sipat-sipat kados dene tiyang utawi person. Tuladhanipun personifikasi inggih punika :

Rembulane ngawe-awe, nandhakake aja padha turu sore. ... (10)

Rembulan punika kalebet *benda mati*, salajengipun dipuntambahi tembung *ngawe-awe*. Tembung *ngawe-awe* minangka salah satunggal tindak tandukipun tiyang. Ukara kasebut ngewrat majas personifikasi, amargi paring sipat person ing tembung rembulane *ngawe-awe*. Sejatosipun, ingkang saged *ngawe-awe* nun inggih namung tiyang gesang (person). Ngengingi tegesing ukara kasebut inggih punika ngandharakaken bilih kita boten pikantuk turu sore amargi nembe padhang wulan.

3. Simile

Miturut Sayuti (1985: 195) simile inggih punika bandhingan ingkang asipat eksplisit kanthi tandha ngginakaken unsur konstruksional tembung kadasta *serupa, bagai, laksana, bagaikan*, ugi saged arupa morfem *se-*. Simile kalebet majas ingkang bandhinganipun boten langsung (bandhingan eksplisit) kanthi ngginakaken tembung-tembung tartamtu (Nurgiyantoro, 2000: 298). Simile punika arupi majas metafora, ananging bedanipun menawi metafora dipunsebat bandhingan implisit (bandhingan langsung). Dene, simile inggih punika bandhingan eksplisit ingkang migunakaken tembung-tembung bandhingan.

Basa kias simile ing sastra Jawa dipunsebat pepindhan, pepindha saking tembung pindha. Hadiwidjana (1967: 58) ngandharaken bilih pepindhan punika

migunakaken tembung, kadasta lir, kadi, kadya, pindha, kaya, lir, pindha. Pepindhan inggih punika unen-unen ingkang ngwrat surasa pepadhan, irib-iriban, emper-emper (Padmosoekotjo, 1958: 77).

Saking andharan punika saged dipunpundhut dudutan bilih simile inggih punika majas bandhingan ingkang asipat eksplisit utawi boten langsung saengga dipunprelukaken tembung-tembung kadasta lir, kadi, kadya, pindha, kaya, lir pindha. Tuladha majas simile inggih punika :

*Uripku amontang-manting **kaya** godhong kabur.*

Majas simile dipuntandhai kanthi tembung *kaya* “*seperti*”. Ing ukara kasebut, ngandharaken bilih penutur nembe nelangsa gesangipun. Panutur ngraosaken bilih piyambakipun susah sanget. Perangan kasebut saged katingal saking panutur ingkang nandhingaken kahanan gesangipun kaliyan godhong garing ingkang mabur kagawa angin saha boten jelas badhe tumuju wonten pundi.

4. Sinekdoke

Miturut Keraf (2004: 142) sinekdoke inggih punika gaya basa figuratif (basa kiasan) ingkang ngandharakaken saperangan babagan kangge njlentrehaken sedayanipun (*pars pro toto*), utawi ingkang basa figuratif ingkang ngandharaken sedaya babagan kangge negesaken saperangan babagan kemawon (*totem pro parte*).

Saking andharan punika saged dipunmangertosi bilih majas sinekdoke dipunperang dados kalih inggih punika *pars pro toto* saha *totem pro parte*. Tuladhanipun majas sinekdoke inggih punika :

*Andi wis suwe ra ketok **irunge**. ... (12)*

Ukara kasebut kalebet majas sinekdoke *pars pro toto* amargi ingkang dipunkajengaken saking tembung *irunge* ing ukara kasebut boten namung irung kemawon ananging nedhahaken raganipun tiyang (wonten ukara kasebut inggih punika Andi).

5. Metonimia

Metonimia saking basa Yunani, inggih punika *meta* ateges *berarti* saha *onym* ateges nama. Miturut Achmadi (1988: 167) metonimia inggih punika jinising basa kias ingkang ngwrat tembung-tembung ingkang gadhah teges langkung wiyar utawi langkung rumpak maknaipun.

Tembung-tembung ingkang dipunginakaken ing majas metonimia limrahipun sampun dipuntepang utawi boten asing dening pamaos, saengga menawi badhe madosi rujukanipun boten susah. Metonimia inggih punika gaya basa minangka tandha *pertautan* utawi gegayutan ingkang langkung celak (Nurgiyantoro, 2000: 299). Miturut Keraf (2004: 142) gegayutan kasebut saged arupi asiling temuan, tiyang ingkang kagungan babagan, saha wos kangge ngandharaken kulitipun.

Dudutan ingkang saged dipunpundhut inggih punika, metonimia inggih punika gaya basa ingkang ngginakaken tembung utawi nama satunggaling perangan ingkang taksih wonten gayutipun. Tuladhanipun :

*Adhik tumbas **pilot** karo garisan ing warung. ... (13)*

Menawi dipuntegesi kanthi harfiah, *pilot* ateges salah satunggaling profesi, ananging ing ukara kasebut tembung *pilot* ateges tandha saking salah satunggaling merk pulpen. Saengga teges saking ukara kasebut inggih punika Adhik tumbas pulpen kaliyan garisan.

6. Hiperbola

Miturut Waluyo (1987: 85) hiperbola inggih punika basa kias ingkang nyangetaken satunggaling perangan, supados saged narik kawigatosanipun pamaos. Hiperbola ngwrat tembung ingkang nyangetaken utawi nglangkungaken cacah, ukuran, utawi sipat satunggaling perangan kanthi maksud kangge nandhesaken kawontenan supados nuwuhaken kesan (Keraf, 2004: 135).

Saged dipunpundhut dudutan inggih punika, hiperbola gadhah teges ngewrat tembung-tembung ingkang nuwuhaken kesan tumrap pamaos. Tuladha :

***Kurang luwih telung taun** anggonku ngalamun.*

Ukara ing nginggil cetha sanget anggenipun ngginakaken basa kias jinis hiperbola. Amargi, boten badhe kalampahan bilih wonten tiyang ingkang *ngalamun* ngantos *tigang taun* laminipun. Majas hiperbola ingkang

dipungginakaken gadhah ancas inggih punika minangka sarana nggambaraken kasisahan ingkang dipunraosaken dening penuturipun.

7. Pleonasme

Miturut Tarigan (1985: 29) pleonasme inggih punika punika jinis basa kias ingkang ngginakaken kalih tembung ingkang gadhah teges utawi makna ingkang sami. Basa kias pleonasme ugi saged dipunsebat *pemborosan* tembung. Tuladha saking basa kias pleonasme inggih punika :

*Ayo Mas Budi **maju wonten ngajeng***

Tembung maju punika nedhahaken bilih tiyang ingkang dipunmaksud supados mlampah maju. Dene, tembung ngajeng punika ugi nedhahaken bilih tiyang ingkang dipunmaksud supados mlampah ugi. Saking tembang punika bilih tembung *maju* dipun bucal, teges ing ukara kasebut boten ewah. Andharan punika nedhahaken bilih tembung *maju* gadhah teges ingkang sami kaliyan tembung *wonten ing ngajeng*. Amargi bilih tiyang badhe maju punika tamtu kemawon lumampahipun majeng.

8. Sinestesia

Sinestesia inggih punika jinising basa kias ingkang gadhah sesulih kanthi ngginakaken bandhingan *indera* ingkang sanes (*pertukaran tanggapan 2 indera*) sanes. Tuladha basa kias sinestesia inggih punika :

Bapak sampun ngraosaken paiting urip

Sejatosipun *pait* punika salah satunggal raos ingkang dipunraosaken ilat. Ing ukara punika raos pait dipungambaraken nalika tokoh Bapak. Makna saking ukara-ukara kasebut inggih punika ngandharaken bilih laku ing gesangipun tokoh ingkang boten gampil, ananging kedah ngangge usaha.

D. Fungsi Basa Kias

Basa kias inggih punika kalebet majas ingkang gadhah fungsi estetika. Miturut Keraf (2000: 129) fungsi estetika ing basa kias antawisipun kangge ngandharaken, njlentrehaken, kangge stimulasi asosiasi, utawi kangge kiasan. Basa kias dados sarana kangge njlentrehaken perangan kanthi cekak ugi saged ngandharaken babagan saengga saged paring stimulasi asosiasi; penganggit kepingin damel pamikiranipun pamaos langkung *imajinatif*.

Fungsi estetika ing basa kias minangka cara supados saged narik kawigatosanipun pamaos kangge nggambaraken satunggaling perangan. Pradopo (2007: 62) ngandharaken bilih majas minangka satunggaling cara kangge dadosaken karya sastra supados langkung endah, urip, saha ngandharaken perangan kanthi sae. Dene, miturut Nurgiyantoro (2000: 197) basa kias saged nuwuhaken kesan saha swasana tartamtu, sarta ndamel endahing tuturan ingkang gadhah ancas estetis karya sastra.

Miturut Parrine (ing Waluyo, 1987: 83) ngandharaken bilih basa kias gadhah fungsi, antawisipun :

- a. Kangge nuwuhaken raos bingah
- b. Kangge muwuhi imajinasi karya sastra

- c. Kangge muwuhi intensitas raosing penganggit saengga sikapipun penganggit saged kaandharaken.
- d. Kangge munjeraken makna ingkang badhe dipunandharaken, cara ngandharaken satunggaling perangan kanthi cekak.

Fungsi basa kias ugi dipunandharaken dening Harjoso (1987: 21) inggih punika :

- a. Gaya basa saged paring raos marem kangge ngandharaken imajinasipun penganggit.
- b. Gaya basa minangka sarana kangge nambah *imajinasi* ing karya sastra.
- c. Gaya basa minangka sarana kangge nambah *intensitas emosional*.
- d. Gaya basa minangka kangge ngandharaken perangan kanthi tembung ingkang cekak.

Andharan ing nginggil saged dipunpundhut duduran inggih punika fungsi basa kias antawisipun ndamel cekak tuturan, ndamel endahing swara, kangge nyindir, kangge njlentrehaken, kangge nambah swasana utawi gesang ing perangan, nuwuhaken kesan, kangge nggambaraken raosing penganggit, kangge ndamel tekanan ing tuturan.

E. Campursari

Campursari punika dipunpandhegani dening Manthous. Manthous nepangaken campursari ing taun 1980-an, nalika semanten Manthous nggabungaken tembang saking keyboard kaliyan orkestra gamelan, sesarengan kaliyan paguyuban gamelan Maju Lancar.

Campursari punika lelagon Jawi ingkang kalebet tembang modern ing budaya Jawi. Campursari punika saking kalih tembung inggih punika campur saha sari. Campur tegesipun gabunganipun piranti tembang ingkang tradisional saha modern. Wonten ing *Kamus Lengkap Jawa Indonesia* (282: 2009) sari tegesipun inggih punika *inti*, saengga campursari ateges tembang utawi gendhing ingkang ngasilaken jinis wirama ingkang sanes. Pramila, campursari punika nggathukaken kalih jinis tembang inggih punika gamelan kaliyan piranti tembang modern kadosta gitar, bass, drum saha keyboard. Saengga, teges campursari inggih punika *gabungan* ingkang nuwuhaken estetika saha artistika tembang ingkang mirunggan.

Campursari punika gadhah warna-warni jinisipun, antawisipun campursari ingkang awujud lagu dolanan, langgam, macapat, tembang gedhe, tembang sekar, sekar tembang, bawa, saha umpak-umpak.

Tokoh campursari ingkang misuwur antawisipun Manthous, Sunyahni, Didi Kempot, saha Cak Diqin. Manthous punika saged dipunsebut pandheganing tembang campursari, amargi saking paguyuban campursari ingkang dipunpandhegani dening Manthous punika, satemah campursari saged dipuntampi kaliyan masarakat.

F. Cakepan

Cakepan utawi *lirik* inggih punika perangan ingkang gegayutan kaliyan basa. Miturut Tambayong ing Noorochmah (2009: 12) cakepan utawi *lirik* punika saking basa Inggris “*lyric*” tegesipun *mencakupi* utawi njangkepi kaidah-kaidah filsafat tartamtu. Kanthi mekaten, cakepan inggih punika andharan raosing

panganggit ingkang awujud rantaman tembung-tembung saengga wujud satunggaling ukara ingkang dipuntrepaken kaliyan kabetahan.

Cakepan minangka salah satunggaling perkawis ingkang dadosaken tiyang remen kaliyan tembang utawi sekar. Tiyang saged remen kaliyan tembang tartamtu amargi limrahipun carita ing tembang punika nggambaraken kadadosan utawi swasana manahipun.

Tembang ingkang karipta tamtu kemawon gadhah tema, saben tembang sejatosipun gadhah tema ingkang benten. Kangge nemtokaken tema, prelu pangertosan tumrap makna utawi wosing carita saking cakepan tembang kasebut. Kangge nggampilaken panaliten punika, panaliti badhe mantha tembang miturut temanipun. Panthan tema ing tembang campursari anggitanipun Manthous adhedhasar saking :

- a. Menawi cakepan tembang wosipun babagan raos kangen, tresna, gumun ingkang dipunraosaken dening pawongan jaler estri, saengga tembang kasebut kalebet tema katresnan.
- b. Menawi cakepan tembang wosipun nyariosaken satunggaling daerah utawi laladan, saengga tembang kasebut kalebet tema pariwisata utawi kaendahan.
- c. Menawi cakepan tembang wosipun babagan gesangipun tiyang, saengga tembang kasebut kalebet tema sosial.
- d. Menawi cakepan tembang boten gadhah makna tartamtu, saengga tembang kasebut kalebet tema dolanan utawi tembang jenaka.

G. Panaliten ingkang Relevan

Panaliten punika relevan kaliyan panalitenipun Chindia Pandu Permana jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta tahun 2011 kanthi irah-irahan “Penggunaan Bahasa Kias dalam Lirik Campursari Didi Kempot Berbahasa Jawa”. Panaliten ingkang dipunlampahi dening Chindia Pandu Permana gadhah underaning perkawis inggih punika jinis basa kias, makna basa kias, saha fungsi basa kias. Panaliten punika sami-sami biwarakaken basa kias ing tembang campursari. Sanajan mekaten, panaliten punika boten sami kaliyan panaliten ingkang dipundamel Chindia Pandu Permana amargi sampun sanes objekipun. Chindia Pandu Permana punika mendhet objek Didi Kempot menawi panaliten kula punika objekipun Manthous, saha wonten ing panaliten kula punika ugi ngrembag purwakanthi saha parikan ing salebeting tembang campursari Manthous.

Panaliten kaping kalih ingkang relevan kaliyan panaliten punika, inggih punika panaliten ingkang dipunlampahi dening B. Narendra Widyasmoro jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta kanthi judul “Gaya Bahasa dalam Buku Kumpulan Gendhing-Gendhing lan Lagon Dolanan Karangan Narto Sabdo”. Panaliten ingkang dipunlampahi dening B. Narendra Widyasmoro gadhah underaning perkawis antawisipun jinis gaya basa saha fungsi gaya basa. Panaliten punika gadhah kalih gegaran ingkang sami inggih punika jinis saha fungsi basa kias. Ananging, wonten panalitenanipun B. Narendra Widyasmoro boten ngrembag makna basa

kias, saengga asiling panaliten punika boten sami kaliyan asiling panaliten ingkang dipunlampahi dening B. Narendra Widiasmoro.

Panaliten ing nginggil dipunwastani relevan kaliyan panaliten punika amargi sami ngrembag basa kias. Dene, objek ingkang dipunrembag ing panaliten sampun benten kaliyan panaliten punika. Panaliten punika dipunmunjeraken ing jinis basa kias, makna basa kias, saha fungsi basa kias ing cakupan tembang campursari anggitan Manthous.

Panaliten punika dipunkajengaken saged paring urun rembug kangge ilmu basa saha sastra, mliginipun babagan basa kias, inggih punika basa kias ing cakupan tembang campursari anggitanipun Manthous. Panaliten punika dipunkajengaken nggampilaken pamaos kangge nyinau babagan jinis basa kias, makna basa kias, saha fungsi basa kias ing salebeting tembang kasebut.

H. Panalaran Panaliten

Geguritan inggih punika salah satunggaling seni sastra ingkang identik kaliyan basa kias. Ancasipun dipunginakaken basa kias wonten ing geguritan supados nambah endah saha saged paring kesan tartamtu. Geguritan punika saged dipunwujudaken mawi cakupan tembang. Mila, cakupan tembang punika ugi ngginakaken basa kias amargi cakupan tembang punika salah satunggalipun awujud saking geguritan, tuladhanipun wonten ing tembang campursari.

Kathah tiyang ingkang misuwur amargi tembang campursari, tuladhanipun Manthous. Karya ingkang dipunanggit utawi tembang ingkang dipunsekaraken dening Manthous ngewrat basa kias antawisipun metafora, personifikasi,

perumpamaan (simile), hiperbola saha sinekdoke, ingkang sanesipun wonten ing tembang Manthous ugi ngwrat parikan saha purwakanthi.

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising panaliten

Jinising panaliten ingkang dipunginakaken ing panaliten Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Manthous inggih punika panaliten deskriptif. Miturut Sudaryanto (1999: 62), panaliten *deskriptif* inggih punika panaliten ingkang dipuntindakaken adhedhasar kasunyatan ingkang kanthi *empiris* gesang wonten ing penuturipun. Saengga asilipun awujud *perian* basa ingkang sipatipun sampun limrah, kadosta *potret*, *paparan* wonten ing kasunyatan.

Panaliten deskriptif inggih punika panaliten ingkang ancasipun kangge deskripsikaken, saha kangge mangertosi subjek panalitenipun. Ing panaliten punika subjekipun inggih punika cakepan tembang campursari Manthous. Panaliten menika gadhah ancas saperlu damel *deskripsi* babagan jinisipun basa kias ingkang dipunginakaken ing tembang campursari anggitanipun Manthous.

B. Fokus Panaliten

Fokusing panaliten ingkang dipundamel inggih punika basa kias ing cakepan tembang campursari Manthous. Cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous dipunginaken minangka fokus panaliten, amargi ing tembang campursari anggitanipun Manthous ginakaken basa kias. Saengga, trep kaliyan fokus panaliten punika.

C. Sumber Dhata Panaliten

Sumber dhata wonten ing panaliten menika minangka kempalan kaset saha cd ingkang ngewrat tembang-tembang campursari anggitanipun Manthous. Panaliten punika kapendhet saking tembang campursari anggitanipun Manthous. Tembang ingkang sampun dipunanggit dening Manthous punika salajengipun dipunperang adhedhasar tema tembang. Wonten 4 tema ing tembang campursari anggitanipun Manthous, antawisipun tema katresnan, pariwisata, sosial, saha dolanan. Dene, cacahing tembang inggih punika wonten 44 tembang. Saking 44 tembang kasebut wonten satunggal tembang ingkang ngginakaken basa Indonesia inggih punika *Cintaku Jauh di Lampung*. Tembang kasebut tamtu kemawon boten mlebet daftar *sampel* panaliten.

Panaliti boten nliti sedaya tembang, ananging paniliti nemtokakaken sampel kangge kajianipun. Ing ngandhap punika tembang-tembang anggitanipun Manthous miturut tema tembangipun ingkang badhe dipuntemtokaken sampelipun :

Tabel 1. Tembang campursari anggitanipun Manthous

No.	Irah-irahan	Tema
1.	Sida Apa Ora	Katresnan
2.	Aja Sembrana	
3.	Aja Gawe-Gawe	
4.	Tahu Apa Tempe	
5.	Aja Digodha	

Tabel salajengipun

No.	Irah-irahan	Tema
6.	Andheng-Andheng	Katresnan
7.	Methuk	
8.	Gela	
9.	Kempling	
10.	Jeruk Garut	
11.	Balen	
12.	Sapa Wonge	
13.	Sing Empun Nggih Sampun	
14.	Pripun	
15.	Lega	
16.	Kembang Kecubung	
17.	Esemmu	
18.	Bengawan Sore	
19.	Getun	
20.	Cintaku Jauh di Lampung	
21.	Kangen	
22.	Anting-Anting	
23.	Mbah Dukun	
24.	Pipa Landa	
25.	Sakit Rindu	
26.	Kembang Cipir	
27.	Cengkir Gading	
28.	Lintang Rembulan	
29.	Eman-Eman	
30.	Gunungkidul Handayani	Pariwisata
31.	Tiwul Gunungkidul	
32.	Parangtritis	
33.	Geblek Kulon Progo	

Tabel salajengipun

No.	Irah-irahan	Tema
34.	Simpang Lima	Sosial
35.	Malioboro	
36.	Lare Gunung	
37.	Ngrumpi Gosip	
38.	Amit-Amit	
39.	Sluman-Sluman Slamet	
40.	Kanca Tani	
41.	Othok Ouwok	Dolanan
42.	Kripik Apa Mendoan	
43.	Gethuk	
44.	Nginang Karo Ngilo	

Tembang-tembang anggitanipun Manthous boten sedaya dipunanalisis, ananging dipunpilih kanthi ngginakaken sampel. Sampel ingkang dipunpilih punika tamtu kemawon cakepan tembang ingkang ngginakaken basa Jawa. Sampel ingkang dipungginakaken ing panaliten punika yaiku *sample purposive*. *Sample purposive* inggih punika objek panaliten ingkang gadhah *pertimbangan* tartamtu (Sugiyono, 2010: 300). Sami kaliyan andharanipun Sugiyono, Narbuko saha Achmadi (2007: 16) ngandharaken teknik *purposive* dipunginakaken kanthi gatosaken ciri utawi sipat tartamtu ingkang gadhah gegayutan kaliyan populasinipun. Ing panaliten punika sampel ingkang dipunoilih inggih punika tembang-tembang ingkang saged dados wakil saking tema saha tembang kasebut saged dados sumber fenomena ingkang badhe dipuntliti. Sampel punika badhe dipunpundhut tembang saking tema ingkang

sanes, inggih punika saking tema katresnan *Gela, Pripun, Methuk, Kangen, Kempling*, saha *Getun*. Tema pariwisata kapendhet tembang *Gunungkidul Handayani, Geblek Kulon Progo, Sim pang Lima*. Saking tema sosial antawisipun *Lare Gunung, Kanca Tani, Sluman-Sluman Slamet*. Dene, saking tema dolanan inggih punika *Othok-Ouwok, Gethuk, Nginang karo Ngilo*. Sampel punika dipuntektokaken kanthi cara undian utawi panaliti damel lintigan. Tembang-tembang ingkang dipundadosaken sampel tamtu kemawon gadhah titikan ingkang memper.

D. Cara Ngempalaken Dhata

Ngempalaken dhata panaliten punika ngginakaken tabel, tabel punika dipungginakaken nalika nyemak tembang campursari Manthous. Kagiyanan nyemak tembang punika dipunlampahi kanthi bola-bali, amargi supados trep, *valid* saha asilipun *absah*. Nalika nyemak cakepan tembang campursari Manthous kedah nastiti, *jeli, tekun*, saha disiplin supados boten klentu dhatanipun. Tabel ingkang dipunginakaken inggih punika

Tabel 2.1 Analisis basa kias ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous

Nomor Tembang	: 02
Judul Lagu	: Esemmu
Jenising basa kias	: Simile
Cakepan Tembang	: Bebasan segara madu Kalah manis Sing manis pancen esemmu
Makna basa kias	: ing tembang kasebut nandhingaken antawisipun segara madu kaliyan esemipun wanodya ingkang dipuntresnani. Tandha bilih cakepan kasebut ngwrat majas simile inggih punika wonten cakepan kasebut ginakaken tembung bandhingan eksplisit inggih punika <i>bebasan</i> .

Tabel 2.1 Analisis basa kias ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous

Fungsi basa kias	: kangge ngandharaken bilih esemipun wanodya ingkang dados pepujaning ati punika manis kadasta segara madu. Basa kias punika minangka sarana kangge ngalem wanodya ing tembang.
------------------	---

Tabel 2.1 Analisis basa kias ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous.

Nomor Tembang	: 02
Judul Lagu	: Esemmu
Jenising basa kias	: Hiperbola
Cakepan Tembang	: Bebasan segara madu Kalah manis Sing manis pancen esemmu
Makna basa kias	: ngluwihaken satunggaling perangan, supados saged narik kawigatosanipun pamaos. Perangan ingkang dipunluwihaken inggih punika esemipun wanodya.
Fungsi basa kias	: kangge paring kesan nalika panganggit gambaraken esemipun wanodya ingkang dados pepujaning ati punika manis kadasta segara madu. Basa kias punika minangka sarana kangge ngalem wanodya ing tembang kasebut.

E. Cara Nganalisis Dhata

Dhata ingkang sampun dipunkempalaken salajengipun dipunklasifikasi miturut *kategori* piyambak, ingkang sami kaliyan watesaning perkawis. Samangke klasifikasinipun dipunlebetaken ing jinising basa kias, makna basa kias, saha fungsipun basa kias. Dhata dipunanalisis miturut ilmu semantik. Saengga analisis dhata panaliten punika ngangge teknik deskriptif, inggih punika deskripsikaken sedaya dhata miturut *kategori* piyambak-piyambak saha dipunanalisis kanthi maksud saking tuturan ingkang sampun wonten.

Rantamaning analisis deskriptif wonten tigang cara, inggih punika kasusun ing ngandhap punika :

- a. Klasifikasi dhata wonten ing jinis basa kias. Dhata ingkang sampun wonten salajengipun dipunlebetaken ing jinising basa kias, miturut teori.
- b. Jinising basa kias kasebut salajengipun dipunanalisis kanthi fungsipun ing konteks ukara utawi cakepan.
- c. Pungkasaning lampah nganalisis dhata inggih punika ndamel simpulan saking sedaya bahasan ingkang sampun wonten ingkang gayut kaliyan basa kias ing cakepan tembang campursari Manthous.

F. Cara Ngesahaken Dhata

Cara anggenipun ngesahaken dhata panaliten punika minangka *validitas* saha *reliabilitas* dhata. Kegiatan ingkang dipuntindakaken kangge nggayuh asiling panaliten ingkang *valid*, inggih punika kanthi cara maos, nggatosaken, saha nganalisis kanthi premati kanthi pandom ingkang sampun kaandharaken wonten ing teori.

Validitas inggih punika *derajat ketepatan* asiling dhata tumrap objek panaliten kaliyan dhata ingkang dipunlaporaken panaliti (Sugiyono, 2010: 117). Dhata saged dipunwastani valid bilih dhata kasebut sampun sami kaliyan dhata ing objek panaliten. Uji validitas ingkang dipunginakaken panaliti ing panaliten inggih punika triangulasi.

Triangulasi inggih punika teknik anggenipun ngecek dhata sampun absah menapa dereng saking sumber sanes. Triangulasi kalampahan kanthi cara (1)

ngginakaken bahan referensi, (2) *member check*, (3) nyuwun lelimbangan saking ahli basa.

Bahan referensi dipunginakaken panaliti minangka sarana pandhukung saha bukti tumrap dhata ingkang sampun dipunpanggihi. Bahan referensi ing panaliten punika antawisipun buku-buku referensi, ancasipun inggih punika minangka sarana kangge biyantu saha paring ngelmu dhateng panaliti nalika nyusun laporan panaliten. Buku-buku referensi punika awujud buku-buku ingkang gayut kaliyan semantik, basa kias, saha ingkang ngrembag babagan campursari. Bahan referensi sanesipun inggih punika kempalan lagu-lagu Manthous ingkang wonten ing kaset saha CD. Kaset saha CD kasebut dipunginakaken kangge sumbering dhata panaliten.

Member check inggih punika proses anggenipun ngecek dhata panaliten ing narasumber. Panaliti nindakaken *member check* dipunsarengaken kaliyan nyuwun pirsu dhateng ahli (khususipun ingkang wasis ing bidang semantik). Lelimbangan saking ahli minangka cara kangge nemtokaken dhata ingkang *valid*. *Validitas* lelimbangan saking ahli saged dipuntindakaken kanthi mriksakaken dhata-dhata asiling panaliten dhumateng tiyang ingkang sampun pana babaganipun.

Saking bab *reliabilitas*, dhata wonten ing panaliten punika kanthi maos saha nganalisis dhata makaping-kaping, saengga pikantuk dhata ingkang *stabil*, bab punika dipuntindakaken dening panaliti. Dhata saged dipunwastani stabil bilih asiling dhata boten owah sanajan sampun dipunambali anggenipun ngecek. Panaliti saged nyebat bilih dhata kasebut stabil bilih sampun boten

wonten raos ragu nalika nemtokaken jinis, makna, saha fungsi basa kias.

Tuladhanipun wonten ing tembung ngandhap punika :

*Kae rembulane yen disawang kok **ngawe awe** ... (15)*

Ukara kasebut ngwrat majas personifikasi amargi paring sipating tiyang tumrap *rembulan* yaiku *ngawe-awe*, sejatosipun ingkang saged ngawe-awe nun inggih namung tiyang. Dhata punika sampun stabil amargi bilih dipunccek utawi dipuntliti dhata kasebut boten bakal owah.

Reliabilitas dhata ing panaliten punika kalaksanan kanthi cara tekun anggenipun nliti basa kias ing cakepan tembang saengga saged magertosi jinis, makna, saha fungsipun. Asilipun dhata lajeng dipunkaji miturut wosing perkawis ingkang dipuntindakaken wonten ing panaliten. Panaliten saged dipunpungkasi menawi dhata ingkang dipunginakaken sampun saestu *stabil*, saengga sampun saged dipunanalisis wonten ing karya ilmiah.

BAB IV PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten

Panaliten ngengingi cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous gadhah asil saged manggihi jinis basa kias ingkang asring dipunginakaken ing karya sastra. Andharan kasebut jumbuh kaliyan menapa ingkang sampun dipunandharaken ing gegaran teori.

Jinis basa kias ingkang wonten ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous antawisipun metafora, personifikasi, perumpamaan utawi simile, sinekdoke, metonimia, hiperbola, pleonasme, saha sinestesia. Sasanesipun jinis basa kias, panaliti ugi badhe ngandharaken fungsi basa kias saha makna utawi teges basa kias ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous.

Objek ing panaliten punika kaperang saking sekawan tema inggih punika (a) tema katresnan *Gela, Pripun, Methuk, Kangen, Kempling* saha *Getun*; (b) tema pariwisata *Gunung Kidul Handayani, Geblek Kulon Progo*, saha *Simpang Lima*; (c) tema sosial *Lare Gunung, Sluman Slumun Slamet*, saha *Kanca Tani*; (d) tema dholanan *Othok Kouwok, Gethuk*, saha *Nginang karo Ngilo*. Jinis basa kias ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous saged dipunpriksani ing tabel ngandhap punika.

Tabel 3. Jinis, Fungsi, saha Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

No	Jinis Basa Kias	Indikator	Fungsi	Makna
1.	Metafora	<i>Kutha Wates mas, neng Kulon Progo</i> <i>Kutha cilik</i> ing tlatah Ngayogyakarta (sumber : tembang Geblek Kulon Praga)	a. Ndamel cekak tuturan b. Njlentrehaken tuturan	Ngandharaken dumunungipun kitha Kulon Progo. Kulon Progo punika ibukotanipun Wates, saha minangka salah satunggaling kitha ing tlatah Ngayogyakarta.
		<i>Adoh ratu caket watu sak gunung-gunung</i> <i>Kirang gaul kirang srawung</i> (sumber: tembang Lare Gunung)	a. Ndamel cekak tuturan b. Ndamel tandhesing tuturan c. Ndamel endahing swanten	Ngandharaken babagan kahanan, saha papan dumunungipun tokoh ing tembang kasebut.
		<i>Jebul ra sumbut, ra sumbut, jaman anyaran</i> (sumber : tembang Othok Kouwok)	a. Njlentrehaken tuturan b. Ndamel endahing swanten	Nyariosaken satunggal perangan utawi babagan ingkang dados rebutan ananging boten trep kaliyan menapa ingkang dipunkajengaken ing jaman punika
2.	Personifikasi	<i>Tega tegane atimu</i> <i>Gawe gela lan gawe kuciwa</i> (sumber : tembang Gela)	a. Nambah swasana gesang b. Ndamel tandhesing tuturan c. Kangge nyindhir	Nggambaraken raos bilih tiyang ingkang dados pepujaning ati gadhah raos tega saha ndamel gela tokoh.

Tabel 3 Lanjutan. Jinis, Fungsi, saha Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

No	Jinising Basa Kias	Indikator	Fungsi	Makna
2.	Personifikasi	<i>Bendhungan Sermo dadi primadhonane</i> (sumber : tembang Geblek Kulon Progo)	a. Ndamel endahing swanten b. Nambah swasana gesang	Ngandharaken objek pariwisata ing kitha Kulon Progo ingkang endah saha tinata. Salah satunggal objek pariwisanipun inggih punika Bendhungan Sermo ingkang dados primadhonanipun kitha Kulon Progo
		<i>Kae kae rembulane</i> <i>Yen disawang kok ngawe-awe</i> <i>Kaya-kaya ngelingake</i> <i>kanca kabeh aja padha turu sore</i> (sumber : tembang Gethuk)	a. Nambah swasana gesang b. Ndamel endahing swanten	Ngandharaken bilih nalika padhang rembulan masarakat dipunemutaken supados medhal saking griya, sareng-sareng gegojegan utawi dedolanan
3.	Simile	<i>Yen disawang kok ngawe-awe</i> <i>Kaya-kaya ngelingake</i> <i>Kanca kabeh aja pada turu sore</i> (sumber : tembang Gethuk)	a. Ndamel tandhesing tuturan	Cakepan tembang punika nandhesaken cara anggenipun penganggit nggambaraken swasana ing salebeting tembang.

Tabel 3 Lanjutan. Jinis, Fungsi, saha Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

No	Jinising Basa Kias	Indikator	Fungsi	Makna
3.	Simile	<i>Plonga-plongo anggepmu kaya wong bodho</i> (sumber : tembang <i>Nginang karo Ngilo</i>)	a. Ndamel tandhesing tuturan	Ngandharaken bilih tokoh ing cakepan tembang kasebut boten remen menawi tiyang ingkang dipuntresnani sampun blenjani janji utawi sampun sulaya
4.	Sinekdoke	<i>Gela gelaning atiku Yen kelingan jamane semana</i> (sumber : tembang <i>Gela</i>)	a. Ndamel cekak tuturan b. Nggambaraken raosing tokoh	Nggambaraken raosing tokoh ing tembang punika ingkang sampun tresna ananging tresnanipun dipundamel cidra dhateng pepujaning ati
		<i>Trima nasib kula lare gunung</i> (sumber : tembang <i>Lare Gunung</i>)	a. Kangge njlentrehaken b. Kangge ndamel endahing swanten	Ngandharaken sedaya babagan kangge negesi saperangan sanesipun. Tembung <i>kula</i> ing cakepan kasebut minangka perangan saking lare gunung.
5.	Metonimia	<i>Ndak pundi mbak ayu badhe tindak pundi Dingaren tindak wae ora numpak taksi</i> (sumber : <i>Randha Kempling</i>)	a. Ndamel cekak tuturan b. Ndamel endahing swanten	Ngandharaken salah satunggal jinising piranti transportasi umum ingkang asring dipunginakaken masarakat.

Tabel 3 Lanjutan. Jinis, Fungsi, dan Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

No	Jinising Basa Kias	Indikator	Fungsi	Makna
5.	Metonimia	<i>Diukir-ukir dhik kayune Jepara Wajik klethik enak dinggo wedangan (sumber : tembang Gela)</i>	a. Ndamel cekak tuturan b. Ndamel endahing swanten	Ngandharaken babagan salah satunggaling tetengeranipun kitha Jepara, inggih punika misuwur babagan kerajinan ukir kayu.
		<i>Nonton angguk dhik, neng pinggiring praga (sumber : Geblek Kulon Progo)</i>	a. Ndamel cekaking tuturan	Ngandharaken bilih kali praga ingkang wonten ing kulon progo
		<i>Geblek Wates dhik, sing kondhang kaloka (sumber : Geblek Kulon Progo)</i>	a. Ndamel cekaking tuturan b. Njlentrehaken tuturan	Cara anggenipun penganggit nepangaken geblek minangka panganan tradisional saking kitha Kulon Progo
6.	Hiperbola	<i>Getunku setaun Neng ati gela rasane kuciwa (sumber : Getun)</i>	a. Nggambaraken raosing tokoh b. Nuwuhaken kesan	Nggambaraken raos getun ingkang temen ingkang dipunraosaken tokoh.
		<i>Sithik-sithik mung ngalamun Anelangsa rina klawan wengi (sumber : Getun)</i>	a. Ngandharaken raosing tokoh b. Nuwuhaken kesan	Nggambaraken raos tokoh ingkang nembe nandang nelangsa, saengga namung saged ngalamun
		<i>Minta ampun ketiban amben (sumber : Getun)</i>	a. Ndamel cekaking tuturan b. Ngandharaken raosing tokoh	Nggambaraken raosing tokoh ing tembang, inggih punika tokoh

Tabel 3 Lanjutan. Jinis, Fungsi, dan Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

No	Jinising Basa Kias	Indikator	Fungsi	Makna
6.	Hiperbola		Ndamel endahing swanten	kasebut nyuwun pangapunten ananging boten dipuntampi kaliyan mitra tuturipun.
		<i>Iwak gurameh pangan welut</i> <i>Piye maneh wis bareng kebacut (sumber : Getun)</i>	Ndamel endahing swanten Nuwuhaken kesan	Cakepan tembang punika minangka kecapipun.
		<i>Mangan timun aja dicampur sabun (sumber: tembang Simpang Lima)</i>	Nuwuhaken kesan Ndamel endahing swanten	Ngandharaken kecapipun parikan, ingkang gadhah makna bilih nalika nedha timun punika boten kencing menawi dipuncampur kaliyan sabun
7.	Pleonasme	<i>Rana salah rene luput, ra dadi karepe</i> <i>(sumber: tembang Othok Kouwok)</i>	Ngandharaken raosing tokoh Ndamel tandhesing tuturan	Ngandharaken raosing tokoh ingkang boten wonten peneripun.
		<i>Sayuk saeka kapti</i> <i>(sumber: tembang Gunung Kidul Handayani)</i>	Ngandharaken raosing tokoh Ndamel tandhesing tuturan	Ngandharaken raos rukun kaliyan sarujuk utawi selaras pamanggihipun.
		<i>Sayuk rukun rame-rame</i> <i>(sumber: tembang Kanca Tani)</i>	Ngandharaken raosing tokoh Ndamel tandhesing tuturan	Ngandharaken pagesangan para tani ingkang sami rukun.

**Tabel 3 Lanjutan. Jinis, Fungsi, saha Makna Basa Kias ing Cakepan
Tembang Campursari Anggitanipun Manthous**

No	Jinising Basa Kias	Indikator	Fungsi	Makna
8.	Sinestesia	<i>Manising lathimu</i> <i>gawe cuwaning atiku</i> (sumber : tembang Gela)	Ngandharaken raosing tokoh Ndamel tandhesing tuturan	Ngandharaken satunggaling guneman ingkang sampun ndadosaken tokoh kuciwa manahipun.

B. Pirembagan

Panaliten punika adhedhasar wosing perkawis inggih punika jinis basa kias, makna basa kias, saha fungsi basa ing tembang campursari anggitanipun Manthous. Asil saking panaliten punika nedhahaken bilih ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous kathah ngginakaken basa kias. Basa kias ingkang wonten ing cakepan tembang campursari antawisipun metafora, personifikasi, perumpamaan utawi simile, sinekdoke, metonimia, saha hiperbola. Basa kias kasebut badhe dipunandharaken ing ngandhap punika.

1. Jinising Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

a. Metafora

Metafora inggih punika majas ingkang nglarasaken satunggal bab kaliyan bab sanesipun ananging boten ngginakaken bandhingan (Pardopo, 2000: 66). Basa kias metafora saged dipunsebat kiasan langsung. Wonten ing metafora boten migunakaken tembung-tembung ingkang nedhahaken bandhingan eksplisit. Ananging, migunakaken bandhingan implisit. Basa kias jinis metafora ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous badhe dipunandharaken kanthi dhata ing ngandhap punika.

Kutha Wates mas, neng Kulon Progo

Kutha cilik ing tlatah Ngayogyakarta (1)

(sumber : Geblek Kulon Praga)

Ing cakepan (1) *kutha cilik* punika gadhah teges bilih Kulonprogo punika salah satunggaling kutha ingkang kalebet ing tlatah Ngayogyakarta. Tembang kasebut nyariosaken dumunungipun kitha Wates ing Kulon Progo. *Kutha cilik ing*

tlatah Ngayogyakarta ateges bilih Kulon Progo minangka salah satunggaling kitha ing tanah Ngayogyakarta.

Basa kias metafora ing cakepan tembang kasebut gadhah fungsi kangge njlentrehaken, katingal saking tembung *kutha cilik* ingkang njlentrehaken papanipun kutha Kulon Progo saengga andharanipun langkung cetha. Fungsi sanesipun inggih punika ndamel cekaking tuturan. Amargi tembung *kutha cilik* punika badhe ngandharaken kitha Kulon Progo. Tanpa dipunsebataken sejatosipun tiyang sampun mangertosi bilih *kitha cilik* ingkang dipunmaksud inggih punika kitha Kulon Progo. Basa kias metafora ugi wonten ing dhata ngandhap punika.

Lendhang klambi, jarike kawung

Pak'e kuncung, mung bebetan sarung

Adoh ratu caket watu sak gunung-gunung

Kirang gaul kirang srawung

... (2)

(sumber : tembang Lare Gunung)

Cakepan tembang (2) kasebut, *adoh ratu caket watu sak gunung-gunung* ateges bilih tokoh ing tembang punika saking *pelosok* gunung. Andharan punika katingal saking tembung *adoh ratu* ingkang gadhah teges tebih saking ratu. Ing babagan punika saged dipuntegesi tebih saking Kraton Ngayogyakarta, utawi tebih saking segara. Cakepan salajengipun inggih punika *caket watu sak gunung-gunung* tembung kasebut nedhahaken bilih papan dumunung tokoh wonten ing *pelosok* gunung ingkang kathah seta ingkang ageng-ageng.

Fungsi basa kias saking cakepan tembang kasebut antawisipun (a) ndamel cekaking tuturan amargi tembung *adoh ratu caket watu sak gunung-gunung* punika langkung cekak tinimbang tegesipun, (b) ndamel tandhesing ukara amargi

tembung kasebut saged nandhesaken bilih papan jumenengipun tokoh punika kalebet *daerah pelosok*, (c) ndamel endahing ukara, babagan punika saged dipuntingali saking tibaning swanten “*ng*” ing pungkasaning larik utawi ingkang dipunsebut purwakanthi guru swara. Purwakanthi guru swara ing cakepan tembang kasebut inggih punika saking tembung *kawung*, *sarung*, *gunung*, saha *srawung*. Pangginaan purwakanthi guru swara punika kangge ndamel karya kasebut saged langkung mirunggan menawi dipunmirengaken. Basa kias metafora ugi wonten ing dhata ngandhap punika.

Othok kouwok, othok kouwok kembang rambutan
Ora monthok, ora monthok dinggo rebutan
Saben dina ribut, eker-ekeran
*Jebul ra sumbut, ra sumbut, **jaman anyaran** ... (3)*
 (sumber : tembang *Othok Kouwok*)

Ing cakepan tembang (3), *jaman anyaran* gadhah teges jaman sakpunika utawi jaman ingkang nembe dipunlampahi dening tokoh. Tembang cakepan kasebut punika nyariosaken perangan ingkang dipunributaken ananging boten sumbut utawi boten gathuk kaliyan menapa ingkang dipunkajengaken dening tokoh. Basa kias metafora ingkang dipunginakaken wonten kalih bandhingan inggih punika *jaman kaliyan anyaran*. Jaman ateges wekdal utawi mangsa ingkang dangu, dene anyaran tegesipun inggih punika enggal.

Fungsi basa kias saking cakepan tembang inggih punika ndamel endahing swanten. Babagan punika katingal saking sajak *a a a a* ingkang dipundamel dening penganggit inggih punika wonten ing tembung *rambutan*, *rebutan*, *eker-ekeran*, *jaman anyaran*. Tembang kirang endah bilih tembung *jaman anyaran*

dipungantos kaliyan tembung *jaman enggal*, sanajan gadhah teges ingkang memper.

Metafora ing cakepan tembang anggitanipun Manthous gadhah mapinten-pinten fungsi. Fungsi basa kias metafora ing cakepan tembang kasebut antawisipun kangge njlentrehaken, ndamel endahing swanten, ndamel cekaking tuturan, saha ndamel tandhesing tuturan.

b. Personifikasi

Personifikasi saged dipuntegesi minangka *pemanusiaan*. Miturut Keraf (2004 : 140) personifikasi inggih punika gaya basa kiasan kangge nggambaraken *benda-benda mati* utawi perangan ingkang mati, kadosta tiyang (dipungambaraken gadhah sipat kadosta tiyang). Personifikasi ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous badhe dipunandharaken kanthi dhata ing ngandhap punika.

Tega tegane atimu

Gawe gela lan gawe kuciwa

... (4)

(sumber : tembang Gela)

Cakepan tembang (4) punika, *tega-tegane atimu gawe gela lan gawe kuciwa* ngandharaken salah satunggaling tindak tanduk saha sipating manungsa. Saking tembung *tega-tegane atimu*, ati dipun-*personifikasikan* kados dene manungsa inggih punika gadhah raos tega utawi tegel. Personifikasi dipuntengeri kanthi tembung *tega-tegane* “tegel”. Dene, ing cakepan *gawe gela lan gawe kuciwa* ing cakepan tembang kasebut ugi nedhahaken bilih penganggit ngginakaken basa kias jinis personifikasi inggih punika saking tembung *gawe gela lan gawe kuciwa*. Ati dipunparingi tindak tandukipun manungsa ingkang saged damel *gela* “getun” saha

kuciwa “kirang saking sapantesipun”. Tembung-tembung kasebut limrahipun tindak tanduk ingkang dipunlampahi dening manungsa, ananging ing tembang punika dipunpatrapaken ing manah utawa ati.

Basa kias personifikasi ing cakepan kasebut gadhah fungsi antawisipun kangge nambah swasana gesang ing tembang saha kangge tandhesing ukara. Kanthi tembung *tega-tegane* saha *gawe gela lan gawe kuciwa*, penganggit badhe ndandosaken *ati* ing cakepan punika langkung gesang, saengga cakepan tembang ugi langkung tandhes anggenipun nyekaraken. Amargi tembung *ati* ing cakepan tembang punika gadhah teges ingkang *mendalam* saha langkung endah menawi dipuntandhingaken kaliyan tembung *sliramu*, sanajan gadhah teges ingkang memper. Sasanesipun andharan punika, basa kias personifikasi ing cakepan tembang anggitan Manthous punika ugi gadhah fungsi kangge nyindhiri pepujaning ati ingkang sampun damel gela saha kuciwa tokoh. Basa kias personifikasi ugi wonten ing dhata ngandhap punika.

Adhuh elok’e mas, sesawangane

Pinangka dadi obyek pariwisata

Bendhungan Sermo dadi primadhonane

Yekti nyata binangun ing Kulon Progo ... (5)

(sumber : tembang Geblek Kulon Progo)

Cakepan tembang ing (5), ndadosakaken tembung *bendhungan Sermo* kados dene manungsa inggih punika saged dados *primadhona* “tiyang estri ingkang nembang wonten ing *opera* ingkang dados demenan”. Tembung *dadi primadhonane* kasebut limrahipun kalebet salah satunggal sipat utawi tindak tandukipun manungsa ingkang gadhah teges saged damel tiyang sanes demen utawi dados *primadhona* kangge tiyang sanes. Ananging wonten ing cakepan

tembang punika, tindak tanduk kasebut dipunpatrapaken ing *bendhungan Sermo*. Sampun kita mangertosi bilih *bendhungan sermo* punika salah satunggaling papan pariwisata ingkang misuwur ing Kulon Progo.

Basa kias personifikasi ing cakepan tembang kasebut gadhah fungsi kangge nambah swasana gesang, tegesipun penganggit ndadosaken *bendhungan Sermo* ingkang sejatosipun papan pariwisata dipunparingi sipating manungsa inggih punika dados primadhona. Fungsi sasanipun inggih punika kangge ndamel endahing ukara. Endahing ukara kasebut saking sajak *ab ab* ing pungkasaning cakepan tembang punika. Andharan punika katingal saking tembung *sesawangane*, *pariwisata*, *primadhonane*, saha *Kulon Progo*. Cakepan kirang endah bilih panambang *-ne* ing tembung *primadhonane* dipunbucal, sinaosa boten ngowahi tegesing tembang. Basa kias personifikasi ugi wonten ing dhata ngandhap punika.

Kae kae rembulane
Yen disawang kok ngawe-awe
Kaya-kaya ngelingake
kanca kabeh aja padha turu sore ... (6)
 (sumber : tembang Gethuk)

Ing cakepan tembang nomer (6), rembulan dipunparingi tindak tandukipun manungsa kados dene saged sesrawungan (*ngawe-awe*) saha saged ngemutaken (*ngelingake*). Kalih tembung kasebut minangka wujud saking tindak tanduk ingkang dipunlampahi dening manungsa, ananging ing cakepan kasebut dipunpatrapaken ing rembulan.

Basa kias personifikasi ing cakepan tembang kasebut gadhah fungsi kangge nambah swasana gesang ing salebeting tembang, saengga kanthi tembung *ngawe-*

awe saha *ngelingake* dadosaken rembulan ing cakepan kasebut kadya gesang saha saged *berinteraksi* kaliyan manungsa. Personifikasi ing cakepan tembang kasebut ugi gadhah fungsi kangge ndamel endahing ukara. Kaendahanipun ukara saged katingal saking purwakanthi guru swara. Purwakanthi kasebut inggih punika swanten saking huruf vokal *e* ingkang sami, wonten ing tembung *rembulane*, *ngawe-awe*, *ngelingake*, saha *sore*. Babagan ingkang sami kala wau ndandosaken sajak *a a a a*. Cakepan tembang ing nginggil kirang endah bilih tembung *ngawe-awe* dipungantos *nyeluk-nyeluk*, sanajan gadhah makna ingkang memper inggih punika salah satunggaling kawiyatan kangge sesrawungan utawi *nyeluk manungsa*.

Fungsi basa kias ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous kathah ingkang dipunginakaken. Adhedhasar pirembagan ing nginggil saged dipunpundhut dudutan bilih fungsi basa kias personifikasi ing cakepan tembang anggitanipun Manthous inggih punika kangge nambah swasana gesang ing salebeting tembang, kangge tandhesing ukara, kangge nyindhir, kangge ndamel endahing swanten, saha kangge njlentrehaken perangan utawi babagan ing tembang.

c. Perumpamaan utawi Simile

Basa kias simile ing sastra Jawa dipunsebat pepindhan, pepindha saking tembung pindha. Hadiwidjana (1967 : 58) ngandharaken bilih pepindhan punika migunakaken tembung, *kadasta lir*, *kadi*, *kadya*, *pindha*, *kaya*, *lir*, *pindha*. Basa kias simile ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous badhe dipunandharaken kanthi dhata ing ngandhap punika.

*Kae-kae rembulane
Yen disawang kok ngawe-awe
Kaya-kaya ngelingake
Kanca kabeh aja pada turu sore ... (7)
(sumber : tembang Gethuk)*

Basa kias *perumpamaan* ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous dipunginakaken dening penganggit kangge nandhingaken satunggal perangan ingkan dipunraos memper kaliyan pepindhan ingkan dipunginakaken. Semanten ugi ing cakepan tembang (7) wonten tembung bandhingan ingkan nedahaken bandhingan eksplisit inggih punika *kaya-kaya*. Tembung *kaya-kaya* ing cakepan tembang kasebut ngandharaken bilih ngawe-awe punika kalebet salah bawa kangge nyeluk, utawi kangge ngelingake.

Fungsi basa kias simile ing cakepan tembang campursari punika antawisipun kangge tandhesing ukara. Cakepan kasebut nandhesaken cara penganggit anggenipun ngajak tiyang kangge kempal sareng-sareng, inggih punika kanthi tembung *ngawe-awe* ingkan dipungandheng kaliyan tembung *ngelingake*. Tandhesing ukara kasebut katingal saking tembung pepindhanipun inggih punika *kaya-kaya*. Tiyang ingkan ngawe dipunpindha kados dene tiyang ingkan paring pitutur utawi paring pawarta. Fungsi sanesipun inggih punika kangge njlentrehaken bilih tiyang menawi paring pawarta saged ngginakaken obahing awak utawi obahing raga inggih punika *ngawe-awe*. Basa kias simile ugi wonten ing dhata ngandhap punika.

*Plonga-plongo anggepmu **kaya** wong bodho ... (8)
(sumber : tembang Nginang karo Ngilo)*

Cakepan tembang (8) kalebet jinis basa kias simile katingal saking tembung *plonga-plongo anggepmu kaya wong bodho*, tembung *plonga-plongo* punika

kalebet salah satunggal tumindaking tiyang bodho. Tembang kasebut ngginakaken tembung bandhingan eksplisit inggih punika *kaya*. Tembung *kaya* dipunginakaken kangge paring pepindhan ing cakepan tembang kasebut antawisipun tiyang ingkang *plonga-plongo* kaliyan tiyang bodho.

Fungsi basa kias simile ing cakepan tembang kasebut kangge nandhesaken tumindaking tiyang bodho, inggih punika remen *plonga-plongo*. Tembung *plonga-plongo* punika sampun limrah dipunginakaken kangge ngandharaken tiyang ingkang bodho. Fungsi basa kias simile ing cakepan tembang kasebut ugi kangge njlentrehaken babagan. Tembung *kaya* “*seperti*” nedhahaken basa kias pepindhan, pepindhan ingkang dipunginakaken gadhah peran kangge njlentrehaken satunggaling babagan.

Cakepan tembang campursari kasebut minangka satunggaling andharan ngengingi salah satunggal tiyang ingkang gadhah tindak tanduk kados dene tiyang bodho. Dene, makna saking cakepan tembang kasebut penganggit badhe ngandharaken bilih tokoh ing tembang kasebut boten remen bilih tiyang ingkang dipunremeni blenjani janji saha boten gadhah raos salah, ugi gadhah penggalih menawi tokoh punika tiyang bodho ingkang boten mangertos tumindaking tiyang ingkang dipunremeni.

Adhedhasar pirembagan ing nginggil saged dipunpundhut dudutan bilih fungsi basa kias simile ing cakepan tembang anggitanipun Manthous wonten mapinten-pinten fungsipun. Dene, basa kias simile ing cakepan tembang dipunfungsikaken kangge nandhesaken ukara, ndamel endahing swanten saha kangge njlentrehaken satunggaling peranan.

d. Sinekdoke

Miturut Keraf (2004: 142) sinekdoke inggih punika gaya basa figuratif (basa kiasan) ingkang ngandharakaken saperangan babagan kangge njlentrehaken sedayanipun (*pars pro toto*), utawi basa figuratif ingkang ngandharaken sawetahipun perangan kangge negesi saperangan sanesipun (*totem pro parte*). Sinekdoke ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous badhe dipunandharaken kanthi dhata ing ngandhap punika.

Gela gelaning atiku
Yen kelingan jamane semana ... (9)
 (sumber : tembang Gela)

Cakepan tembang (9) sinekdoke ingkang dipunginakaken ing dhata kasebut inggih punika sinekdoke *pars pro toto* (saperangan babagan kangge ngandharaken sedayanipun), ingkang dipuntengeri kanthi tembung *atiku*. Tembung kasebut njlentrehaken bilih tembung *ati* ing cakepan tembang punika ateges nedahaken ingkang gela boten namung manahipun kemawon ananging ugi dhirinipun tokoh. Basa kias sinekdoke dipuntengeri kanthi tembung *atiku*, amargi *ati* punika satunggal perangan saking raganipun manungsa. *Ati* ing cakepan tembang punika ateges ngandharaken raosing tokoh ingkang gela menawi ngemut-emut tiyang ingkang nate dipunremeni. Babagan punika gegayutan kaliyan tembung *jamane semana*.

Basa kias sinekdoke ing cakepan tembang (9) kasebut gadhah fungsi kangge ndamel cekaking ukara. Tembung *atiku* punika minangka wakil saking dhirinipun tokoh kangge ngandharaken bilih ingkang ngraosaken gela boten namung manahipun kemawon. Saengga, tembung *atiku* punika langkung cekak menawi

dipunginakaken. Basa kias sinekdoke ugi gadhah fungsi inggih punika kangge nggambaraken raosing penganggit. Tembung *gela-gelaning atiku* dipunginakaken dening penganggit kangge nggambaraken bilih penganggit punika ngraosaken gela ingkang temen ing dhirinipun. Babagan punika saged dipuntengeri saking tembung gela ingkang dipuncethakaken kanthi tembung *gela-gelaning*. Basa kias sinekdoke ugi wonten ing dhata ngandhap punika.

Trima nasib kula lare gunung ... (10)
(sumber : tembang Lare Gunung)

Cakepan tembang (10) kasebut kalebet jinising basa kias sinekdoke *totem pro parte*. Andharan punika jumbuh kaliyan tembung *lare gunung* ingkang ngandharaken sedaya babagan kangge negesi saperangan sanesipun. Tembung *kula* ing cakepan kasebut minangka perangan saking *lare gunung*. Saengga, tembung *lare gunung* ingkang dipunmaksud inggih punika boten sedaya tiyang ingkang mapan wonten gunung, ananging namung satunggal tiyang ingkang dados wakil saking tembung *lare gunung*.

Fungsi basa kias sinekdoke ing nginggil kangge njlentrehaken bilih tokoh ing tembang kasebut minangka perangan saking *lare gunung*. Sinekdoke ing cakepan kasebut minangka sarana ndamel endahing swanten. Endahing swaten punika katingal saking purwakanthi swara kanthi sajak *a a a a*. Sajak punika dipuntengeri saking tembung *mendhung, bingung, dipetung, saha gunung*.

Fungsi basa kias sinekdoke ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous kathah ingkang dipunginakaken. Adhedhasar pirembagan ing nginggil saged dipunpundhut dudutan bilih fungsi basa kias sinekdoke ing cakepan

tembang anggitanipun Manthous antawisipun kangge ndamel cekak tuturan, ngandharaken raosing penganggit, ndamel endahing swanten, saha kangge njlentrehaken perangan.

e. Metonimia

Metonimia saking basa Yunani, inggih punika *meta* ateges *berarti* saha *onym* ateges nama. Miturut Achmadi (1988: 167) metonimia inggih punika jinising basa kias ingkang ngewrat tembung-tembung ingkang gadhah teges langkung wiyar utawi langkung rumpak maknanipun. Metonimia ing cakupan tembang campursari anggitanipun Manthous badhe dipunandharaken kanthi dhata ing ngandhap punika.

*Ndak pundi mbak ayu badhe tindak pundi
Dingaren tindak wae ora numpak **taksi** ... (11)*
(sumber : Randha Kempling)

Ing dhata (11), jinis basa kias metonimia katingal saking tembung *taksi* “*jinis mobil transportasi*”. Taksi minangka salah satunggaling piranti transportasi umum. Saengga tembung taksi ing cakupan tembang kasebut dipunginakaken minangka wakil saking salah satunggal mobil ingkang limrahipun kangge transportasi umum.

Fungsi saking basa kias metonimia ing cakupan tembang kasebut kangge ndamel cekak tuturan, saha ndamel endhahing swanten. Fungsi ndamel cekaking tuturan katingal saking panggunaan tembung taksi tanpa dipuntambahi tembung mobil. Tanpa tambahan tembung mobil punika, sejatosipun tiyang sampun mangertosi bilih taksi ingkang dipunmaksud dening penganggit inggih punika salah satunggal jinis mobil ingkang dipunginakaken kangge transportasi umum.

Fungsi ndamel endahing swanten katingal saking tembung taksi punika paring peran ing sajak *a a a a*. Sajak kasebut gadhah pengaruh ing tembung *pundi*, *taksi*, *wedi*, saha *ngancani*. Tembang kasebut kirang kapireng endah bilih tembung taksi dipungantos bis, sanajan tembung kasebut gadhah makna ingkang memper. Endahing swanten ugi katingal saking pamilihanipun tembung *ndak*, *mbak*, *tindak*, saha *numpak*. Tembung-tembung punika menawi dipunmirengaken gadhah swanten ingkang mirunggen. Basa kias metonimia ugi wonten ing dhata ngandhap punika.

*Diukir-ukir dhik **kayune Jepara***
Wajik klethik enak dinggo wedangan ... (12)
 (sumber : Getun)

Ing dhata (12) basa kias metonimia katingal saking tembung *kayune Jepara*. Jepara dipunginakaken kangge ngandharaken papan dumunungipun kayu, saengga kangge ngandharaken dipunginakaken basa kias metonimia *kayune Jepara*. Tanpa nyukani tembung *saka “dari”*, sejatosipun tiyang ingkang nyekaraken sampun mangertosi bilih sesebutan *kayune Jepara* kangge ngandharaken bilih kayu punika saking kitha Jepara. Amargi kitha Jepara punika misuwur babagan *kesenian ukiran kayu*.

Fungsi metonimia ing nginggil kangge ndamel cekak tuturan saha kangge ndamel endahing swanten. Endahing swanten dipuntengeri saking purwakanthi swara ing pungkasaning ukara wujudipun sajak *ab ab*. Babagan punika katingal saking tembung *Jepara*, *wedangan*, *lara*, saha *gendhingan*. Tembang kirang langkung endah bilih tembung *Jepara* dipungantos kaliyan tembung *Kalimantan*.

Sinaosa kitha *Jepara* saha *Kalimantan* minangka kitha ingkang misuwur babagan kayu. Basa kias metonimia ugi wonten ing dhata ngandhap punika.

*Nonton angguk dhik, neng **pinggiring praga** ... (13)*
(sumber : *Geblek Kulon Progo*)

Ing cakepan tembung (13), tembung *pinggiring praga* kalebet basa kias metonimia. Maksud saking tembung kasebut inggih punika *pinggiring Kali Praga*. Tanpa nyebataken tembung *kali*, tiyang ingkang maos sejatosipun sampun mangertos bilih *praga* wonten mriki gadhah maksud kangge ngandharaken *kali Praga*. Andharan punika dipungayutaken kaliyan kitha Kulon Progo, ingkang gadhah *kali*. Salah satunggaling *kali* kasebut gadhah nama inggih punika *kali Praga*. Saengga tari angguk ing tembang punika dipunadani wonten ing *pinggir kali Praga*.

Fungsi metonimia ing cakepan tembang kasebut kangge ndamel cekak tuturan. Tembung *pinggiring praga* sampun cepak kangge ngandharaken maksud saking penganggit, inggih punika *pinggiring kali Praga*. Basa kias metonimia sasanesipun ugi katingal ing dhata ngandhap punika.

***Geblek Wates** dhik, sing kondhang kaloka (14)*
(sumber : *Geblek Kulon Progo*)

Ing dhata (14), metonimia katingal saking tembung *geblek Wates*. *Wates* dipunginakaken kangge njlentrehaken bilih *geblek* punika asalipun saking *Wates*. Tembung *geblek Wates* punika sampun dipunmangertosi dening masarakat bilih *geblek* punika asli saking *Wates*. Sanajan boten dipunsukani tembung *saka* “*dari*”. Saking cakepan ing nginggil penganggit badhe nepangaken salah satunggaling panganan khas saking *Wates*. Dene, *wates* punika minangka ibukota

saking kitha Kulon Progo, saengga salah satunggaling panganan khas kitha kasebut inggih punika *geblek*. *Geblek* punika sampun misuwur minangka jinising panganan saking kitha Kulon Progo wonten ing masarakat sakiwa tengenipun kitha Kulon Praga.

Saking andharan ing nginggil, saged dipunpundhut dudutan bilih fungsi basa kias metonimia ing cakepan kasebut kangge ndamel cekak tuturan saha kangge njlentrehaken. Fungsi basa kias kangge njlentrehaken, cakepan tembang kasebut njlentrehaken ngengingi *geblek Wates* minangka panganan tradhisional ingkang sampun misuwur wonten ing masarakat, inggih punika saking tembung *kondhang kaloka*.

Adhedhasar pirembagan ing nginggil saged dipunpundhut dudutan bilih fungsi basa kias metonimia ing cakepan tembang anggitanipun Manthous wonten mapinten-pinten fungsipun. Dene, basa kias simile ing cakepan tembang dipunfungsikaken kangge ndamel cekaking tuturan, kangge njlentrehaken saha kangge ndamel endahing swanten.

f. Hiperbola

Miturut Waluyo (1987: 85) hiperbola inggih punika basa kias ingkang nyangetaken satunggaling perangan, supados saged narik kawigatosanipun pamaos. Hiperbola ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous badhe dipunandharaken kanthi dhata ing ngandhap punika.

Getunku setaun

Ning ati gela rasane kuciwa

... (15)

(sumber : *Getun*)

Ing cakepan tembang (15), tembung *getunku setaun* kalebet basa kias hiperbola. Sejatosisipun, boten wonten tiyang ingkang gadhah raos getun dumugi satunggal taun. Kanthi tembung *getunku setaun*, penganggit badhe njlentrehaken raos getun ingkang dipunraosaken dening tokoh ing tembang kasebut. Fungsi sasanesipun inggih punika kangge nuwuhaken kesan. Kesan punika katingal langkung cetha saking andharanipun penganggit bilih rasa getun ingkang dipunraosaken tokoh ing cakepan tembang kasebut dipungandheng kaliyan tembung gela saha kuciwa. Saengga cakepan kasebut nggambaraken bilih tokoh kasebut ngraosaken getun ingkang temen. Basa kias hiperbola ugi wonten ing dhata ngandhap punika.

***Sithik-sithik mung ngalamun
Anelangsa rina klawan wengi***

... (16)
(sumber : *Getun*)

Dhata kanthi nomer (16), nedhahaken panggunaan basa kias hiperbola kangge nggambaraken kahananipun tokoh ingkang nelangsa gesangipun. Saengga, wekdalipun dipunginakaken kangge ngalamun. Tamtu kemawon kanthi tembung *sithik-sithik mung ngalamun, anelangsa rina klawan wengi* penganggit badhe ndamel kahanan ingkang wonten ing cakepan tembang langkung *dramatisir*.

Fungsi basa kias hiperbola ing tembang kasebut antawisipun kangge ngandharaken raosing penganggit. Penganggit ngraosaken getun ingkang temen, babagan punika langkung cetha saking andharan *anelangsa rina klawan wengi*. Tembung kasebut ugi kalebet basa kias hiperbola. Amargi ing pagesangan punika, boten badhe kalampahan bilih tiyang ingkang nelangsa punika nelasaken wekdal siang dumugi ndalu. Tanpa nindakaken kagiyatan sanesipun. Saking

andharan punika, fungsi sasanipun inggih punika kangge nuwuhaken kesan. Basa kias hiperbola ugi wonten ing dhata ngandhap punika.

Minta ampun ketiban amben ... (17)
(sumber : Getun)

Saking dhata (17), tembung *minta ampun ketiban amben* punika kalebet hiperbola amargi tembung ketiban amben punika ateges boten dipuntampi anggenipun nyuwun pangapunten. Saking andharan punika saged dipunandharaken fungsi hiperbola ing cakepan kasebut kangge ndamel cekak tuturan. Cakepan kasebut ugi kangge sarana penganggit nggambaraken raosing tokoh ing tembang, inggih punika tokoh kasebut nyuwun pangapunten ananging boten dipuntampi kaliyan mitra tuturipun.

Fungsi sanesipun basa kias ing cakepan kasebut kangge ndamel endahing swara. Amargi ing tembang punika gadhah purwakanthi swara *a a a a* inggih punika saking tembung *kepriben, amben, saha kajengen*. Basa kias hiperbola ugi wonten ing dhata ngandhap punika.

Iwak gurameh pangan welut
Piye maneh wis bareng kebacut ... (18)
(sumber : Getun)

Ing dhata (18), tembung *iwak gurameh pangan welut* kalebet basa kias hiperbola. Babagan punika gayut kaliyan pakan welut punika sanes ulam gurameh ananging cacing. Tembung pangan welut punika dipunginakaken kangge geguyonan ugi kangge sarana ndamel endahing swanten. Limrahipun ingkang remen nedha ulam gurameh punika manungsa, sanes welut.

Fungsi basa kias kangge ndamel endahing swanten katingal saking purwakanthi swara kanthi sajak *aa bb*. Andharan punika gayut kaliyan tembung

bingung, bingung, welut, saha kebacut. Fungsi sasanipun inggih punika sarana nuwuhaken kesan kangge tiyang ingkang mirengaken tembang campursari. Basa kias hiperbola ugi wonten ing dhata ngandhap punika.

Mangan timun aja dicampur sabun ... (19)
(sumber : *Simpang Lima*)

Cakepan kasebut kalebet basa kias hiperbola dipuntengeri saking tembung *mangan timun aja dicampur sabun*. Sampun dipunmangertosi bilih sabun punika sanes jinising panganan. Saengga, basa kias ing cakepan tembang kasebut kangge nuwuhaken kesan supados saged narik kawigatosanipun tiyang ingkang mirengaken.

Saking andharan ing nginggil fungsi basa kias hiperbola ing cakepan tembang campursari wonten kathah. Fungsi hiperbola ingkang wonten ing nginggil antawisipun kangge ndamel endahing swanten, kangge njlentrehaken, kangge nuwuhaken kesan, kangge ndamel cekaking tuturan, saha kangge ngandharaken raosing penganggit.

g. Pleonasme

Basa kias pleonasme ugi wonten ing cakepan tembang anggitanipun Manthous. Pleonasme inggih punika jinis basa kias ingkang ngginakaken kalih tembung ingkang nggadhahi teges utawi makna ingkang sami. Pangginaan basa kias pleonasme ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous badhe dipunandharaken kanthi dhata ing ngandhap punika.

Rana salah rene luput, ra dadi karepe ... (20)
(sumber : *Othok Kouwok*)

Cakepan tembang kanthi nomer (20) kalebet basa kias pleonasme ingkang ngginakaken kalih tembung ingkang gadhah teges utawi makna sami. Makna ingkang sami saking cakepan tembang kasebut inggih punika *rana salah rene luput*. Saking tembung punika penganggit badhe ngandharaken menapa ingkang dipunraosaken tokoh ing tembang kasebut. Tokoh ngraosaken bilih menapa kemawon tumindak ing tokoh boten wonten peneripun. Andharan punika trep kaliyan tembung *salah* ingkang tegesipun sami kaliyan tembung *luput*.

Fungsi basa kias pleonasme ing cakepan tembang kasebut kangge sarana ngandharaken raosing tokoh ing tembang campursari. Ugi saged kangge tandhesing ukara, tandhesing ukara punika katingal saking tembung ingkang dipunginakaken, inggih punika tembung *salah* ingkang dipunambali kanthi ngginakaken tembung *luput*. Basa kias pleonasme ugi wonten ing dhata ngandhap punika.

Sayuk saeka kapti

... (21)
(sumber : Gunung Kidul Handayani)

Cakepan tembang kanthi nomer (21) nedhahaken tembung ingkang sami teges utawi maknanipun. Tembung kasebut inggih punika sayuk saeka kapti ingkang gadhah teges inggih punika saged rukun kaliyan sarujuk utawi *selaras* pamanggihipun. Tembung *saeka saha kapti* gadhah teges ingkang sami, inggih punika *selaras*. Tembung punika kangge nggambaraken pasedherekanipun masarakat Gunung Kidul.

Fungsi basa kias ing tembung kasebut antawisipun kangge ndamel endahing swanten, kangge nuwuhaken kesan. Fungsi basa ndamel endahing swanten punika

katingal saking purwakanthi swara ing pungkasaning larik inggih punika awujud sajak *a a a a* ingkang dipuntengeri ing tembung *kapti, nguciwani, pangarsi, saha handayani*. Tembang kirang endah bilih tembung kapti dipungantos sarujuk, sanajan makna tembung kasebut memper. Basa kias pleonasme ugi wonten ing dhata ngandhap punika.

Sayuk rukun *rame-rame* ... (22)
(sumber : *Kanca Tani*)

Cakepan tembang campursari (22) nedhahaken basa kias pleonasme inggih punika saking tembung *sayuk rukun*. Sayuk ateges rukun, pramila tembung sayuk kaliyan rukun punika gadhah teges utawi makna ingkang sami. Saengga bilih tembung *sayuk* wonten ing tembang kasebut dipunbucal, teges utawi makna saking cakepan tembang punika boten ewah. Tembung *sayuk* punika dipunginakaken kangge nambah kesan tiyang ingkang mirengaken. Tembang punika gadhah teges kangge njlentrehaken pagesangan para tani. Andharan punika gegayutan kaliyan cakepan tembang salajengipun ingkang nedhahaken rukunipun para tani.

Basa kias jinis pleonasme ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous gadhah mapinten-pinten fungsi. Fungsi pleonasme antawisipun kangge ngandharaken, ndamel endahing swanten, saha kangge njlentrehaken.

h. Sinestesia

Basa kias sinestesia inggih punika jinising basa kias ingkang tembungipun gadhah sesulih kanthi ngginakaken bandhingan *indera* ingkang sanes (*pertukaran tanggapan 2 indera* ingkang sanes). Basa kias sinestesia ugi wonten ing cakepan

tembang campursari anggitanipun Manthous. Sinestesia ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous badhe dipunandharaken kanthi dhata ing ngandhap punika.

Manising lathimu gawe cuwaning atiku ... (23)
(sumber : Gela)

Sinestesia ing cakepan tembang (23) katingal saking tembung *manis* ingkang dipunginakaken. Tembung *manis* punika limrahipun dipunraosaken kaliyan indera *perasa* utawi ilat. Ananging, ing tembang kasebut *manis* wonten mriki dipunraosaken dening tokoh kanthi sumber saking lathi. Tegesipun gunemanipun mitra tutur sampun ndamel cuwaning manahipun tokoh. Saengga wonten *pertukaran* tanggapan antawisipun ilat kaliyan lathi. Makna saking cakepan tembang kasebut ngandharaken satunggaling guneman ingkang sampun ndadosaken tokoh kuciwa manahipun.

Fungsi basa kias sinestesia ing nginggil kangge nuwuhaken kesan supados saget narik kawigatosan. Penganggit kangge narik kawigatosanipun tiyang ingkang mirengaken tembang kasebut kanthi ngginakaken tembung *manis*. Saking andharan punika fungsi basa kias sinestesia inggih punika kangge nuwuhaken kesan.

Wonten wolu basa kias ingkang dipunpanggihi ing cakepan tembang campursari anggitan Manthous. Cakepan tembang campursari anggitan Manthous kasebut gadhah fungsi piyambak-piyambak, sasanipun gadhah fungsi cakepan kasebut ugi gadhah makna basa kias ingkang saged dipuuntemtokaken saking tembung utawi ukara. Ing ngandhap punika badhe dipunandharaken makna basa

kias ingkang dipunginakaken ing cakepan tembang campursari anggitan Manthous.

2. Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

Miturut Zaidan dkk (2007 : 125) makna inggih punika gegayutanipun tembung kaliyan babagan utawi perangan ingkang dipuntengeri utawi dipunsebat makna denotatif, saha gegayutanipun tembung kaliyan pamikiranipun tiyang utawi dipunsebat makna konotatif. Adhedhasar andharan punika saged dipunpundhut dudutan bilih jinising makna wonten kalih inggih punika makna denotatif saha makna konotatif. Makna denotatif saged dipunwastani makna harfiah saking satunggaling tembung, dene makna konotatif inggih punika makna tambahan ing tembung ingkang gumantung kaliyan maksud utawi penggalihing penganggit.

Gegayutanipun makna ing panaliten punika, basa kias ingkang dipunpanggihi wonten ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous saged dipunperang inggih punika, makna kias tembung-tembung basa kias ing cakepan tembang campursari anggitan Manthous saged dipuntegesi adhedhasar tembung-tembung ingkang wonten ing ukara. Utawi adhedhasar satunggal tembang. Ing ngandhap punika badhe dipunjlentrehaken makna basa kias ing cakepan tembang campursari anggitan Manthous.

a. Makna Basa Kias Metafora

Makna basa kias ing cakepan tembang campursari anggitan Manthous saged dipunpanggihi saking tembung-tembung ingkang wonten ing ukara. Makna

saking basa kias metafora ingkang dipunginakaken ing cakepan tembang campursari anggitan Manthous saged dipuntingali ing dhata ngandhap punika.

Kutha Wates mas, ning Kulon Progo

Kutha cilik ing tlatah Ngayogyakarta

.... (24)

(sumber : *Geblek Kulon Praga*)

Makna saking basa kias metafora ngandharaken babagan papanipun Kitha wates ingkang wonten ing Kulon Progo. Cakepan tembang kasebut ugi ngandharaken papanipun kitha Kulon Progo ingkang wonten ing tlatah Ngayogyakarta. Andharan punika saking tembung *kutha cilik* ingkang ngginakaken basa kias metafora.

Tembung ingkang wonten ing cakepan tembang campursari punika dados salah satunggaling cara penganggit kangge nedhahaken papanipun kitha Kulon Progo. Kanthi tembang punika penganggit ugi nepangaken sedaya babagan ngengingi kitha Kulon Progo. Andharan punika gayut kaliyan cakepan tembang salajengipun. Saengga tembang campursari *Geblek Kulon Progo* anggitanipun Mantous punika kalebet tembang ingkang gadhah tema pariwisata. Makna basa kias Metafora ugi wonten ing dhata ngandhap punika.

Lendhang klambi, jarike kawung

Pak'e kuncung, mung bebetan sarung

Adoh ratu caket watu sak gunung-gunung

Kirang gaul kirang srawung

... (25)

(sumber : *tembang Lare Gunung*)

Cakepan tembang ing nginggil kalebet parikan kanthi sajak *a a a a*. Larik setunggal saha kalih minangka dados *sampiran*, dene larik tiga saha sekawan minangka wosipun. Cakepan tembang kasebut nedhahaken panggenanipun tiyang gunung. Dalemipun tebih saking *ratu*, ing tembang punika tembung *ratu* saged

dipuntegesi kalih perkawis. Sepisan, *ratu* punika nedhahaken ratuning kraton (kraton Ngayogyakarta). Kaping kalih, *ratu* ing tembang punika ateges ratuning segara (ingkang dipunwatani segara inggih punika segara parangtritis). Salajengipun, tembung *caket watu sak gunung-gunung* gadhah teges bilih dalemipun tiyang punika kathah seta ingkang ageng. Saged dipunwastani ageng punika amargi saking tembung basa kias metafora inggih punika *sak gunung-gunung*. Gunung punika perangan ingkang ageng, dados seta ing papanipun tiyang gunung punika kathah seta ingkang ageng.

Kanthi tembang *Lare Gunung* penganggit badhe ngandharaken babagan swasana, kahanan, saha papan dumunungipun tokoh ing tembang kasebut. Saking tembung *adoh ratu caket watu sak gunung-gunung* punika saged nggambaraken papan ingkang dipunmaksud dening penganggit inggih punika Gunung Kidul. Saged dipunwastani mekaten amargi menawi dipuntingali saking asalipun penganggit inggih punika Gunung Kidul, sampun trep kaliyan menapa ingkang dipunandharaken. Kitha Gunung Kidul punika kalebet kitha ingkang tebih saking kraton utawi segara parangtritis, saha kitha Gunung Kidul punika kathah seta ingkang ageng.

Cakepan tembang *kirang gaul kirang srawung* punika nedhahaken babagan sosialipun masarakat gunung. Masarakat gunung punika tiyang ingkang kirang *gaul* babagan *dunia luar*, amargi kirang gaul punika dadosaken masarakat gunung punika kirang srawung kaliyan *dunia luar*. Cakepan tembang kasebut trep kaliyan kahanipun tiyang Gunung Kidul, taksih kathah tiyang Gunung Kidul ingkang boten remen medal saking kithanipun. Masarakat Gunung Kidul langkung remen

manggen ing kithanipun ngolah tetanduran saha ternakipun. Amargi tembang punika gadhah wos ngingingi pagesanganipun tiyang gunung, saengga tembang punika kalebet tembang kanthi tema sosial. Makna basa kias Metafora sasanesipun wonten ing cakepan tembang ngandhap punika.

*Othok kouwok, othok kouwok kembang rambutan
Ora monthok, ora monthok dinggo rebutan
Sabèn dina ribut, eker-ekeran
Jebul ra sumbut, ra sumbut, **jaman anyaran** ... (26)
(sumber : tembang Othok Kouwok)*

Cakepan tembang *othok kouwok* punika kalebet tembang dolanan. Othok kouwok gadhah teges kembang sikatan, ananging wonten ing tembang kasebut othok kouwok dipunwastani kanthi kembang rambutan. Teges saking tembang kasebut inggih punika nyariosaken satunggal perangan utawi babagan ingkang dados rebutan ananging boten trep kaliyan menapa ingkang dipunkajengaken ing jaman punika. Penganggit badhe ngandharaken raosing tokoh ing cakepan tembang punika. Tokoh ngraosaken bilih menapa ingkang dipunrebutaken boten sumbut utawi boten cocok, kaliyan kahanan jaman sapunika.

Adhedhasar andharan kasebut makna basa kias ing cakepan tembang campursari anggitan Manthous punika gadhah mapinten-pinten makna. Makna basa kias ing cakepan tembang campursari anggitan Manthous antawisipun inggih punika kangge nyariosaken utawi ngandharaken satunggaling papan, ugi kangge ngandharaken babagan utawi perangan ing jaman sapunika.

b. Makna Basa Kias Personifikasi

Makna basa kias personifikasi saged dipunmangertosi kanthi tembung-tembung ingkang wonten ing ukara. Dhata ngengingi basa kias personifikasi saged dipuntingali ing ngandhap punika.

Tega tegane atimu

Gawe gela lan gawe kuciwa

... (27)

(sumber : tembang Gela)

Cakepan tembang anggitan Manthous ing nginggil gadhah makna bilih penganggit badhe ngandharaken raosing tokoh ing tembang kasebut. Tembang kasebut nggambaraken raos bilih tiyang ingkang dados pepujaning ati gadhah raos tega saengga ndamel gela saha kuciwaning tokoh.

Tembang *gela* punika dipunsekaraken dening tiyang kakung dhateng tiyang estri. Andharan punika dipuntengeri kanthi tembung *cah ayu* ing cakepan tembang salajengipun. Tembang punika dipunkajengaken kangge wanita ingkang nate dipuntresnani. Saged dipunwastani mekaten saking tembung *jamane semana* ing cakepan sanesipun. Dene, tembung *ati* ing tembang kasebut kangge ngandharaken bilih tiyang ingkang dipuntresnani kasebut temen anggenipun *tega* saengga damel *gela* saha *kuciwa* tokoh ing tembang kasebut. Tembung *ati* dipunparingi sipating manungsa inggih punika gadhah raos tega saha saged ndamel tiyang sanes *gela* kaliyan *kuciwa*. Makna basa kias personifikasi sasanesipun inggih punika katingal ing dhata ngandhap punika.

Adhuh elok’e mas, sesawangane

Pinangka dadi obyek pariwisata

Bendhungan Sermo dadi primadhonane

Yekti nyata binangun ing Kulon Progo

... (28)

(sumber : tembang Geblek Kulon Progo)

Cakepan tembang ing nginggil minangka cakepan tembang salajengipun saking dhata nomer (28). Cakepan tembang kasebut gambaraken endahing swasana kitha Kulon Progo. Kathah objek pariwisata ing kitha Kulon Progo ingkang endah saha tinata. Salah satunggaling objek pariwisata ingkang misuwur ing Kulon Progo inggih punika Bendhungan Sermo. Saengga, Bendhungan Sermo punika dados primadhona utawi papan ingkang dipunremeni dening wisatawan. Ing tembang punika tembung *bendhungan Sermo dadi primadhonane* minangka basa kias personifikasi. Tembung primadhona gadhah teges inggih punika tiyang estri ingkang nembang wonten ing *opera* ingkang dados *idola*. Ananging wonten tembang punika, penganggit dadosaken bendhungan Sermo minangka primadhona. Limrahipun ingkang saged dados primadhona nun inggih manungsa, mliginipun tiyang estri. Makna basa kias personifikasi sasanipun ugi wonten ing cakepan tembang ing ngandhap punika.

Kae kae rembulane

Yen disawang kok ngawe-awe

Kaya-kaya ngelingake

kanca kabeh aja padha turu sore ... (29)

(sumber : tembang Gethuk)

Cakepan tembang campursari ing nginggil gadhah makna inggih punika penganggit ngandharaken bilih nalika padhang rembulan masarakat dipunemutaken supados medhal saking griya, sareng-sareng pirembagan, gegojegan utawi dedolanan. Tembang punika trep kaliyan kahanan utawi adat tiyang ing jaman rumiyin, ingkang remen kempal nalika padhang rembulan.

Ing jaman rumiyin dereng wonten listrik kados dene jaman sapunika, saengga menawi padhang rembulan, swasana ing desa padhang kados dene wayah rina.

Pramila, kathah tiyang ingkang medal supados saged kempal sesarengan. Kanthi tembung rembulan ingkang dipunparing sipat manungsa inggih punika saged *ngawe-awe* saha *ngelingake* kangge narik kawigatosanipun tiyang ingkang mirengaken tembang kasebut.

Makna basa kias personifikasi ing cakepan tembang anggitan Manthous gadhah teges maneka warna. Teges punika antawisipun kangge ngandharaken raosing penganggit, kangge nepangaken salah papan pariwisata, saha kangge sarana ngemutaken tiyang.

c. Makna Basa Kias Perumpamaan utawi Simile

Makna basa kias simile utawi perumpamaan punika saged dipunpanggihi kanthi tembung-tembung ingkang wonten ing salebeting ukara. Dhata ngengingi basa kias simile saged dipuntingali ing ngandhap punika.

Kae-kae rembulane
Yen disawang kok ngawe-awe
Kaya-kaya ngelingake
Kanca kabeh aja pada turu sore ... (30)
 (sumber : tembang Gethuk)

Tembang kasebut gadhah makna bilih tiyang ingkang ngawe-awe punika kados dene tiyang ingkang ngemutaken. Basa kias simile ing cakepan tembang punika nandhesaken cara anggenipun penganggit nggambaraken wiraga tokoh ing tembang punika. Limrahipun tiyang *ngawe-awe* punika gadhah teges kalih inggih punika tiyang ingkang nimbali tiyang sanesipun, utawi ugi kangge ngemutaken tiyang sanes. Tembang punika kalebet tembang dolanan amargi teges saking tembang punika nun inggih sarana kangge ngempalaken tiyang. Makna basa kias simile ugi wonten ing dhata ngandhap punika.

*Plonga-plongo anggepmu **kaya** wong bodho ... (31)*
(sumber : tembang Nginang karo Ngilo)

Tembang kasebut ngandharaken bilih salah satunggaling tumindak ing tiyang bodho inggih punika plonga-plongo. Basa kias *perumpamaan* ingkang dipunginakaken ing cakepan tembang campursari anggitan Manthous gadhah dipunginakaken kangge nandhingaken babagan ingkang memper kaliyan *perumpamaan* ingkang dipunginakaken. Penganggit badhe ngandharaken bilih tokoh ing cakepan tembang kasebut boten remen menawi tiyang ingkang dipuntresnani sampun blenjani janji utawi sampun sulaya. Ing tembang kasebut tiyang ingkang sampun sulaya boten gadhah raos salah kaliyan tokoh ing tembang kasebut. Saengga, tokoh ngraosaken bilih piyambakipun sampun dipunanggep tiyang ingkang bodho, tiyang ingkang boten mangertos menapa-napa.

Adhedhasar andharan punika makna basa kias ing cakepan tembang campursari kathah wernipun. Makna basa kias simile ing tembang kasebut antawisipun kangge nggambaraken kangge ngajak saha kangge nyindhiri.

d. Makna Basa Kias Sinekdoke

Makna basa kias sinekdoke punika saged dipunmangertosi kanthi tembung-tembung ingkang wonten ing salebeting ukara. Dhata ngengingi basa kias sinekdoke saged dipuntingali ing ngandhap punika.

*Gela gelaning **atiku***
Yen kelingan jamane semana ... (32)
(sumber : tembang Gela)

Makna basa kias sinekdoke ing cakepan tembang kasebut kangge ngandharaken raos gela ingkang dipunraosaken dening tokoh. Raos gela punika

tuwuh nalika tokoh ing cakepan tembang kasebut ngemut-emut pepujaning ati. Andharan punika saged katingal saking tembung *jamane semana*.

Tembang *gela* punika karipta dening Manthous kangge sarana nggambaraken raosing tokoh ing tembang punika ingkang sampun tresna ananging tresnanipun dipundamel cidra dhateng pepujaning ati. Ati punika dipunwastani papan dumunungipun sedaya raosing manungsa. Saking andharan punika, cakepan tembang kasebut saged dipunklompokaken ing tema katresnan, amargi ngandharaken raos kuciwa tumrap pepujaning ati. Basa kias sinekdoke ugi wonten ing cakepan tembang campursari ngandhap punika.

Trima nasib kula lare gunung ... (33)
(sumber : tembang *Lare Gunung*)

Tembang *lare gunung* gadhah makna inggih punika nyariosaken babagan menapa kemawon ingkang gegayutan kaliyan masarakat gunung. Penganggit badhe nepangaken kahanan saha pagesanganipun lare gunung. Cakepan tembang punika nedhahaken bilih lare saking gunung kathah-kathahipun gadhah sipat nrima ing pandum. Menapa ingkang sampun dipunandharaken punika wonten gegayutan kaliyan kahanan ing jaman punika. Pagesangan masarakat ing gunung kirang dipunpetung utawi dipungatosaken dening pamarintah. Sanajan boten dipungatosaken ananging masarakat gunung boten gresula uatwi saged nrima ing pandum. Cakepan tembang campursari punika kalebet tema sosial, amargi perangan ingkang dipunrembag ngengingi pagesanganipun masarakat gunung kaliyan kiwa tengenipun.

Basa kias sinekdoke ing nginggil gadhah maneka warni. Makna basa kias sinekdoke ing nginggil antawisipun kangge ngandharaken perangan utawi satunggaling kahanan.

e. Makna Basa Kias Metonimia

Makna basa kias metonimia punika saged dipunmangertosi kanthi tembung-tembung ingkang wonten ing ukara. Dhata ngengingi basa kias metonimia saged dipuntingali ing ngandhap punika.

*Ndak pundi mbak ayu badhe tindak pundi
Dingaren tindak wae ora numpak **taksi** ... (34)*
(sumber : *Randha Kempling*)

Tembung taksi ing cakepan tembang kasebut kangge ngandharaken salah satunggaling transportasi. Tembang kanthi irah-irahan *Randha Kempling* ing nginggil tokoh ing tembang punika sami sesrawungan. Tiyang ingkang nyekaraken tembang campursari punika tiyang kakung kaliyan tiyang estri. Tembang campursari ing nginggil punika dipunsekaraken dening tiyang kakung. Andharan punika gegayutan kaliyan tembung *ndak pundi mbak ayu*, cakepan kasebut minangka salah satunggaling cara kangge srawung.

Tembang punika kalebet ing tema katresnan, amargi ing pungkasaning tembang punika tiyang kakung ngandharaken bilih piyambakipun tresna dhateng tiyang estri ing cakepan tembang kasebut. Makna basa kias metonimia sasanipun inggih punika katingal ing dhata ngandhap punika.

*Diukir-ukir dhik **kayune Jepara**
Wajik klethik enak dinggo wedangan ... (35)*
(sumber : *Getun*)

Ukara ing nginggil punika minangka sampiran saking cangkriman ing salebeting cakepan tembang. Amargi minangka sampiran tembung *diukir-ukir dhik kayune Jepara wajik klethik enak dinggo wedangan* teges ing ukara kasebut boten wonten gegayutanipun. Larik sepisan ngandharaken bilih kayu Jepara punika sae menawi dipundamel kangge kesenian ukir. Salajengipun larik ingkang nomer kalih inggih punika ngandharaken bilih wajik punika salah satunggaling jajanan tradisional ingkang trep menawi dipunsandhingaken kaliyan unjukan ingkang anget.

Makna saking basa kias kasebut ngandharaken bilih gegendhingan punika salah satunggaling cara kangge nglipur manah ingkang nembe kuciwa utawi gela. Andharan punika trep kaliyan isi cangkriman inggih punika *yen tak pikir nyang ati marakke lara*. Makna basa kias metonimia ugi wonten ing dhata ngandhap punika.

*Nonton angguk dhik, ning **pinggiring praga** ... (36)*
(sumber : *Geblek Kulon Progo*)

Ing cakepan tembang (36) penganggit badhe nepangaken salah satunggaling kesenian saking Kulon Progo, inggih punika angguk. Angguk punika salah satunggaling kesenian ingkang awujud tarian saking kitha Kulon Progo. Kesenian angguk ing tembang punika dipunadani ing *pinggiring praga*. Praga ing cakepan tembang kasebut kangge ngandharaken kali praga ingkang wonten ing kulon progo. Saking andharan punika makna basa kias ing cakepan kasebut bilih tokoh ing tembang kasebut ngajak tiyang estri kangge nonton angguk ing *pinggiring kali praga*. Makna basa kias metonimia sasanesipun inggih punika katingal ing dhata ngandhap punika.

Geblek Wates dhik, sing kondhang kaloka (37)

(sumber : *Geblek Kulon Progo*)

Cakepan tembang (37) minangka cara anggenipun penganggit nepangaken geblek minangka panganan tradisional saking kitha Kulon Progo. Amargi Wates minangka ibukota saking Kulon Progo, kangge ndamel endahing swanten penganggit ngginakaken tembung Wates ing tembung *geblek wates*. Ing cakepan kasebut geblek Wates punika sampun misuwur ing masarakat, andharan punika trep kaliyan cakepan *sing kondhang kaloka*.

Saking andharan ing nginggil punika makna basa kias saged dipuntegesi gumantung tembung-tembung ingkang karakit dados ukara. Makna basa kias metonimia saking dhata ing nginggil antawisipun inggih punika cara anggenipun masarakat ngandharaken menapa ingkang dipunkajengaken dening tokoh ugi cara kangge nepangaken kesenian utawi asiling karya salah satunggaling kitha ing tlatah Jawa.

f. Makna Basa Kias Hiperbola

Makna basa kias hiperbola punika saged dipunpanggihi kanthi tembung-tembung ingkang wonten ing salebeting ukara. Dhata ngengingi basa kias hiperbola saged dipuntingali ing ngandhap punika.

Getunku setaun

Ning ati gela rasane kuciwa

... (38)

(sumber : *Getun*)

Cakepan tembang ing nginggil gadhah makna bilih penganggit badhe nggambaraken raos getun ingkang temen ingkang dipunraosaken dening tokoh ing cakepan tembang kasebut. Raos getun ingkang temen punika dipuntengeri

kanthi tembung *setaun* ugi saking menapa ingkang dipunraosaken kaliyan manahipun tokoh inggih punika raos gela. Andharan punika saged kadadosan amargi saking tiyang ingkang dipuntresnani sampun damel cidra tokoh. Tembang punika nyariosaken kahanan raosing tokoh, pramila tembang punika kalebet tema katresnan. Tembang punika ngandharaken raos sedhah, ananging raos sedhah punika amargi saking tiyang ingkang dipuntresnani sampun sulaya. Makna basa kias hiperbola ugi wonten ing dhata ngandhap punika.

***Sithik-sithik mung ngalamun
Anelangsa rina klawan wengi*** ... (39)
(sumber : *Getun*)

Cakepan tembang campursari ing dhata (39) gadhah makna bilih tokoh ing cakepan tembang kasebut nembe nelangsa. Kahananipun tokoh dipungambaraken kanthi *dramatisir* swasana, inggih punika kanthi tembung *anelangsa rina klawan wengi*. Siyang dumugi ndalu tokoh ing tembang punika ngraosaken nelangsa salajengipun kathah ngalamunipun. Sedaya ing nginggil punika saged kalampahan amargi tokoh ing tembang punika sampun dipundamel cidra kaliyan tiyang ingkang dados pepujaning ati. Saking andharan punika cakepan tembang ing nginggil dipunlebetaken ing tema katresnan. Makna basa kias hiperbola sasanipun inggih punika katingal ing dhata ngandhap punika.

Minta ampun ketiban amben ... (40)
(sumber : *Getun*)

Cakepan tembang campursari ing nginggil gadhah makna bilih tokoh ing tembang campursari punika nyuwun pangapunten ananging *ketiban amben*. Ketiban amben ing tembang punika gadhah teges boten dipuntampi dening mitra tuturipun. Andharan punika trep kaliyan cakepan salajengipun inggih punika

mboten purun lha nggih kajengen. Cakepan tembang salajengipun gadhah makna bilih tokoh ing tembang sampun pasrah utawi nrima menapa ingkang sampun kedadean wonten ing gesangipun. Tembang punika kalebet tema katresnan amargi tokoh ing cakepan punika nedhahaken titikanipun tiyang ingkang getun saha gela jalaran tiyang estri. Dhata makna basa kias hiperbola ugi katingal ing cakepan tembang ngandhap punika.

Iwak gurameh pangan welut

Piye maneh wis bareng kebacut

... (41)

(sumber : Getun)

Tembang ing dhata (41) kasebut minangka dampiran saking cangkriman ing salebeting cakepan tembang campursari. Ing pagesangan, sampun dipunmangertosi bilih pakan kangge welut inggih punika cacing. Ananging ing cakepan tembang, ulam gurameh dados pakanipun welut. Tamtu kemawon basa kias hiperbola ing tembang kasebut kangge guyonan supados saged narik kawigatosanipun tiyang ingkang mirengaken tembang kasebut. Dene, wosipun cangkriman ing larik salajengipun, maknanipun inggih punika tokoh ing tembang namung saged pasrah amargi sedaya sampun kadadosan. Makna basa kias hiperbola sasanipun inggih punika katingal ing cakepan tembang ngandhap punika.

Mangan timun aja dicampur sabun

... (42)

(sumber : Simbang Lima)

Makna tembang (42) ing nginggil ngandharaken bilih menawi nalika nedha timun boten dicampur sabun. Makna basa kias kasebut kalebet hiperbola, amargi kita sampun mangertosi bilih sabun punika sanes saking jinising panganan.

Sabun punika kalebet salah satunggaling piranti kangge siram. Ukara kasebut namung kangge gegojegan kemawon.

Saking andharan ing nginggil, makna basa kias hiperbola wonten kathah. Makna basa kias ingkang wonten ing cakepan tembang anggitan Manthous inggih punika ngandharaken raos saha kahanan tokoh ing tembang.

g. Makna Basa Kias Pleonasme

Makna basa kias pleonasme punika saged dipunmangertosi kanthi tembung-tembung ingkang wonten ing ukara. Dhata ngengingi basa kias pleonasme saged dipuntingali ing ngandhap punika.

Rana salah rene luput, ra dadi karepe ... (43)
(sumber : Othok Kouwok)

Tembung *rana salah rene luput* gadhah makna ingkang sami. Saking tembung kasebut tokoh ing cakepan tembang punika ngraosaken kahanan ingkang *serba salah*, sarwa salah utawi boten wonten peneripun. Saengga saking kahanan ingkang makaten tokoh kasebut boten mangertos menapa sejatosipun kekajengan ingkang dipunkajengaken dening mitra tuturipun. Makna basa kias pleonasme sasanipun inggih punika katingal ing cakepan tembang ngandhap punika.

Sayuk saeka kapti ... (44)
(sumber : Gunung Kidul Handayani)

Cakepan tembang kanthi nomer (44) nedhahaken tembung ingkang sami teges utawi maknanipun. Tembung kasebut inggih punika sayuk saeka kapti ingkang gadhah teges inggih punika saged rukun kaliyan sarujuk utawi *selaras* pamanggihipun. Tembung punika kangge nggambaraken masarakat Gunung

Kidul. Ing pagesangan, masarakat Gunung Kidul sami rukun, andharan punika katingal saking cakepan tembang salajengipun inggih punika *gotong royong rakyat tan nguciwani*. Limrahipun bilih satunggaling kitha masarakatipun taksih ngginakaken asas gotong royong kangge salah satunggaling cara kangge tetulung mesthi kemawon masarakatipun guyub rukun saha *selaras* pamanggihipun. Makna basa kias pleonasme sasanipun inggih punika katingal ing dhata ngandhap punika.

Sayuk rukun rame-rame ... (45)
(sumber : *Kanca Tani*)

Cakepan tembang (45) nedhahaken basa kias pleonasme inggih punika saking tembung *sayuk rukun*. Sayuk ateges rukun, pramila tembung sayuk kaliyan rukun punika gadhah teges utawi makna ingkang sami. Tembung punika dipunginakaken kangge nambah kesan tiyang ingkang mirengaken. Tembang punika njlentrehaken pagesangan para tani. Sayuk rukun ingkang dipuntindakaken dening para tani gadhah paedah ingkang sae, antawisipun ndamel tetanduranipun subur. Andharan punika gayut kaliyan cakepan salajengipun.

h. Makna Basa Kias Sinestesia

Makna basa kias sinestesia punika saged dipunmangertosi kanthi tembung-tembung ingkang wonten ing ukara. Dhata ngengingi basa kias sinestesia saged dipuntingali ing ngandhap punika.

Manising lathimu gawe cuwaning atiku ... (46)
(sumber : *Kanca Tani*)

Sinestesia ing cakepan tembang (46) katingal saking tembung *manis* ingkang dipunginakaken. Tembung *manis* punika limrahipun dipunraosaken kaliyan indera

perasa utawi ilat. Ananging, ing tembang kasebut, *manis* wonten mriki dipunraosaken dening tokoh kanthi sumber saking lathi. Saengga wonten *pertukaran* tanggepan. Makna saking cakepan tembang kasebut ngandharaken satunggaling guneman ingkang sampun ndadosaken tokoh kuciwa manahipun.

3. Fungsi Basa Kias ing Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

a. Ndamel Endahing Ukara

Endahing ukara ing karya sastra saged dipunpanggihi adhedhasar swanten ingkang sami, kadasta ingkang dipunandharaken dening Sayuti (1985 : 73) inggih punika fungsi swanten ing karya sastra mujudaken nilai estetika. Semanten ugi miturut Padmosoekotjo (1957 : 100) ngandharaken bilih unen-unen ingkang sami punika dipunsebat kanthi istilah purwakanthi.

Purwakanthi ateges nggandheng kang wus kasebut ana ing purwa utawa wiwitan. Maksudé perangan kang buri nggandheng kang wus kasebut ana ing perangan ngarep, wondene sing digandheng iku swarane (purwakanthi guru swara), utawa aksarane (purwakanthi sastra), terkadang tembunge (purwakanthi lumaksita).

Endahing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous amargi saking panggunaan basa kias ingkang nggatosaken unen-unen ingkang sami. Fungsi kangge ndamel endahing ukara ing basa kias cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous badhe dipunandharaken ing ngandhap punika.

*Lendhang klambi, jariké kawung
Pak'e kuncung, mung bebetan sarung
Adoh ratu caket watu sak gunung-gunung*

Kirang gaul kirang sawung

... (47)

(sumber : tembang Lare Gunung)

Ing dhata (47) cakepan tembang gadhah fungsi kangge ndamel endahing ukara, babagan punika saged dipuntingali saking tibaning swanten “ng” ing

pungkasaning larik utawi ingkang dipunsebut purwakanthi guru swara. Purwakanthi guru swara ing cakepan tembang kasebut ngginakaken sajak *a a a a*. Andharan punika katingal saking tembung *kawung*, *sarung*, *gunung*, saha *srawung*. Pangginaan purwakanthi guru swara punika kangge ndamel karya kasebut saged langkung mirunggan menawi dipunmirengaken. Tembang campursari kirang endah bilih tembung *sak gunung-gunung* dipungatos kaliyan tembung *sing gedhe-gedhe*, sinaosa tegesipun sami utawi memper. Fungsi basa kias kangge ndamel endahing swara ugi katingal ing dhata ngandhap punika.

Othok kouwok, othok kouwok kembang rambutan
Ora monthok, ora monthok dinggo rebutan
Saben dina ribut, eker-ekeran
*Jebul ra sumbut, ra sumbut, **jaman anyaran** ... (48)*
 (sumber : tembang Othok Kouwok)

Fungsi basa kias saking cakepan tembang (48) inggih punika ndamel endahing swanten. Babagan punika katingal saking sajak *a a a a* ingkang dipundamel dening penganggit inggih punika wonten ing tembung *rambutan*, *rebutan*, *eker-ekeran*, *jaman anyaran*. Tembang kirang endah bilih tembung *jaman anyaran* dipungantos kaliyan tembung *jaman enggal*, sinaosa gadhah teges ingkang memper. Fungsi basa kias kangge ndamel endahing swara ugi katingal ing cakepan tembang ngandhap punika.

Adhuh elok'e mas, sesawangane
Pinangka dadi obyek pariwisata
Bendhungan Sermo dadi primadhonane
Yekti nyata binangun ing Kulon Progo ... (49)
 (sumber : tembang Geblek Kulon Progo)

Fungsi basa kias personifikasi ing dhata (49) inggih punika kangge ndamel endahing ukara. Endahing ukara kasebut saking sajak *ab ab* ing tembang punika, katingal saking tembung *sesawangane*, *pariwisata*, *primadhonane*, saha *Kulon*

Progo. Cakepan kirang endah bilih panambang *-ne* ing tembung *primadhonane* dipunbucal. Sanajan boten ngewahi teges saking tembang. Fungsi basa kias kangge ndamel endahing swara ugi katingal ing cakepan tembang ngandhap punika.

Kae kae rembulane
Yen disawang kok ngawe-awe
Kaya-kaya ngelingake
kanca kabeh aja padha turu sore ... (50)
 (sumber : tembang Gethuk)

Personifikasi ing cakepan tembang (50) kasebut gadhah fungsi kangge ndamel endahing ukara. Kaendahanipun ukara saged katingal saking purwakanthi guru swara, inggih punika swanten saking huruf vokal *e* ingkang sami ingkang wonten ing tembung *rembulane*, *ngawe-awe*, *ngelingake*, saha *sore*. Babagan ingkang sami kala wau ndandosaken sajak *a a a a*. Cakepan tembang ing nginggil kirang indah bilih tembung *ngawe-awe* dipungantos *nyeluk-nyeluk*, sanajan gadhah makna ingkang memper inggih punika salah satunggaling kawiyatan kangge sesrawungan utawi nyeluk manungsa. Fungsi basa kias kangge ndamel endahing swara ugi katingal ing dhata ngandhap punika.

Trima nasib kula lare gunung ... (51)
 (sumber : tembang Lare Gunung)

Sinekdoke ing cakepan tembang (51) kasebut minangka sarana ndamel endahing swanten. Endahing swaten punika katingal saking purwakanthi swara kanthi sajak *a a a a*. Sajak punika dipuntengeri saking tembung *mendhung*, *bingung*, *dipetung*, saha *gunung*. Cakepan tembang kirang endah bilih tembung *gunung* dipungantos kaliyan tembung *pelosok*, sinaosa tegesipun memper. Fungsi

basa kias kangge ndamel endahing swara ugi katingal ing cakepan tembang ngandhap punika.

*Ndak pundi mbak ayu badhe tindak pundi
Dingaren tindak wae ora numpak **taksi** ... (52)*
(sumber : Randha Kempling)

Fungsi ndamel endahing swanten ing cakepan tembang (52) katingal saking tembung *taksi* punika paring peran ing sajak *a a a a*. Sajak kasebut gadhah pengaruh ing tembung *pundi*, *taksi*, *wedi*, saha *ngancani*. Tembang kasebut kirang kapireng endah bilih tembung *taksi* dipungantos bis, sanajan tembung kasebut gadhah makna ingkang memper. Fungsi basa kias kangge ndamel endahing swara ugi katingal ing cakepan tembang ngandhap punika.

*Diukir-ukir dhik **kayune Jepara**
Wajik klethik enak dinggo wedangan ... (53)*
(sumber : Getun)

Endahing swanten ing cakepan tembang (53) dipuntengeri saking purwakanthi swara ing pungkasaning ukara wujudipun sajak *ab ab*. Babagan punika katingal saking tembung *Jepara*, *wedangan*, *lara*, saha *gendhingan*. Tembang kirang langkung endah bilih tembung *Jepara* dipungantos kaliyan tembung *Kalimantan*. *Jepara* saha *Kalimantan* minangka kitha ingkang misuwur babagan kayu. Fungsi basa kias kangge ndamel endahing swara ugi katingal ing dhata ngandhap punika.

***Minta ampun ketiban amben** ... (54)*
(sumber : Getun)

Fungsi basa kias ing cakepan kasebut (54) kangge ndamel endahing swara. Amargi ing tembang punika gadhah purwakanthi swara *a a a a* inggih punika

saking tembung *kepriben*, *amben*, saha *kajengen*. Sasanesipun purwakanthi swara, ing tembung kasebut ugi wonten purwakanthi sastranipun. Andharan punika katingal saking pamilihanipun tembung *ampun* kaliyan *amben* ingkang gadhah swanten memper. Fungsi basa kias kangge ndamel endahing swara ugi katingal ing dhata ngandhap punika.

Iwak gurameh pangan welut
Piye maneh wis bareng kebacut ... (55)
 (sumber : *Getun*)

Fungsi basa kias ing cakepan tembang (55) kangge ndamel endahing swanten katingal saking purwakanthi swara kanthi sajak *aa bb*. Andharan punika gayut kaliyan tembung *bingung*, *bingung*, *welut*, saha *kebacut*. Tembung kapireng kirang endah bilih tembung *welut* dipungantos *wong* utawi *tiyang*. Tembung *wong* utawi *tiyang* punika ingkang remen ndeha iwak gurameh. Cakepan tembang punika kadadosan saking cangkriman. Fungsi basa kias kangge ndamel endahing swara ugi katingal ing cakepan tembang ngandhap punika.

Mangan timun aja dicampur sabun ... (56)
 (sumber : *Simpan Lima*)

Fungsi saking cakepan tembang (56) inggih punika saged ndamel endahing swanten. Babagan punika dipuntengeri saking kawontenan purwakanthi sastra inggih punika pamilihing tembung *timun* kaliyan *sabun*. Ingkang memper menawi dipunswantenaken. Fungsi basa kias kangge ndamel endahing swara ugi katingal ing cakepan tembang ngandhap punika.

Sayuk saeka kapti ... (57)
 (sumber : *Gunung Kidul Handayani*)

Fungsi basa kias ing tembung kasebut kangge ndamel endahing swanten. Fungsi basa ndamel endahing swanten punika katingal saking purwakanthi swara ing pungkasaning larik inggih punika sajak *a a a a* ingkang dipuntengeri ing tembung *kapti*, *nguciwani*, *pangarsi*, saha *handayani*. Tembang kirang endah menawi tembung kapti dipungantos sarujuk, sanajan makna tembung kasebut memper.

b. Kangge Nyindhir

Basa kias ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous saged dipunfungsikaken kangge nyindhir. Fungsi kasebut saged katingal saking andharan punika.

Tega tegane atimu
Gawe gela lan gawe kuciwa ... (58)
 (sumber : tembang Gela)

Fungsi basa kias personifikasi cakepan tembang (58) punika kangge nyindhir pepujaning ati ingkang sampun damel gela saha kuciwa. Ukara sindhiran punika saking tembung *tega-tegane atimu*. Pepujaning ati sampun tega ndamel gela saha kuciwa tokoh ing cakepan tembang kasebut. Fungsi basa kias kangge nyindhir ugi katingal ing dhata ngandhap punika.

Manising lathimu gawe cuwaning atiku ... (59)
 (sumber : Kanca Tani)

Tembung *manising lathimu* minangka tandha bilih cakepan tembang (59) ing nginggil gadhah fungsi kangge nyindhir pepujaning ati ingkang sampun damel cuwaning ati. Fungsi kangge nyindhir katenger saking tembung *manising lathimu gawe*. Tokoh ngandharaken bilih guneman ingkang dipungunemaken dening pepujaning ati sampun ndamel piyambakipun ngraos kuciwa saha gela.

c. Kangge Njlentrehaken Perangan

Basa kias ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous saged dipunfunksikaken kangge njlentrehaken perangan. Fungsi kasebut saged katingal saking andharan punika.

Kutha Wates mas, neng Kulon Progo
Kutha cilik ing tlatah Ngayogyakarta (60)
 (sumber : Geblek Kulon Praga)

Cakepan tembang ing dhata (60) kalebet fungsi basa kias kangge njlentrehaken. Ingkang dipunmaksud tembung *kutha cilik* ing cakepan tembung punika nun inggih kitha Kulon Progo. Makna saking tembang punika njlentrehaken papan dumunungipun kitha Kulon Progo minangka perangan saking tlatah Ngayogyakarta, sarta kitha Kulon Progo punika gadhah ibukota inggih punika kitha Wates. Kitha Kulon Progo ing tembang punika minangka salah satunggal kitha alit ananging tinata resik saha asri. Fungsi basa kias kangge njlentrehaken ugi katingal ing dhata ngandhap punika.

Othok kouwok, othok kouwok kembang rambutan
Ora monthok, ora monthok dinggo rebutan
Saben dina ribut, eker-ekeran
*Jebul ra sumbut, ra sumbut, **jaman anyaran*** ... (61)
 (sumber : tembang Othok Kouwok)

Ing cakepan tembang (61), *jaman anyaran* gadhah teges jaman sakpunika utawi jaman ingkang nembe dipunlampahi dening tokoh. Tembang cakepan kasebut punika njlentrehaken ngengingi perangan ingkang dipunributaken, ananging boten sumbut utawi boten gathuk kaliyan menapa ingkang dipunkajengaken dening tokoh. Basa kias metafora ingkang dipunginakaken wonten kalih bandhingan inggih punika *jaman kaliyan anyaran*. Jaman ateges

wekdal utawi mangsa ingkang dangu, dene anyaran tegesipun inggih punika enggal. Saengga *jaman anyaran* gadhah teges inggih punika jaman ingkang nembe dipunlampahi dening tokoh ing tembang kasebut. Fungsi basa kias kangge njlentrehaken sanesipun katingal ing cakepan tembang ngandhap punika.

*Kae-kae rembulane
Yen disawang kok ngawe-awe
Kaya-kaya ngelingake
Kanca kabeh aja pada turu sore ... (62)
(sumber : tembang Gethuk)*

Fungsi basa kias saking cakepan tembang (62) inggih punika kangge njlentrehaken bilih tiyang menawi paring pawarta saged ngginakaken obahing awak inggih punika *ngawe-awe*. Ngawe-awe punika minangka salah satunggaling wiraga ingkang asring dipunginakaken dening tiyang kangge paring dhawuh utawi paring pangeling-eling. Fungsi basa kias kangge njlentrehaken ugi katingal ing cakepan tembang ngandhap punika.

*Plonga-plongo anggepmu **kaya** wong bodho ... (63)
(sumber : tembang Nginang karo Ngilo)*

Fungsi basa kias simile ing cakepan tembang (63) kasebut kangge njlentrehaken babagan. Tembung *kaya* “*seperti*” nedhahaken basa kias pepindhan, pepindhan ingkang dipunginakaken gadhah peran kangge njlentrehaken satunggaling babagan.

Cakepan tembang kasebut minangka satunggaling andharan ngengingi salah satunggaling tiyang ingkang gadhah tindak tanduk kadas dene tiyang bodho. Dene, makna saking cakepan tembang kasebut penganggit badhe ngandharaken bilih tokoh ing tembang kasebut boten remen bilih tiyang ingkang dipunremeni blenjani janji saha boten gadhah raos salah, ugi gadhah penggalih menawi tokoh

punika tiyang bodho ingkang boten mangertos tumindak kasebut. Fungsi basa kias kangge njlentrehaken ugi katingal ing dhata ngandhap punika.

*Gela gelaning **atiku***
Yen kelingan jamane semana ... (64)
 (sumber : tembang Gela)

Cakepan tembang ing nomer (64) sinekdoke ingkang dipunginakaken ing dhata kasebut inggih punika *sinekdoke pars pro toto* (saperangan babagan kangge ngandharaken sedayanipun), ingkang dipuntengeri kanthi tembung *atiku*. Tembung kasebut njlentrehaken bilih tembung *ati* ing cakepan tembang punika ateges nedahaken ingkang gela boten namung manahipun kemawon ananging ugi dhirinipun tokoh. Sinekdoke dipuntengeri kanthi tembung *atiku*, amargi *ati* punika satunggal perangan saking raganipun manungsa. *Ati* punika ateges raosing tokoh ingkang ngraosaken gela nalika ngemut-emut tiyang ingkang dipunremeni. Babagan punika gegayutan kaliyan tembung *jamane semana*. Fungsi basa kias kangge njlentrehaken ugi katingal ing dhata ngandhap punika.

*Trima nasib kula **lare gunung*** ... (65)
 (sumber : tembang Lare Gunung)

Cakepan tembang (65) kasebut kalebet jinising basa kias sinekdoke totem pro parte. Andharan punika jumbuh kaliyan tembung *lare gunung* ingkang ngandharaken sedaya babagan kangge negesi saperangan sanesipun. Tembung *kula* ing cakepan kasebut minangka perangan saking *lare gunung*. Saengga, tembang kasebut kalebet fungsi basa kias kangge njlentrehaken bilih tokoh ing tembang kasebut minangka perangan saking *lare gunung*. Fungsi basa kias kangge njlentrehaken ugi katingal ing dhata ngandhap punika.

Gblek Wates dhik, sing kondhang kaloka (66)

(sumber : *Geblek Kulon Progo*)

Cakepan tembang ing dhata (66) kalebet ing fungsi basa kias kangge njlentrehaken perangan. Fungsi basa kias kangge njlentrehaken punika katingal saking andharanipun penganggit bilih geblek Wates punika panganan tradhisional ingkang misuwur ing masarakat, inggih punika saking tembung *kondhang kaloka*.

d. Kangge Nambah Swasana Gesang

Basa kias ingkang gadhah fungsi kangge nambah swasana gesang kalebet jinising basa kias personifikasi, amargi basa kias personifikasi punika ingkang nggambaraken satunggal perangan ingkang sampun dipunsukani sipating manungsa, saengga perangan kasebut saged nindakaken tindak tandukipun tiyang gesang. Fungsi punika badhe dipunandharaken ing ngandhap punika.

Tega tegane atimu

Gawe gela lan gawe kuciwa

... (67)

(sumber : *tembang Gela*)

Saking cakepan tembang (67) ing nginggil, tembung *tega-tegane atimu*, ati dipun-*personifikasikan* kadosdene manungsa inggih punika gadhah raos tega utawi tegel. Personifikasi dipuntengeri kanthi tembung *tega-tegane* “tegel”. Dene, ing cakepan *gawe gela lan gawe kuciwa* ing cakepan tembang kasebut ugi nedhahaken bilih penganggit ngginakaken basa kias jinis personifikasi inggih punika saking tembung *gawe gela lan gawe kuciwa*. Ati dipunparingi tindak tandukipun manungsa ingkang saged damel *gela* “getun” saha *kuciwa* “kirang saking sapantesipun”. Tembung-tembung kasebut limrahipun minangka salah satunggaling tindak tanduk ingkang dipunlampahi dening manungsa, ananging ing tembang punika dipunpatrapaken ing manah utawi ati. Basa kias personifikasi

ing cakepan kasebut gadhah fungsi antawisipun kangge nambah swasana gesang ing tembang.

Kanthi tembung *tega-tegane* saha *gawe gela lan gawe kuciwa*, penganggit badhe ndandosaken *ati* ing cakepan punika langkung gesang. Fungsi basa kias kangge nambah swasana gesang ugi katingal ing dhata ngandhap punika.

Adhuh elok'e mas, sesawangane
Pinangka dadi obyek pariwisata
Bendhungan Sermo dadi primadhonane
Yekti nyata binangun ing Kulon Progo ... (68)
 (sumber : tembang *Geblek Kulon Progo*)

Basa kias personifikasi ing cakepan tembang (68) kasebut gadhah fungsi kangge nambah swasana gesang. Tegesipun penganggit ndadosaken *bendhungan sermo* ingkang sejatosipun papan pariwisata dipunparingi sipating manungsa inggih punika dados primadhona. Primadhona punika gadhah teges tiyang estri ingkang nembang wonten ing *opera* ingkang dados *idola*. Fungsi basa kias kangge nambah swasana gesang ugi katingal ing cakepan tembang ngandhap punika.

Kae kae rembulane
Yen disawang kok ngawe-awe
Kaya-kaya ngelingake
kanca kabeh aja padha turu sore ... (69)
 (sumber : tembang *Gethuk*)

Ing cakepan tembang nomer (69), rembulan dipunparingi tindak tandukipun manungsa inggih punika saged sesrawungan (*ngawe-awe*) saha saged ngemutaken (*ngelingake*). Kalih tembung kasebut minangka wujud saking tindak tanduk ingkang dipunlampahi dening manungsa, ananging ing cakepan kasebut dipunpatrapaken ing rembulan. Basa kias personifikasi ing cakepan tembang

kasebut gadhah fungsi kangge nambah swasana gesang. Saengga kanthi tembung *ngawe-awe* saha *ngelingake* ndadosaken rembulan ing cakepan kasebut *kaya-kaya* gesang saha saged *berinteraksi* kaliyan manungsa.

e. Ndamel Cekak Tuturan

Basa kias ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous saged dipunfunksikaken kangge ndamel cekak tuturan. Fungsi kasebut saged katingal saking andharan punika.

Kutha Wates mas, neng Kulon Progo
Kutha cilik ing tlatah Ngayogyakarta (70)
 (sumber : Geblek Kulon Praga)

Fungsi basa kias saking cakepan tembang (70), inggih punika ndamel cekaking tuturan. Amargi tembung *kutha cilik* punika badhe ngandharaken kitha Kulon Progo minangka salah satunggal perangan saking tlatah Ngayogyakarta. Dene, kitha sasanesipun ingkang minangka peranganipun tlatah Ngayogyakarta inggih punika Bantul, Gunungkidul, Jogjakarta, saha Sleman. Tanpa dipunsebataken sejatosipun tiyang sampun mangertosi bilih *kitha cilik* ingkang dipunmaksud inggih punika kitha Kulon Progo. Fungsi basa kias kangge ndamel cekak tuturan ugi katingal ing dhata ngandhap punika.

Lendhang klambi, jarike kawung
Pak'e kuncung, mung bebetan sarung
Adoh ratu caket watu sak gunung-gunung
Kirang gaul kirang srawung ... (71)
 (sumber : tembang Lare Gunung)

Cakepan tembang ing dhata (71) minangka salah satunggaling fungsi kangge ndamel cekaking tuturan. Fungsi basa kias saking cakepan tembang kasebut ndamel cekaking tuturan amargi tembung *adoh ratu caket watu sak gunung-*

gunung punika langkung cekak tinimbang tegesipun. Fungsi basa kias kangge ndamel cekak tuturan ugi katingal ing cakupan tembang ngandhap punika.

*Gela gelaning **atiku**
Yen kelingan jamane semana ... (72)*
(sumber : tembang Gela)

Sinekdoke ing cakupan tembang (72) kasebut gadhah fungsi kangge ndamel cekaking ukara. Tembung *atiku* punika minangka wakil saking dhirinipun tokoh kangge ngandharaken bilih ingkang ngraosaken gela boten namung atinipun kemawon. Saengga, tembung *atiku* punika langkung cekak menawi dipunginakaken. Fungsi basa kias kangge ndamel cekak tuturan ugi katingal ing dhata ngandhap punika.

*Ndak pundi mbak ayu badhe tindak pundi
Dingaren tindak wae ora numpak **taksi** ... (73)*
(sumber : Randha Kempling)

Fungsi ndamel cekaking tuturan katingal saking panggunaan tembung taksi tanpa dipuntambahi tembung mobil. Tanpa tambahan tembung mobil punika, sejatosipun tiyang sampun mangertosi bilih taksi ingkang dipunmaksud dening penganggit inggih punika salah satunggal jinis mobil ingkang dipunginakaken kangge transportasi umum. Fungsi basa kias kangge ndamel cekak tuturan ugi katingal ing cakupan tembang ngandhap punika.

*Diukir-ukir dhik **kayune Jepara**
Wajik klethik enak dinggo wedangan ... (74)*
(sumber : Getun)

Ing dhata (74) basa kias metonimia katingal saking tembung *kayune Jepara*. Jepara dipunginakaken kangge ngandharaken papan dumunungipun kayu, saengga kangge ngandharaken dipunginakaken basa kias metonimia *kayune*

Jepara. Tanpa nyukani tembung *saka* “*dari*”, sejatosipun tiyang ingkang nyekaraken sampun mangertosi bilih sesebutan *kayune Jepara* kangge ngandharaken bilih kayu punika saking kitha Jepara. Fungsi metonimia ing nginggil kangge ndamel cekak tuturan. Fungsi basa kias kangge ndamel cekak tuturan ugi katingal ing dhata ngandhap punika.

*Nonton angguk dhik, neng **pinggiring praga** ... (75)*
(sumber : *Geblek Kulon Progo*)

Ing cakepan tembung (75), tembung *pinggiring praga* kalebet basa kias metonimia. Maksud saking tembung kasebut inggih punika *pinggiring Kali Praga*. Tanpa nyebataken tembung *kali*, tiyang ingkang maos sejatosipun sampun mangertos bilih praga wonten mriki gadhah maksud kangge ngandharaken *kali Praga*. Andharan punika dipungayutaken kaliyan kitha Kulon Progo, ingkang gadhah kali kanthi asma kali Praga. Saengga fungsi metonimia ing cakepan tembang kasebut kangge ndamel cekak tuturan. Fungsi basa kias kangge ndamel cekak tuturan ugi katingal ing cakepan tembang ngandhap punika.

***Geblek Wates** dhik, sing kondhang kaloka (76)*
(sumber : *Geblek Kulon Progo*)

Ing dhata (76), metonimia katingal saking tembung *geblek Wates*. Wates dipunginakaken kangge njlentrehaken bilih *geblek* punika asalipun saking Wates. Tembung *geblek Wates* punika sampun dipunmangertosi dening masarakat bilih *geblek* punika asli saking Wates. Sanajan boten dipunsukani tembung *saka* “*dari*”. Saking andharan ing nginggil, saged dipunpundhut dudutan bilih fungsi basa kias metonimia ing cakepan kasebut kangge ndamel cekak tuturan. Fungsi

basa kias kangge ndamel cekak tuturan sanesipun katingal ing dhata ngandhap punika.

Minta ampun ketiban amben ... (77)
(sumber : Getun)

Saking dhata (77), tembung *minta ampun ketiban amben* punika kalebet hiperbola amargi tembung ketiban amben punika ateges boten dipuntampi anggenipun nyuwun pangapunten. Saking andharan punika saged dipunandharaken fungsi hiperbola ing cakepan kasebut kangge ndamel cekak tuturan. Saged dipunwastani mekaten, amargi cakepan kasebut gadhah teges ingkang wiar. Kanthi tembung *ketiban amben* penganggit saged ngandharaken teges kanthi cekak tanpa njlentrehaken.

f. Nuwuhaken Kesan

Basa kias ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous saged dipunfunksikaken kangge nuwuhaken kesan. Fungsi kasebut saged katingal saking andharan punika.

***Sithik-sithik mung ngalamun
Anelangsa rina klawan wengi*** ... (78)
(sumber : Getun)

Ing dhata (78) kasebut fungsi basa kias inggih punika kangge nuwuhaken kesan. Andharan punika amargi penganggit ndamel tokoh ing salebeting tembang ngraosaken nelangsa ingkang temen. Nelangsanipun tokoh dipungambaraken kanthi tembang *anelangsa rina klawan wengi*. Ing kasunyatan, boten badhe kadadosan wonten tiyang ingkang nelangsa, ngraosaken raos nelangsanipun rina dumugi ndalu tanpa tumindak menapa-menapa. Fungsi basa kias kangge nuwuhaken kesan ugi katingal ing dhata ngandhap punika.

Iwak grameh pangan welut*Piye maneh wis bareng kebacut*

... (79)

(sumber : *Getun*)

Ing cakepan tembang (79) punika, fungsi basa kias minangka sarana nuwuhaken kesan kangge tiyang ingkang mirengaken tembang campursari. Amargi ing pagesangan, boten badhe kelampahan bilih welut punika mangan ulam gurameh. Sejatosisipun, pakan welut nun inggih cacing. Dene, ulam gurameh punika salah satunggaling panganan ingkang dipundhahar dening manungsa. Fungsi basa kias kangge nuwuhaken kesan sasanesipun katingal ing cakepan tembang ngandhap punika.

Mangan timun aja dicampur sabun

... (80)

(sumber : *Simpang Lima*)

Cakepan kasebut kalebet basa kias hiperbola dipuntengeri saking tembung *mangan timun aja dicampur sabun*. Sampun dipunmangertosi bilih sabun punika sanes jinising panganan. Saengga, basa kias ing cakepan tembang kasebut kangge nuwuhaken kesan supados saged narik kawigatosanipun tiyang ingkang mirengaken. Amargi nalika tiyang mireng tembang punika gadhah raos *penasaran* saking cakepan kasebut. Fungsi basa kias kangge nuwuhaken kesan ugi katingal ing dhata ngandhap punika.

Sayuk rukun rame-rame

... (81)

(sumber : *Kanca Tani*)

Cakepan tembang (81) nedhahaken basa kias pleonasme inggih punika saking tembung *sayuk rukun*. Sayuk ateges rukun, pramila tembung sayuk kaliyan rukun punika gadhah teges utawi makna ingkang sami. Tembung punika dipunginakaken kangge nambah kesan tiyang ingkang mirengaken.

g. Kangge Nggambaraken Raosing Penganggit

Basa kias ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous saged dipunfunksikaken kangge nggambaraken raosing penganggit. Fungsi kasebut saged katingal saking andharan punika.

*Gela gelaning **atiku***

Yen kelingan jamane semana

... (82)

(sumber : tembang Gela)

Basa kias sinekdoke ugi gadhah fungsi inggih punika kangge nggambaraken raosing penganggit. Tembung *gela-gelaning atiku* dipunginakaken dening penganggit kangge nggambaraken bilih penganggit punika ngraosaken gela ingkang temen ing dhirinipun. Babagan punika saged dipuntengeri saking tembung gela ingkang dipuncethakaken kanthi tembung *gela-gelaning*. Fungsi basa kias kangge nggambaraken raosing penganggit ugi katingal ing dhata ngandhap punika.

Getunku setaun

Ning ati gela rasane kuciwa

... (83)

(sumber : Getun)

Fungsi ing dhata (83), inggih punika kangge nuwuhaken kesan. Kesan punika katingal langkung cetha saking andharanipun penganggit bilih rasa getun ingkang dipunraosaken tokoh ing cakepan tembang kasebut dipungandheng kaliyan tembung gela saha kuciwa. Temen anggenipun getun dipungambaraken kanthi tembung *setaun*, sampun kitha mangertosi bilih wekdal satunggal taun punika wekdal ingkang lami. Saengga cakepan kasebut nggambaraken bilih tokoh kasebut ngraosaken getun ingkang temen saengga trep kangge nggambaraken dangunipun tokoh anggenipun getun. Fungsi basa kias kangge

nggambaraken raosing penganggit ugi katingal ing cakepan tembang ngandhap punika.

***Sithik-sithik mung ngalamun
Anelangsa rina klawan wengi*** ... (84)
(sumber : Getun)

Fungsi basa kias ing tembang (84) kasebut, kangge ngandharaken raosing penganggit. Penganggit ngraosaken getun ingkang temen, babagan punika langkung cetha saking andharan *anelangsa rina klawan wengi*. Tembung kasebut ugi kalebet basa kias hiperbola. Amargi ing pagesangan punika, boten badhe kalampahan bilih tiyang ingkang nelangsa punika nelasaken wekdal siang dumugi ndalu. Tanpa nindakaken kagiyatan sanesipun. Fungsi basa kias kangge nggambaraken raosing penganggit sasanesipun katingal ing dhata ngandhap punika.

Minta ampun ketiban amben ... (85)
(sumber : Getun)

Cakepan tembang (85) kasebut, minangka sarana penganggit nggambaraken raosing tokoh ing tembang. Andharan punika gayut kaliyan nalika tokoh kasebut nyuwun pangapunten ananging boten dipuntampi kaliyan mitra tuturipun. Andharan punika jumbuh kaliyan tembung *minta ampun ateges nyuwun pangapunten saha ketiban amben ateges pikantuk babagan ingkang boten ngremeni*. Adhedhasar saking teges kasebut, saged dipunpundhut dudutan bilih menapa ingkang dipuntindakaken boten gadhah asil ingkang damel bungah. Saengga, raos ingkang dipunraosaken dening tokoh punika bingung. Amargi kahanan ingkang mekaten tokoh ing tembang punika salajengipun pasrah

kemawon. Fungsi basa kias kangge nggambaraken raosing penganggit ugi katingal ing dhata ngandhap punika.

Rana salah rene luput, ra dadi karepe ... (86)

(sumber : Othok Kouwok)

Cakepan tembang (86) kalebet basa kias pleonasme ingkang ngginakaken kalih tembung ingkang gadhah teges utawi makna sami. Makna ingkang sami saking cakepan tembang kasebut inggih punika *rana salah rene luput*. Teges ingkang mekaten, saged dipunwastani *pemborosan* tembung. Fungsi saking panggunaan basa kias pleonasme punika maneka warni. Dene, saking tembung punika penganggit badhe ngandharaken menapa ingkang dipunraosaken tokoh ing tembang kasebut. Tokoh ngraosaken bilih menapa kemawon tumindak ingkang sampun dipuntindakaken dening tokoh boten wonten peneripun. Fungsi basa kias pleonasme ing cakepan tembang kasebut kangge sarana ngandharaken raosing tokoh ing tembang campursari.

h. Kangge Ndamel Tandhesing Tuturan

Basa kias ing cakepan tembang campursari anggitanipun Manthous saged dipunfungsikaken ndamel tandhesing tuturan. Fungsi kasebut saged katingal saking andharan punika.

*Lendhang klambi, jarike kawung
Pak'e kuncung, mung bebetan sarung
Adoh ratu caket watu sak gunung-gunung*

Kirang gaul kirang srawung ... (87)

(sumber : tembang Lare Gunung)

Fungsi cakepan tembang (87), kangge ndamel tandhesing ukara amargi tembung kasebut saged nandhesaken bilih papan jumenengipun tokoh punika

kalebet *daerah pelosok*. Andharan punika dipuntengeri kanthi tembung *adoh ratu caket watu sak gunung-gunung*. Fungsi basa kias kangge damel tandhesing ukara ugi katingal ing dhata ngandhap punika.

Tega tegane atimu

Gawe gela lan gawe kuciwa

... (88)

(sumber : tembang Gela)

Kanthi tembung *tega-tegane* saha *gawe gela lan gawe kuciwa*, penganggit badhe ndandosaken *ati* ing cakepan punika langkung gesang, saengga cakepan tembang ugi langkung tandhes menawi dipunsekaraken. Amargi tembung *ati* ing cakepan tembang punika gadhah teges ingkang *mendalam* saha langkung endah menawi dipuntandhingaken kaliyan tembung *sliramu*. Fungsi basa kias kangge damel tandhesing ukara sasanipun katingal ing cakepan tembang ngandhap punika.

Kae-kae rembulane

Yen disawang kok ngawe-awe

Kaya-kaya ngelingake

Kanca kabeh aja pada turu sore

... (89)

(sumber : tembang Gethuk)

Fungsi basa kias simile ing cakepan tembang campursari punika kangge tandhesing ukara. Cakepan (89) kasebut, nandhesaken cara penganggit anggenipun ngajak tiyang kangge kempal sareng-sareng, inggih punika kanthi tembung *ngawe-awe* ingkang dipungandheng kaliyan tembung *ngelingake*. Tandhesing ukara kasebut katingal sakit tembung pepindhanipun inggih punika *kaya-kaya*. Tiyang ingkang ngawe dipunpindha kados dene tiyang ingkang paring pitutur utawi paring pawarta. Fungsi basa kias kangge damel tandhesing ukara ugi katingal ing dhata ngandhap punika.

*Plonga-plongo anggepmu **kaya** wong bodho ... (90)*
(sumber : tembang Nginang karo Ngilo)

Fungsi basa kias simile ing cakepan tembang kasebut kangge nandhesaken tumindak ing tiyang bodho, inggih punika remen plonga-plongo. Tembung *plonga-plongo* punika sampun limrah dipunginakaken kangge ngandharaken tiyang ingkang bodho. Plonga-plongo minangka salah satunggal kagiyatan ingkang boten tumandhang pagaweyan, ananging namung mendel saha pamikiranipun *kosong* utawi *radongan*.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Panaliten ngengingi cakepan tembang campursari anggitan Manthous gadhah asil saged manggihi jinis basa kias ingkang limrah dipunginakaken ing karya sastra. Saking tembang ingkang sampun dipuntliti dening panaliti, jinis basa kiasipun langkung saking satunggal jinis. Andharan punika nedhahaken bilih cakepan tembang campursari anggitan Manthous *identik* kaliyan basa kias. Jinis basa kias ingkang dipunginakaken ing cakepan tembang campursari anggitan Manthous inggih punika metafora, personifikasi, simile, metonimia, sinekdoke, hiperbola, pleonasme, saha sinestesia. Basa kias kasebut dipunandharaken kanthi basa ingkang enteng, ananging saged nandhesaken teges.

Teges basa ingkang wonten ing cakepan tembang campursari anggitan Manthous kalebet teges kias. Teges basa kias ing cakepan tembang campursari anggitan Manthous saged dipunmangertosi saking tembung utawi ukara sasanipun, ugi saged dipunmangertosi saking wosing tembang. Tembang-tembang campursari anggitanipun Manthous kathah-kathahipun nyariosaken tiyang ingkang kasmaran. Andharan kasebut jumbuh kaliyan cakepan ing tembang campursari anggitanipun Manthous ingkang nyariosaken raos bingah saha susah nalika tiyang ngraosaken raos tresna. Kathah raos ingkang saged dipunraosaken dening tokoh, nalika tokoh nandhang gela, kuciwa, saha nelangsa. Tembang campursari anggitanipun Manthous ugi nyariosaken babagan satunggaling papan. Manthous boten namung nyariosaken papanipun kemawon, ananging ugi dipunandharaken ngengingi panganan, kahananipun masarakat

dumugi seni kabudayaan ing cakepan tembang kasebut. Tembang kasebut kalebet tema pariwisata ingkang nepangaken menapa kemawon ingkang saged dipunbiwaraken. Salajengipun, tembang campursari anggitan Manthous ngandharaken babagan *sosial* masarakat. *Sosial* masarakat punika saged awujud sipat saha tindak tandukipun masarakat utawi ugi saged awujud cara anggenipun penganggit ngandharaken adat satunggaling kitha. Ugi wonten tembang dolanan, tembang punika dipunanggit namung kangge guyonan kemawon, wosipun utawi teges saking cakepan tembang dipundamel langkung gampil kangge nyerep piwulangipun.

Basa kias ing cakepan tembang campursari anggitan Manthous gadhah fungsi mapinten-pinten. Fungsi basa kias kasebut antawisipun ndamel cekak tuturan, ndamel endahing swara, kangge nyindir, kangge njlentrehaken, kangge nambah swasana utawi gesang ing perangan, nuwuhaken kesan, kangge nggambaraken raosing penganggit, kangge ndamel tekanan ing tuturan. Kangge nemtokaken fungsi basa kias saged dipuntingali saking *konteks* cakepan tembang saha *indikator* utawi frase sanesipun.

Basa kias ing cakepan tembang campursari anggitan Manthous dipunginakaken dening penganggit, minangka sarana kangge ngandharaken raosing penganggit. Basa kias ing cakepan tembang campursari anggitan Manthous dipunginakaken kangge nambah *nilai estetis* utawi kaendahaning tembang, amargi basa kias dipunginakaken ing karya sastra saged mujudaken *unsur puitis*.

B. Implikasi

Adhedhasar asil panaliten punika, saged dipunmangertosi bilih ing cakepan tembang campursari anggitan Manthous kathah ngginakaken basa kias ingkang saged nambah endahing karya sastra. Jinis basa kias ing cakepan tembang campursari anggitan Manthous gadhah ancas inggih punika kangge ngandharaken raosing penganggit nalika ngripta tembang campursari. Basa kias ing cakepan tembang campursari anggitan Manthous gadhah mapinten-pinten fungsi inggih punika kangge ndamel endahing ukara utawi swanten, saengga ndamel tembang langkung endah sarta mirunggan menawi dipunmirengaken.

Asiling panaliten inggih punika *deskripsi*aken utawi ngandharaken jinis saha fungsi basa kias ing cakepan tembang campursari anggitan Manthous, supados saged dipunpendhet paedahipun kangge pamaos. Kanthi panaliten punika pamaos saged mangertosi babagan jinis, makna, saha fungsi basa kias ing cakepan tembang campursari anggitan Manthous.

Ing pasinaon, asiling panaliten punika saged dipunginakaken minangka *referensi* kangge nyinaoni babagan jinis, makna, saha fungsi basa kias ing karya sastra. Sasanipun, panaliten punika ugi saged nambah pamanggihipun tiyang ngengingi linguistik, mliginipun basa kias. Kangge pamaos, panaliten punika saged dipunginakaken minangka *referensi* ing panaliten sanes ingkang taksih gayut kaliyan ngelmu basa saha sastra ing cakepan tembang.

C. Pamrayogi

1. Dipunkajengaken wonten panaliti sanes ingkang ngrembag basa kias cakepan tembang campursari anggitan Manthous, saengga *kecenderungan* panggunaan

basa kias ing cakepan tembang campursari anggitan Manthous saged langkung dipunpahami mliginipun ngengingi jinis, fungsi, saha makna basa kias.

2. Ing cakepan tembang campursari anggitan Manthous ugi dipunpanggihi campur kode, alih kode, diksi, saha *nilai estetika* ngengingi swanten. Andharan punika saged dipundadosaken *acuan* kangge pamaos ingkang gadhah *minat* kangge nliti perkawis ing inggil kasebut.
3. Panaliten ngengingi basa kias perlu dipuntindak *lanjuti* kanthi ngginakaken objek sanes, antawisipun saged kempalan geguritan Jawa, novel Jawa, saged ugi carita cekak ing majalah.

KAPUSTAKAN

- Achmadi, Muchsin. 1988. *Materi Dasar Pengajaran Komposisi Bahasa Indonesia*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Direktorat Jenderal Pendidikan Tinggi.
- Anonym. 2010. *Masyarakat Jawa*. <http://www.masyarakatjawa.blogspot.com>. Diunduh tanggal 22 Desember 2013 22.17.
- Antunsohono. 1956. *Reringkesaning Paramasastra Djawa*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing.
- Badrun, Ahmad. 1989. *Teori Puisi*. Jakarta: Proyek Pengembangan Lembaga Tenaga Kependidikan.
- Chaer, A. 1995. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Fananie, Zainuddin. 2000. *Telaah Sastra*. Surakarta: Muhammadiyah University Press.
- Hadiwidjana, R. D. S. 1967. *Tata Sastra*. Djogjakarta: UP. Indonesia.
- Harjoso, S. 1987. *Materi Pokok Kesastraan*. Jakarta: Kurnia.
- Kasmawan, Maungguh. 2007. "Analisis Lagu Le Nozze Di Figaro". *Skripsi*. Yogyakarta: FBS Universitas Negeri Yogyakarta.
- Keraf, Gorys. 2000. *Pengkajian Puisi*. Jakarta: Gramedia.
- _____. 2004. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: Gramedia.
- Kridalaksana, Harimurti. 1982. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia
- _____. 2005. *Kelas Kata dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: Gramedia.
- Leech, Geoffrey (Terjemahan: Drs. Paina Partana, M.Hum). 2003. *Semantik*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Narbuko, Cholid dan Abu Achmadi. 2007. *Metode Penelitian*. Jakarta: Bumi Aksara.
- No Name. 2004. "Manthous Maestro Campursari Menginternasionalkan Musik Jawa". *Kedaulatan Rakyat*. Hlm 1.

- Noorochmah, Neng. 2009. "Analisis Bentuk dan Lirik Lagu Anak Indonesia Era 1980 sampai 2008". *Skripsi*. Yogyakarta: FBS Universitas Negeri Yogyakarta.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2000. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Padmosoekotjo, S. 1958. *Ngengrengan Kasusastraan Djawa*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing.
- Pateda, Mansoer. 2001. *Semantik Leksikal*. Jakarta: RT Rineka Cipta.
- Permana, Chindia Pandu. 2011. "Penggunaan Bahasa Kias dalam Lirik Campursari Didi Kempot Berbahasa Jawa". *Skripsi*. Yogyakarta: FBS Universitas Negeri Yogyakarta.
- Poerwadaminta, W. J. S. 1976. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: PN Balai Pustaka.
- Pradopo, Rachmat Djoko. 2002. *Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- _____. 2009. *Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Rachmawati, Yeni. 2009. "Peranan Musik dalam Pembentukan Budi Pekerti". <http://www.docstoc.com>. 22 Desember 2013. 23.42.
- Sayuti, Suminto A. 1985. *Puisi dan Pengajarannya*. Semarang: IKIP Semarang Press.
- _____. 2008. *Berkenalan dengan Puisi*. Yogyakarta: Gama Media.
- Sudaryanto. 1999. *Metodologi Penelitian Pendidikan Bahasa Suatu Pengantar dan Pedoman Singkat dan Praktis*. Yogyakarta: FBS IKIP Yogyakarta.
- Sugiyono. 2010. *Metode Penelitian Pendidikan (Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D)*. Bandung: Alfabeta.
- Suwandi, Sarwiji. 2008. *Semantik (Pengantar Kajian Makna)*. Yogyakarta: Media Perkasa.
- Tarigan, Henry Guntur. 1986. *Pengajaran Gaya Bahasa*. Bandung: Offset Angkasa.

- Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Dunia Pustaka Jaya.
- Tim Redaksi Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Ketiga. 2003. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi Ketiga*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Tim Tugas Akhir Skripsi Jurusan. 2011. *Panduan Penulisan Tugas Akhir (TAS)*. Yogyakarta: Fakultas Bahasa Dan Seni UNY.
- Wadiyo. 2007. “Campursari dalam Stratifikasi Sosial di Semarang”. *Harmonia, Jurnal Pengetahuan dan Pemikiran Seni*. Hlm 23.
- Waluyo, Herman J. 1987. *Teori dan Apresiasi Puisi*. Jakarta: Erlangga.
- Wedhawati, dkk. 2001. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Jakarta: Pusat Bahasa.
- Widyasmoro, B. Narendra. 2013. “Gaya Bahasa dalam Buku Kumpulan Gendhing-Gendhing lan Lagon Dolanan Karangan Narto Sabdo”. *Skripsi*. Yogyakarta: FBS Universitas Negeri Yogyakarta.

LAMPIRAN

Tabel 4. Jinis, Fungsi, dan Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

No.	Indikator	Jinising basa kias								Fungsi basa kias								Makna basa kias
		1	2	3	4	5	6	7	8	a	b	c	d	e	f	g	h	
1.	<i>Kutha Wates mas, ning Kulon Progo</i> Kutha cilik ing tlatah Ngayogyakarta (sumber : tembang Geblek Kulon Praga)	√										√		√				Cakepan tembang kasebut njlentrehaken dumunungipun kitha Kulon Progo. Kitha Kulon Progo minangka salah satunggaling kitha ingkang wonten ing tlatah Ngayogyakarta, andharan punika gayut kalihan tembung ingkang ngewrat jinising basa kias metafora inggih punika <i>kutha cilik</i>
2.	<i>Nonton angguk dhik, neng pinggiring praga</i> (sumber : tembang Geblek Kulon Progo)					√								√				Ngandharaken salah satunggaling seni tradisional ingkang wonten ing Kulon Progo inggih punika tari angguk. Ing kasunyatan tari angguk dipunadani wonten ing lapangan utawi pawiwahan. Ing tembang punika tari angguk dipunadani wonten ing pinggiring praga. Tembung pinggiring praga punika ateges salah satunggal nama kali ingkang wonten ing kitha Kulon Progo.

Tabel 4 Salajengipun. Jinis, Fungsi, saha Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

No.	Indikator	Jinising basa kias								Fungsi basa kias								Makna basa kias
		1	2	3	4	5	6	7	8	a	b	c	d	e	f	g	h	
3.	<i>Bendhungan Sermo dadi primadhonane</i> (sumber : tembang Geblek Kulon Progo)		√							√			√					Ngandharaken objek pariwisata ing kitha Kulon Progo ingkang endah saha tinata, salah satunggaling inggih punika Bendhungan Sermo ingkang dados primadhonanipun kitha Kulon Progo. Inggih dipunwastani primadhona inggih punika manungsa mliginipun tiyang estri ingkang nembang wonten ing <i>opera</i> ingkang dados idola. Ananging ing tembang punika Bendhungan Serma dipunparing sipating manungsa inggih punika saged dados idola.

Tabel 4 Salajengipun. Jinis, Fungsi, saha Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

No.	Indikator	Jinising basa kias								Fungsi basa kias								Makna basa kias
		1	2	3	4	5	6	7	8	a	b	c	d	e	f	g	h	
4.	<i>Geblek Wates dhik, sing kondhang kaloka</i> (sumber : tembang <i>Geblek Kulon Progo</i>)					√						√		√				Cara anggenipun penganggit nepangaken geblek minangka panganan tradisional saking kitha Kulon Progo. Ing tembung <i>geblek Wates</i> boten dipunsukani tembung <i>saka</i> , tamtu kemawon tiyang sampun mangertos bilih geblek ingkang dipunkajengaken inggih punika saking Wates Kulon Progo.
5.	<i>Adoh ratu caket watu sak gunung-gunung</i> <i>Kirang gaul kirang srawung</i> (sumber : tembang <i>Lare Gunung</i>)	√								√				√			√	Ngandharaken babagan swasana, kahanan, saha papan dumunungipun tokoh ing tembang kasebut. Adoh ratu punika saged dipuntegesi kalih perkawis inggih punika adoh saking ratuning segara saha ratuning kraton. Tembung <i>caket watu sak gunung-gunung</i> gadhah teges bilih ing papan dumunungipun tokoh kathah seta ingkang ageng-ageng.

Tabel 4 Salajengipun. Jinis, Fungsi, saha Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

No.	Indikator	Jinising basa kias								Fungsi basa kias								Makna basa kias
		1	2	3	4	5	6	7	8	a	b	c	d	e	f	g	h	
6.	<i>Trima nasib kula lare gunung</i> (sumber : tembang Lare Gunung)				√					√		√						Ngandharaken bilih tokoh ing tembang punika dumunungipun saking gunung. Limrahipun tiyang saking gunung punika gadhah sipat sabar, wani ngalah, saha nrima ing pandum.
7.	<i>Ampun supe ampun lali metung</i> (sumber : tembang Lare Gunung)							√							√		√	Ngemutaken bilih para manungsa (pangarsa) kedah emut kaliyan tiyang gunung ingkang gesangipun tebih saking kitha. Ing jaman sapunika, tiyang gunung asring boten dipungatosaken.
8.	<i>Cedhak alas cedhak grumbul, gung liwang liwang</i> Dede margi, nanging lurung (sumber : tembang Lare Gunung)	√								√		√						Nandhesaken kahananipun papan dumunungipun tokoh. <i>Cedhak grumbul</i> ateges kathah tetuwuhan ing sakiwa tengenipun, margi ingkang dados sarana kangge tumuju ing dalemipun tokoh kadadosan saking <i>lurung</i> utawi <i>gang</i> alit.
9.	<i>Ora udan ora mendhung</i> (sumber : tembang Lare Gunung)							√							√		√	Ngandharaken satunggaling swasana ingkang <i>cerah</i> , inggih punika boten jawah saha boten mendhung.

Tabel 4 Salajengipun .Jinis, Fungsi, saha Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

No.	Indikator	Jinising basa kias								Fungsi basa kias								Makna basa kias
		1	2	3	4	5	6	7	8	a	b	c	d	e	f	g	h	
10.	<i>Cah ayu tak tunggu-tunggu</i> (sumber: tembang Sakit Rindhu)					√								√	√			Ngandharaken bilih tokoh ing tembang saweg ngentosi cah ayu. Cah ayu ing tembang inggih punika pepujaning ati. Cah ayu punika saking tembung bocah sing ayu. Tanpa dipunjlentrehaken tiyang sampun mangertos bilih ingkang dipunmaksud dening penganggit inggih punika tiyang estri ingkang sae parasipun.
11.	<i>Sedina kok rasane sewindu</i> (sumber: Sakit Rindhu)						√			√					√		√	Ngandharaken wekdal ingkang lami ingkang dipunlampahi dening tokoh tanpa wonten pepujaning ati ing sesandhinganipun. Tembung sewindu punika dipunginakaken kangge nandhesaken wekdal ingkang lami.

Tabel 4 Salajengipun. Jinis, Fungsi, saha Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

No.	Indikator	Jinising basa kias								Fungsi basa kias								Makna basa kias
		1	2	3	4	5	6	7	8	a	b	c	d	e	f	g	h	
12.	<i>Anakmu kaya wong gemblung (sumber: tembang Sakit Rindhu)</i>			√						√		√			√			Ngandharaken bilih tiyang ingkang nandhang wuyung punika kados dene tiyang gemblung ingkang klunthang-klunthung kemawon. Andharan punika trep kaliyan cakepan tembang <i>yen wengi ra bisa turu, yen awan ra doyan mangan.</i>
13.	<i>Eman cah ayu tak eman-eman (sumber : tembang Gela)</i>				√									√		√		Nggambaraken bilih tokoh punika gadhah raos eman dening tiyang ingkang dipuntresnani, nun inggih <i>cah ayu</i> . Tembung cah ayu saking tembung bocah sing ayu punika sesebatan kangge tiyang estri ingkang dipunremeni.
14.	<i>Manising lathimu gawe cuwaning atiku (sumber : tembang Gela)</i>								√							√	√	Ngandharaken bilih tokoh ing tembang kasebut rumaos kuciwa saha gela amargi tiyang ingkang dipunremeni sampun sulaya. Kahanan ingkang mekaten jumbuh kaliyan tembung <i>manising lathimu</i> .

Tabel 4 Salajengipun. Jinis, Fungsi, saha Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

No.	Indikator	Jinising basa kias								Fungsi basa kias								Makna basa kias
		1	2	3	4	5	6	7	8	a	b	c	d	e	f	g	h	
15.	<i>Diukir-ukir dhik kayune Jepara Wajik klethik enak dinggo wedangan (sumber : tembang Gela)</i>					√				√				√				Ngandharaken babagan salah satunggaling tetengeranipun kitha Jepara, inggih punika misuwur babagan kerajinan ukir kayu. Cakepan punika minangka parikan ing salebeting tembang.
16.	<i>Gela gelaning atiku Yen kelingan jamane semana (sumber : tembang Gela)</i>				√									√		√		Nggambaraken raosing tokoh ing tembang punika ingkang sampun tresna ananging tresnanipun dipundamel cidra dhateng pepujaning ati.
17.	<i>Tega tegane atimu Gawe gela lan gawe kuciwa (sumber : tembang Gela)</i>		√								√		√				√	Nggambaraken raos bilih tiyang ingkang dados pepujaning ati gadhah raos tega saengga ndamel gela saha kuciwaning tokoh ing tembang punika.
18.	<i>Jebul ra sumbut, ra sumbut, jaman anyaran (sumber : tembang Othok Kouwok)</i>	√								√		√						Nyariosaken satunggal perangan utawi babagan ingkang dados rebutan ananging boten trep kalihan menapa ingkang dipunkajengaken ing jaman punika.

Tabel 4 Salajengipun. Jinis, Fungsi, saha Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

No.	Indikator	Jinising basa kias								Fungsi basa kias								Makna basa kias
		1	2	3	4	5	6	7	8	a	b	c	d	e	f	g	h	
19.	<i>Rana salah rene luput, ra dadi karepe</i> (sumber: tembang Othok Kouwok)							√								√	√	Ngandharaken raosing tokoh ingkang boten wonten peneripun. Andharan punika saking tembung <i>rana salah saha rene luput</i> , ingkang dadosaken tokoh sarwa salah anggenipun tumindak.
20.	<i>Mlaku ngetan mlaku ngetan kok bali ngulon</i> (sumber: tembang Othok Kouwok)	√								√							√	Ngandharaken raosing penganggit ingkang nembe bingung amargi mitra tuturipun <i>plenca-plence</i> . Andharan punika trep kaliyan tembung <i>mlaku ngetan kok bali ngulon</i> .
21.	<i>Akeh sing kondhang, akeh sing misuwur</i> (sumber: tembang Thiwul Gunung Kidul)							√		√		√						Ing kitha Gunung Kidul kathah kesenian ingkang sampun kondhang. Tembung <i>kondhang</i> punika gadhah teges ingkang sami kaliyan tembung <i>misuwur</i> , inggih punika <i>terkenal</i> .
22.	<i>Sayuk rukun rame-rame</i> (sumber: tembang Kanca Tani)							√								√	√	Ngandharaken raos rukun kalihan sarujuk utawi <i>selaras</i> pamanggihipun. Tembung <i>sayuk</i> ateges <i>bebarengan</i> , tembung punika gadhah teges sami kaliyan tembung <i>rame-rame</i> .

Tabel 4 Salajengipun Jinis, Fungsi, saha Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

No.	Indikator	Jinising basa kias								Fungsi basa kias								Makna basa kias
		1	2	3	4	5	6	7	8	a	b	c	d	e	f	g	h	
23.	Sayuk saeka kapti (sumber : tembang Gunung Kidul Handayani)							√								√	√	Ngandharaken raos rukun kalihan sarujuk utawi selaras pamanggihipun. Tembung saeka saha kapti gadhah teges ingkang sami inggih punika sarujuk.
24.	Pembangunan warata kang migunani Bisa gawe kepranan kang amirsani (sumber : tembang Gunung Kidul Handayani)		√										√					Ngandharaken babagan pembangunan ingkang wonten ing kitha Gunung Kidul, ingkang katingal asri. Kahanan ingkang mekaten punika saged dadosaken kepranan tiyang ingkang nyawang kitha Gunung Kidul.
25.	Mangan timun aja dicampur sabun (sumber : Simpang Lima)						√			√					√			Ngandharaken kecapipun parikan, ingkang gadhah makna bilih nalika nedha timun punika boten kening menawi dipuncampur kalihan sabun
26.	Diukir-ukir kayune Jepara, ayo ra (sumber : tembang Simpang Lima)					√								√			√	Ngandharaken babagan salah satunggaling tetengeranipun kitha Jepara, inggih punika misuwur babagan kerajinan ukir kayu. Cakepan punika minangka parikan ing salebeting tembang.

Tabel 4 Salajengipun. Jinis, Fungsi, saha Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

No.	Indikator	Jinising basa kias								Fungsi basa kias								Makna basa kias
		1	2	3	4	5	6	7	8	a	b	c	d	e	f	g	h	
27.	<i>Aja samar saben dina, wis mesti ngliwet</i> (sumber : tembang Sluman Slumun Slamet)						√								√			Ngandharaken menawi manungsa saged ubet saha pinter pados rizki, tamtu kemawon boten gadhah raos kuwatir kangge njangkepi kabetahanipun.
28.	<i>Suwe ora ketemu, cah ayu</i> (sumber: tembang Esemmu)					√				√						√		Ngandharaken raos kangen tokoh ing tembang kaliyan cah ayu. Cah ayu ing tembang inggih punika pepujaning ati. Cah ayu punika saking tembung bocah sing ayu. Tanpa dipunjlentrehaken tiyang sampun mangertos bilih ingkang dipunmaksud dening penganggit inggih punika tiyang estri ingkang sae parasipun.
29.	<i>Apa maneh yen nyawang eseme Bebasan segara madu</i> (sumber: tembang Esemmu)			√						√					√			Ngandharaken bilih esemipun tiyang ingkang dipunremeni dening tokoh ing tembang punika manis. Manisipun esem punika dipungambaraken kados dene segara madu. Segara madu tamtu kemawon gadhah raos manis.

Tabel 4 Salajengipun Jinis, Fungsi, saha Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

No.	Indikator	Jinising basa kias								Fungsi basa kias								Makna basa kias
		1	2	3	4	5	6	7	8	a	b	c	d	e	f	g	h	
30.	<i>Iba bungahing ati, cah manis</i> (sumber: tembang Esemmu)					√										√	√	bocah sing manis. Limrahipun dipunginakaken tumrap tiyang estri Ngandharaken bilih cah manis ing tembang punika damel raos bungahing tokoh. Cah manis saking tembung ingkang dipunremeni.
31.	<i>Kalah manis... sing manis pancen esemmu</i> (sumber: tembang Esemmu)								√						√		√	Ngandharaken bilih esemipun tiyang ingkang dipunremeni manis. Limrahipun raos manis namung saged dipunraosaken dening ilat. Ananging wonten tembang punika dipunginakaken kangge ngandharaken manising esem tiyang ingkang dipunremeni.
32.	<i>Getunku setaun</i> (sumber : tembang Getun)						√								√	√		Nggambaraken raosing tokoh ingkang nembe getun. Kalebet <i>hiperbola</i> amargi ing kasunyaton boten badhe kalampahan bili ing wekdal setaun tiyang punika namung ngraosaken getun.

Tabel 4 Salajengipun. Jinis, Fungsi, saha Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

No.	Indikator	Jinising basa kias								Fungsi basa kias								Makna basa kias
		1	2	3	4	5	6	7	8	a	b	c	D	e	f	g	h	
33.	<i>Minta ampun ketiban amben</i> (sumber : tembang Getun)						√			√				√		√		nggambaraken raosing tokoh ing tembang, inggih punika tokoh kasebut nyuwun pangapunten ananging boten dipuntampi kalihan mitra tuturipun.
34.	<i>Iwak grameh pangan welut</i> (sumber : tembang Getun)						√			√					√			Ngandharaken bilih welut ingkang sejatosipun pakanipun cacing, wonten mriki dipundamel bilih welut punika mangan iwak grameh. Tamtu kemawon cakepan kasebut kalebet majas hiperbola amargi ingkang saged nedha iwak gurameh nun inggih manungsa.
35.	<i>Gumunku setahun yen lagi bingung</i> (sumber : tembang Getun)						√			√								Ngandharaken raosing tokoh ingkang nembe bingung. Tembang kasebut kalebet <i>hiperbola</i> , amargi boten badhe kelampahan tiyang ingkang bingung salajengipun ngraosaken gumun dumugi setaun.

Tabel 4 Salajengipun. Jinis, Fungsi, saha Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

No.	Indikator	Jinising basa kias								Fungsi basa kias								Makna basa kias
		1	2	3	4	5	6	7	8	a	b	c	d	e	f	g	h	
36.	<i>Pripun kepriben</i> (sumber : tembang <i>Getun</i>)							√		√							√	Ngandharaken bilih tokoh kasebut nembe ngraosaken bingung. Andharan punika dipuntandhesaken kanthi tembung <i>pripun kepriben</i> ingkang sejatosipun gadhah teges sami inggih punika <i>bagaimana</i> .
37.	<i>Jroning ati kangenku setengah mati</i> (sumber : tembang <i>Kangen</i>)						√			√					√		√	Ngandharaken bilih tokoh ingtembang punika nandhang kangen ingkang temen. Andharan punika trep kaliyan tembung <i>setengah mati</i> ingkang wonten ing cakepan tembang kasebut. Kangen ingkang dipunraosaken dening penganggit punika ingkang temen dumugi wonten ing manah. Saengga andharan punika saged nambah tandhesing cakepan tembang kanthi ngginakaken tembung <i>jroning ati</i> .

Tabel 4 Salajengipun. Jinis, Fungsi, saha Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

No.	Indikator	Jinising basa kias								Fungsi basa kias								Makna basa kias
		1	2	3	4	5	6	7	8	a	b	c	d	e	f	g	h	
48.	Wong bagus kowe tak tunggu (sumber : tembang Kangen)					√				√					√			Ngandharaken bilih tokoh ing tembang saweg ngentosi wong bagus. Wong bagus ing tembang inggih punika pepujaning ati. Wong bagus punika saking tembung wong sing bagus. Tanpa dipunjlentrehaken tiyang sampun mangertos bilih ingkang dipunmaksud dening penganggit inggih punika tiyang kakung ingkang sae parasipun.
39.	Kaya-kaya ngelingake Kanca kabeh aja pada turu sore (sumber : tembang Gethuk)			√													√	Ngandharaken bilih nalika padhang rembulan masarakat dipunemutaken supados medhal saking griya, sareng-sareng gegojegan utawi dedolanan. Kahanan padhang bulan punika kados sarana kangge ngajak masarakat supados kempal ing jawi. Ngawe-awe punika salah satunggaling wiraga ingkang nedhahaken tandha kangge nyeluk utawi ngelingake.

Tabel 4 Salajengipun. Jinis, Fungsi, saha Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

No.	Indikator	Jinising basa kias								Fungsi basa kias								Makna basa kias
		1	2	3	4	5	6	7	8	a	b	c	d	e	f	g	h	
40.	<i>Kae kae rembulane Yen disawang kok ngawe-awe Kaya-kaya ngelingake kanca kabeh aja padha turu sore (sumber : tembang Gethuk)</i>		√							√			√					Ngandharaken bilih nalika padhang rembulan masarakat dipunemutaken supados medhal saking griya, sareng-sareng gegojegan utawi dedolanan. Rembulan dipunpersonifikasi kanthi tindak tandukipun manungsa inggih punika saged ngawe-awe saha ngelingake manungsa supados boten tilem sore.
41.	<i>Dingaren tindak wae ora numpak taksi (sumber : tembang Randha Kempling)</i>					√				√				√				Ngandharaken salah satunggal jinising piranti transportasi umum ingkang asring dipunginakaken masarakat.
42.	<i>Kleresan mas alias kebetulan (sumber : tembang Randha Kempling)</i>							√		√							√	Nandhesaken tembung kaleresan kanthi tembung alias. Alias punika salah satunggal tandha bilih tembung ingkang dipunginakakeen gadhah teges ingkang sami utawi taksih wonten gegayutanipun.

Tabel 4 Salajengipun. Jinis, Fungsi, saha Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

No.	Indikator	Jinising basa kias								Fungsi basa kias								Makna basa kias
		1	2	3	4	5	6	7	8	a	b	c	d	e	f	g	h	
43.	<i>Plonga-plongo anggepmu kaya wong bodho (sumber : tembang Nginang karo Ngilo)</i>			√													√	Ngandharaken bilih tokoh ing cakepan tembang kasebut boten remen menawi tiyang ingkang dipuntresnani sampun blenjani janji utawi sampun sulaya.
44.	<i>Dene leh dandan mengkuk (sumber: tembang Methuk)</i>	√								√					√			Ngandharaken bilih tokoh ing tembang punika sampun dandan ayu, ananging tiyang ingkang dipunanti boten dhateng. <i>Dandan mengkuk</i> punika kalebet metafora ingkang gadhah teges dandan kanthi temen saengga boten nguciwani
45.	<i>Omongane nggedupuk (sumber: tembang Methuk)</i>	√								√							√	Ngandharaken bilih mitra tutur ing tembang punika nalikanipun. ngendika, pacelatonanipun katingal temen utawi meyakinkan, saengga tokoh ing tembang gadhah raos percaya dening mitra tuturipun. Ananging sedaya pacelaton kala wau namung lamis kemawon.

Tabel 4 Salajengipun. Jinis, Fungsi, saha Makna Basa Kias ing Cakepan Tembang Campursari Anggitanipun Manthous

No.	Indikator	Jinising basa kias								Fungsi basa kias								Makna basa kias
		1	2	3	4	5	6	7	8	a	b	c	d	e	f	g	h	
46.	<i>Alasane sak thekruk</i> (sumber: tembang Methuk)						√			√					√			Ngandharaken bilih mitra tutur ing tembang punika remen sanget damel alesan, saengga dipungambaraken dening tokoh alesanipun sak thekruk. Tembung sak thekruk dipunginakaken kangge nyagetaken anggenipun mitra tutur punika nembe alesan.
47.	<i>Apa lali apa ora kelingan</i> (sumber: tembang Methuk)							√			√	√					√	Nyindhiri mitra tutur ing tembang kanthi ngginakaken tembung ingkang gadhah teges sami. Tembung <i>ora kelingan</i> punika tegesipun lali. Saengga bilih salah satunggaling tembung dipunbucal boten ngowahi tegesing tembang.
48.	<i>Kono mung kendhangan dhengkul</i> (sumber: tembang Pripun)	√								√					√			Ngandharaken bilih mitra tuturing tembang punika namung mendel kemawon. Tembung kendhangan dengkul saged dipunwastani boten tumindak menapa-menapa nalika ngadhepi satunggaling perkawis.
49.	<i>Ulate njegadhul, pikire modhal madhul</i> (sumber: tembang Pripun)						√			√					√		√	Ngandharaken bilih pikiran utawi pangalihipun tokoh sampun ruwet. Andharan punika dipunhiperbola kanthi tembung <i>modhal madhul</i> . Tegesipun modhal-madhul inggih punika satunggaling kahanan ingkang ruwet uawi amburadul.

Katrangan :

1. Jinis basa kias metafora
 2. Jinis basa kias personifikasi
 3. Jinis basa kias simile
 4. Jinis basa kias sinekdoke
 5. Jinis basa kias metonimia
 6. Jinis basa kias hiperbola
 7. Jinis basa kias pleonasmé
 8. Jinis basa kias sinestesia
- a. Fungsi kangge ndamel endahing swanten
 - b. Fungsi kangge nyindhir
 - c. Fungsi kangge njlentrehaken
 - d. Fungsi kangge nambah swasana gesang
 - e. Fungsi kangge ndamel cekak tuturan
 - f. Fungsi kangge nuwuhaken kesan
 - g. Fungsi kangge nggambaraken raosing penganggit
 - h. Fungsi kangge ndamel tandhesing ukara